

Kode Mapel : 748GD000



MODUL GURU PEMBELAJAR BAHASA SUNDA SD KELOMPOK KOMPETENSI B

PEDAGOGIK:
Tiori Diajar jeung Larapna Dina Pangajaran Basa Sunda

PROFESIONAL:
Fungsi Basa Sunda, Sisindiran, jeung Pupujian

Penulis

Dr. Hj. Nunuy Nurjanah, M.Pd.;nunuynurjanah81@yahoo.co.id.

Penelaah

Prof. Dr. H. Iskandarwassid

Ilustrator

Yayan Yanuar Rahman, S.Pd., M.Ed.;yanuar_r@yahoo.co.id:

Cetakan Pertama, 2016

Copyright© 2016 Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan Bidang Taman Kanak-kanak & Pendidikan Luar Biasa, Direktorat Jenderal Guru dan Tenaga Kependidikan

Hak cipta dilindungi Undang-undang
Dilarang mengcopy sebagian atau keseluruhan isi buku ini untuk kepentingan komersial tanpa izin tertulis dari Kementerian Pendidikan Kebudayaan.



PPPPTK TK DAN PLB BANDUNG

© 2016

KATA SAMBUTAN

Peran Guru Profesional dalam proses pembelajaran sangat penting sebagai kunci keberhasilan belajar siswa. Guru profesional adalah guru yang kompeten membangun proses pembelajaran yang baik sehingga dapat menghasilkan pendidikan yang berkualitas. Hal tersebut menjadikan guru sebagai komponen yang menjadi fokus perhatian pemerintah pusat maupun pemerintah daerah dalam peningkatan mutu pendidikan terutama menyangkut kompetensi guru.

Pengembangan profesionalitas guru melalui program Guru Pembelajar merupakan upaya peningkatan kompetensi untuk semua guru. Sejalan dengan hal tersebut, pemetaan kompetensi guru telah dilakukan melalui uji kompetensi guru (UKG) untuk kompetensi pedagogik dan profesional pada akhir tahun 2015. Hasil UKG menunjukkan peta kekuatan dan kelemahan kompetensi guru dalam penguasaan pengetahuan. Peta kompetensi guru tersebut dikelompokkan menjadi 10 (sepuluh) kelompok kompetensi. Tindak lanjut pelaksanaan UKG diwujudkan dalam bentuk pelatihan guru paska UKG melalui program Guru Pembelajar. Tujuannya untuk meningkatkan kompetensi guru sebagai agen perubahan dan sumber belajar utama bagi peserta didik. Program Guru Pembelajar dilaksanakan melalui pola tatap muka, daring (online), dan campuran (blended) tatap muka dengan online.

Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan (PPPPTK), Lembaga Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan Kelautan Perikanan Teknologi Informasi dan Komunikasi (LP3TK KPTK), dan Lembaga Pengembangan dan Pemberdayaan Kepala Sekolah (LP2KS) merupakan Unit Pelaksana Teknis di lingkungan Direktorat Jenderal Guru dan Tenaga Kependidikan yang bertanggung jawab dalam mengembangkan perangkat dan melaksanakan peningkatan kompetensi guru sesuai bidangnya. Adapun perangkat pembelajaran yang dikembangkan tersebut adalah modul untuk program Guru Pembelajar tatap muka dan Guru Pembelajar daring untuk semua mata pelajaran dan kelompok kompetensi. Dengan modul ini diharapkan program Guru Pembelajar memberikan sumbangan yang sangat besar dalam peningkatan kualitas kompetensi guru.

Mari kita sukseskan program Guru Pembelajar ini untuk mewujudkan Guru Mulia Karena Karya.

Jakarta, Februari 2016

Direktur Jenderal

Guru dan Tenaga Kependidikan





PPPPTK TK DAN PLB BANDUNG

© 2016

KATA PENGANTAR

Kebijakan Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan dalam meningkatkan kompetensi guru secara berkelanjutan, diawali dengan pelaksanaan Uji Kompetensi Guru dan ditindaklanjuti dengan Program Guru Pembelajar jenjang SD, SMP, SLB, SMA, dan SMK. Untuk memenuhi kebutuhan bahan ajar kegiatan tersebut, Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan Taman Kanak-Kanak dan Pendidikan Luar Biasa (PPPPTK TK dan PLB), telah mengembangkan Modul Guru Pembelajar Bahasa Sunda jenjang SD, SMP, SLB, SMA, dan SMK. Kurikulum Guru Pembelajar Bahasa Sunda ini dirancang berdasarkan Peraturan Menteri Pendidikan Nasional Nomor 16 Tahun 2007 tentang Standar Kualifikasi Akademik dan Kompetensi Guru, Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomor 69 Tahun 2013 tentang Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Satuan Pendidikan Dasar dan Menengah, serta Permendikbud No. 79 Tahun 2014 tentang Muatan Lokal Kurikulum 2013.

Kedalaman materi dan pemetaan kompetensi dalam modul ini disusun menjadi sepuluh kelompok kompetensi. Setiap modul meliputi pengembangan materi kompetensi pedagogik dan profesional bagi guru Bahasa Sunda. Subtansi modul ini diharapkan dapat memberikan referensi, motivasi, dan inspirasi bagi peserta dalam mengeksplorasi dan mendalami kompetensi pedagogik dan profesional guru Bahasa Sunda.

Kami berharap modul yang disusun ini dapat menjadi bahan rujukan utama dalam pelaksanaan Guru Pembelajar Bahasa Sunda. Untuk pengayaan materi, peserta disarankan untuk menggunakan referensi lain yang relevan. Kami mengucapkan terimakasih kepada semua pihak yang telah berperan aktif dalam penyusunan modul ini.





PPPPTK TK DAN PLB BANDUNG

© 2016

DAPTAR EUSI

KATA SAMBUTAN	iii
KATA PENGANTAR	v
DAPTAR EUSI.....	vii
DAFTAR GAMBAR.....	x
BUBUKA.....	1
A. Kasang Tukang	1
B. Tujuan	2
C. Peta Kompeténsi	3
D. Ambahan Matéri	4
E. Cara NgagunakeunModul	5
KOMPETENSI PEDAGOGIK: TIORI DIAJAR JEUNG LARAPNA DINA	
PANGAJARAN BASA SUNDA.....	7
KAGIATAN DIAJAR1	9
TIORI JEUNG PRINSIP-PRINSIP DIAJAR NURUTKEUN BÉHAVIORISME	9
A. Tujuan	9
B. Indikator KahontalnaKompeténsi.....	9
C. Pedaran Matéri.....	9
D. Kagiatan Diajar	17
E. Latihan/ Kasus /Pancén.....	17
F. Tingkesan.....	18
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	18
KAGIATAN DIAJAR 2	19
TIORI JEUNG PRINSIP-PRINSIP DIAJAR NURUTKEUN NATIVISME	19
A. Tujuan	19
B. Indikator KahontalnaKompeténsi.....	19
C. Pedaran Matéri.....	19
D. Kagiatan Diajar	24
E. Latihan/ Kasus /Pancén.....	24
F. Tingkesan.....	24
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	25
KAGIATAN DIAJAR 3 TIORI JEUNG PRINSIP-PRINSIP DIAJAR	
NURUTKEUN KOGNITIVISME	27
A. Tujuan	27

B. Indikator KahontalnaKompeténsi.....	27
C. Pedaran Matéri.....	27
D. Kagiatan Diajar	33
E. Latihan/ Kasus /Pancén.....	33
F. Tingkesan.....	33
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	34
KAGIATAN DIAJAR 4 TIORI JEUNG PRINSIP-PRINSIP DIAJAR	
NURUTKEUN KONSTRUKTIVISME	35
A. Tujuan	35
B. Indikator KahontalnaKompeténsi.....	35
C. Pedaran Matéri.....	35
D. Kagiatan Diajar	43
E. Latihan/ Kasus /Pancén.....	43
F. Tingkesan.....	43
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	44
KOMPETENSI PROFESIONAL FUNGSI BASA,SISINDIRAN JEUNG	
PUPUJIAN	45
KAGIATAN DIAJAR 5	47
KALUNGGUHAN BASA SUNDA	47
A. Tujuan	47
B. Indikator KahontalnaKompeténsi.....	47
C. Pedaran Matéri.....	47
D. Kagiatan Diajar	62
E. Latihan/Kasus/Pancén	62
F. Tingkesan.....	63
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	64
KAGIATAN DIAJAR 6	65
FUNGSI BASA SUNDA SALAKU BASA DAÉRAH	65
A. Tujuan	65
B. Indikator KahontalnaKompeténsi.....	65
C. Pedaran Matéri.....	65
D. KagiatanDiajar	73
E. Latihan/ Kasus /Pancén.....	73

F. Tingkesan.....	73
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	74
KAGIATAN DIAJAR 7	75
CIRI BASA SUNDA LULUGU.....	75
A. Tujuan	75
B. Indikator KahontalnaKompeténsi.....	75
C. Pedaran Matéri.....	75
D. Kagiatan Diajar.....	79
E. Latihan/ Kasus /Pancén.....	79
F. Tingkesan.....	79
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	80
KAGIATAN DIAJAR 8	81
CIRI BASA SUNDA WEWENGKON	81
A. Tujuan	81
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	81
C. Pedaran Matéri.....	81
D. Kagiatan Diajar	90
E. Latihan/ Kasus /Pancén.....	90
F. Tingkesan.....	90
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	91
KAGIATAN DIAJAR 9	93
STRUKTUR PUASI SISINDIRAN	93
A. Tujuan.....	93
B. Indikator Kahontalna Kompetensi	93
C. Pedaran Matéri.....	93
D. Aktivitas Diajar	105
E. Latihan/Pancén	105
F. Tingkesan.....	105
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	106
KAGIATAN DIAJAR10	107
WANGUN JEUNG EUSI PUPUJIAN BASA SUNDA	107
A. Tujuan.....	107
B. Indikator Kahontalna Kompetensi	107

C.	Pedaran Materi.....	107
D.	Kagiatan Diajar.....	110
E.	Latihan/Pancén	110
G.	Uji Balik jeung Lajuning Laku.....	112
	KAGIATAN DIAJAR 11	113
	KAPARIGELAN NGAGUNAKEUN BASA:MACA JEUNG NGAAPRÉSIASI	
	PUPUJIAN	113
A.	Tujuan.....	113
B.	Indikator Kahontalna Kompeténsi	113
C.	Pedaran Materi.....	113
D.	KagiatanDiajar	121
E.	Latihan/ Kasus /Pancén	121
F.	Tingkesan.....	123
G.	Uji Balik jeung Lajuning Laku	123
	KONCI JAWABAN LATIHAN/KASUS/TUGAS.....	125
	ÉVALUASI.....	139
	PANUTUP	151
	DAPTAR PUSTAKA.....	153
	GLOSARIUM	155
	LAMPIRAN	157

DAFTAR GAMBAR

Gambar 9. 1 Wangun jeung Unsur Instrinsik Sisindiran	96
Gambar 9. 2 Jeruk.....	96
Gambar 9. 3 Ali	97
Gambar 9. 4 Kararas Daun Cau	97
Gambar 9. 5 Kapal Laut	97
Gambar 9. 6 Papanting	97
Gambar 9. 7 Kadaharan Kolontong.....	98
Gambar 9. 8 Alun-alun Bandung.....	98
Gambar 9. 9 Curuluk	98
Gambar 9. 10 Oray	98
Gambar 9. 11 Sangu (Kejo).....	98
Gambar 9. 12 Simeut	99
Gambar 9. 13 Eusi Rarakitan.....	101



BUBUKA

A. Kasang Tukang

Program Guru Pembelajar Bahasa Sunda mangrupa salah sahiji stratégi dina ngabina guru jeung tenaga kependidikan sangkan guru jeung tenaga kependidikan mampuh miara, ningkatkeun, jeung mekarkeun kompeténsina luyu jeung standar nu geus ditangtukeun. Ieu program wajib dilaksanakeun luyu jeung kaperluan sarta kudu dilaksanakeun mayeng.

Téhnis mekarkeun Guru Pembelajar bisa dilaksanakeun, boh sacara mandiri boh sacara kelompok. Pikeun ningkatkeunprofési sacara mandiri, diperlukeun ayana modul. Ku kituna, penyelenggara diklat Guru Pembelajar nyusun modul anu dirancang pikeun dideres sacara mandiri tur disusun dumasar kana tingkatan hasil Uji Kamampuh Guru (UKG). Ari pengembangan diri sacara kelompok bisa dilaksanakeun ku cara kagiatan Kelompok Kerja Guru (KKG) atawa Musyawarah Guru Mata Pelajaran (MGMP).

Modul Program Guru Pembelajar Basa Sunda *Kelompok Kompetensi B* mangrupa salah sahiji modul anu diancokeun pikeun guru basa Sunda anu hasil UKG-na 11-20. Eusina ngawengku sabelas kagiatan diajar: (1) tiori jeung prinsip-prinsip diajar nurutkeun békaviorisme; (2) tiori jeung prinsip-prinsip diajar nurutkeun nativisme; (3) tiori jeung prinsip-prinsip diajar nurutkeun kognitivisme; (4) tiori jeung prinsip-prinsip diajar nurutkeun konstruktivisme; (5) kalungguhan basa Sunda; (6) fungsi basa Sunda salaku basa daerah; (7) ciri basa Sunda lulugu; (8) ciri basa Sunda wewengkon; (9) wangun jeung unsur intrinsik sisindiran; (10) wangun jeung unsur pupujian; jeung (11) kaparigelan ngagunakeun basa: maca jeung ngapresiasi pupujian.


B. Tujuan

Sacara umum tujuan anu dipiharep tina pedaran ieu modul nyaéta sangkan Sadérékmaham kana kurikulum jeung tiori katut prinsip-prinsip diajarna; paham kana matéri, struktur, konsép, jeung pola pikir paélmuan dina pangajaran basa Sunda; jeung mampuh ngaprésiasi karya sastra Sunda sacara reséptif jeung produktif.

Sacara leuwih spésifik, tujuan anu dipiharep tina pedaran ieu modul nyaéta supaya Sadérék bisa:

1. ngajéntrékeun tiori diajar nurutkeun béstiorisme,
2. ngajéntrékeun prinsip-prinsip diajar nurutkeun béstiorisme,
3. ngajéntrékeun tiori diajar nurutkeun nativisme,
4. ngajéntrékeun prinsip-prinsip diajar nurutkeun nativismé,
5. ngajéntrékeun tiori diajar nurutkeun kognitivisme,
6. ngajéntrékeun prinsip-prinsip diajar nurutkeun kognitivisme,
7. ngajéntrékeun tiori diajar nurutkeun konstruktivisme,
8. ngajéntrékeun prinsip-prinsip diajar nurutkeun konstruktivisme,
9. nangtukeun kalungguhan basa Sunda,
10. ngaidéntifikasi fungsi basa Sunda salaku basa daerah,
11. nangtukeun ciri-ciri basa Sunda lulugu,
12. nangtukeun ciri basa Sunda wewengkon,
13. ngaidéntifikasi wangun sisindiran,
14. ngaidéntifikasi wangun pupujian, jeung
15. maca jeung ngapresiasi pupujian.

C. Peta Kompeténsi



D. Ambahan Matéri

1. Tiori jeung Prinsip-prinsip Diajar nurutkeun Béhaviorisme
 - a. Tiori Diajar nurutkeun Béhaviorisme
 - b. Prinsip-prinsip Diajar nurutkeun Béhaviorisme
2. Tiori jeung Prinsip-prinsip Diajar nurutkeun Nativisme
 - a. Tiori Diajar nurutkeun Nativisme
 - b. Prinsip-prinsip Diajar nurutkeun Nativisme
3. Tiori jeung Prinsip-prinsip Diajar nurutkeun Kognitivisme
 - a. Tiori Diajar nurutkeun Kognitivisme
 - b. Prinsip-prinsip Diajar nurutkeun Kognitivisme
4. Tiori jeung Prinsip-prinsip Diajar nurutkeun Konstruktivisme
 - a. Tiori Diajar nurutkeun Konstruktivisme
 - b. Prinsip-prinsip Diajar nurutkeun Konstruktivisme
5. Kalungguhan Basa Sunda
 - a. Tiori jeung Konsép Kalungguhan Basa Sunda
 - b. Kalungguhan basa Sunda
6. Fungsi Basa Sunda salaku Basa Daerah
 - a. Tiori jeung Konsép Fungsi Basa Sunda
 - b. Fungsi Basa Sunda salaku Basa Daerah
7. Ciri Basa Sunda Lulugu
 - a. Tiori jeung Konsép Basa Sunda Lulugu
 - b. Ciri Basa Sunda Lulugu
 - c. Kandaga Kecap Basa Sunda Lulugu
8. Ciri Basa Sunda Wewengkon
 - a. Tiori jeung Konsép Basa Sunda Wewengkon
 - b. Ciri Basa Sunda Wewengkon
 - c. Kandaga Kecap Basa Sunda Basa Sunda Wewengkon
9. Wangun jeung Struktur Sisindiran
 - a. Wangun Sisindiran
 - b. Struktur Sisindiran

10. Wangun jeung Strukur Pupujian
 - a. Wangun Pupujian
 - b. Struktur Pupujian
11. Kaparigelan Ngagunakeun Basa: Maca jeung Ngapresiasi Pupujian
 - a. Maca Pupujian
 - b. Ngapresiasi Pupujian

E. Cara NgagunakeunModul

Sangkan tujuan anu geus ditangtukeun kahontal, dipiharep Sadérék ngalaksanakeun pituduh ngagunakeun ieu modul.

1. Baca tujuan kagiatan pangajaran.
2. Titénan Indikator KahontalnaKompeténsi (IKK).
3. Baca pedaran matéri .
4. Laksanakeun kagiatan diajarna.
5. Pigawe soal latihan/kasus/pancén.
6. Baca tingkesan.
7. Tengétan Uji Balik jeung Lajuning Laku.
8. Pariksa jawaban ku cara ngakurkeun jeung rambu-rambu jawaban anu aya dina konci jawaban.
9. Lamun peunteun latihan/kasus/pancénSadérék geus ngahontal 75% bener, kakara Sadérék nuluykeun kana kagiatan diajar saterusna. Lamun peunteun latihan/kasus/pancénSadérék kurang ti 75%, Sadérék kudu diajar deui nepi ka tujuan éta pangajaran ngahontal minimal 75%.



PPPTK TK DAN PLB BANDUNG

6

© 2016

KOMPETENSI PEDAGOGIK:

**TIORI DIAJAR JEUNG LARAPNA DINA
PANGAJARAN BASA SUNDA**



KAGIATAN DIAJAR1

TIORI JEUNG PRINSIP-PRINSIP DIAJAR NURUTKEUN BÉHAVIORISME

A. Tujuan

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar ISadérék dipiharep meunang kamampuh pikeun ngajéntrékeun ieu aspék-aspék di handap:

1. tiori diajar nurutkeun bέhaviorisme,
2. prinsip diajar nurutkeun bέhaviorisme,
3. pamadegan tokoh bέhaviorisme,
4. kaunggulan bέhaviorisme,
5. kahéngkéran bέhaviorisme, jeung
6. larapnabέhaviorisme dina pangajaran.

B. Indikator KahontalnaKompeténsi

Indikator kahontalna ieu kagiatan diajar:

1. nerangkeun tiori diajar nurutkeun bέhaviorisme;
2. ngajéntrékeun prinsip diajar nurutkeun bέhaviorisme;
3. nataan tokoh bέhaviorisme;
4. némbongkeun kaunggulan bέhaviorisme;
5. némbongkeun kahéngkéran bέhaviorisme; jeung
6. ngalarapkeun bέhaviorisme dina pangajaran.

C. Pedaran Matéri

Dina dunya atikan, tiori jeung prakték atikan dipangaruhan ku aliran filsafat pendidikan. Sawatara aliran filsafat pendidikan anu bisa dilarapkeun dina sistem pangajaran nyaéta tiori bέhaviorisme, tiori nativisme, tiori kognitivisme, jeung tiori konstruktivisme.

1. Tiori jeung Konsép

Tiori Bέhaviorisme mimiti dibahas ku Gagne jeung Berliner ngeunaan parobahan tingkah laku anu mangrupa hasil tina pangalaman. Saterusna, ieu tiori mekar jadi aliran psikologi diajar anu mangaruhan kamekaran tiori

pendidikan jeung pangajaran anu disebut aliran b  ehaviorisme. Ieu aliran museur kana kawangunna paripolah anu katingali tina hasil diajar. Tiori b  ehaviorisme anu katelah ku mod  l hubungan Stimulus-R  espon (S-R) nempatkeun siswa dina posisi pasif. Hiji r  espon (paripolah) bisa diwangunlantaran dikondisikeun ku cara nu geus ditangtukeun, ngan ngagunakan m  todedrill (dibiasakeun). Munculna paripolahbakalleuwih kuat lamun dib    reinforcement (rojongan), jeung bakal leungit lamun ditibanan hukuman. Hubungan S-R, individu pasif, paripolah anukatingali, ngawangun paripolahku carangatur kondisi sacara disiplin, *reinforcement* jeung hukuman mangrupa unsur-unsur penting dina tiori b  ehaviorisme.

Hiji jalma dianggap geus tuntas diajar hiji hal lamunman  hnabisa n  embongkeun parobahan paripolahna. Nurutkeunieu tiori anu penting dina diajar ayana *input* anu mangrupa stimulus jeung *output* anu mangrupa r  espon. Stimulus nya  tanaon wa   anu dibikeun ku guru ka siswa, sedengkeun r  espon mangrupa r  eaksi atawa tanggapan siswa kana stimulus anu dibikeun ku guru. Pros  s anulumangsung antara stimulus jeung r  espon henteu bisa ditit  nan jeung henteu bisa diukur. Ari anubisa ditit  nan mahstimulus jeung r  espon, kusabab éta naon anu dibikeun ku guru (stimulus) jeungnaon anu ditarima ku siswa (r  espon) kudu bisa ditit  nan jeung diukur. Ieu tiori ngutamakeun pengukuran, sabab pengukuran mangrupa hiji hal penting pikeun ningali aya henteuna parobahan tingkah laku.

Ieu pahamt   geuslila dianut ku para guru. Tiori b  ehaviorisme lobadikritik sababhenteu mampuhnerangkeun situasi diajar anukompl  ks. Lian ti éta, pandangan b  ehaviorisme kurang bisa nerangkeun ayana variasi tingkat émosisiswa, sanajan maran  hna miboga pangalaman penguatan anu sarua.

Prinsip-prinsip Tiori Béhaviorisme

- a. Paripolah nyata jeung bisadiukur miboga mana nu tangtu, lain mangrupa wujud tina jiwa atawaméntal anu abstrak
- b. Aspékméntal tina kasadaran anuhenteu mibogawangun fisik kudu disingkahan.
- c. Pandangan utamana ti Watson : *overt, observable behavior*, mangrupa hiji-hijina subyék anu sah tinaélmu psikologi anu bener.
- d. Dina kamekaranana, pamadegan Watson anuékstrim ieu dimekarkeun deui ku para béhaviorist ku cara ngajembaranambahan ulikanbéhaviorisme anu ahirna mah pandangan béhaviorisme jadi henteu ékstrem teuing saperti anu diébréhkeun ku Watson, nyaéta ku ngalibetkeunana faktor-faktor internal, sok sanajan fokus kanaovert béhavior masih angger aya.
- e. Aliran béhaviorisme geus nyumbangkeun métodena anu positivistik dina kamekaran élmu psikologi.
- f. Loba ahli anu ngabagi béhaviorisme kana dua periode: béhaviorisme awal jeung béhaviorisme ahir.

2. Tokoh-Tokoh Béhaviorisme

- a. **Edward Lee Thorndike (1874 - 1949)** Nurutkeun Thorndike aya tilu hukum diajar anu utama.

1) *The Law of Effect* (Hukum Akibat)

Hukum akibat nyaéta hubungan stimulus réspon anukamungkinan leuwih kuat lamun akibatna nyenangkeun jeung kamungkinan bakal héngkér lamun akibatna henteu matak nyugemakeun. Cindekna, ieu hukum téhnémbongkeun kana beuki kuat atawa beuki héngkérna konéksi tina hasil paripolah. Paripolah anu dibarengan akibat anu nyugemakeun bakal leuwih dipertahankeun jeung bakal dibalikkan deui dina waktu séjén. Sabalikna, paripolah anu akibatna henteu ngadatangkeun kasugemaan, éta paripolah téh bakal dieureunan jeung moal dibalikkan deui.

Konéksi antara kesan panca indera jeung paripolahna bisa jadi leuwih kuat atawa leuwih héngkér, gumantung kana “buah” hasil paripolah anu pernah dilakukeun. Upamana, lamun siswa migawé PR, bakal nyenangkeun

guruna. Tapi lamun teu migawé PR, manéhna bakal dihukum. Paripolah migawé PR bakal ngawangun sikapna.

2) *The Law of Exercise*(Hukum Latihan)

Hukum latihan nyaétabeukimindeng tingkah laku dilatih (digunakeun), mangka étaasosiasi bakal leuwih kuat. Di dieu, hukum latihan boga harti dua hal:

- *The Law of Use* : hubungan-hubungan atawakonéksi-konéksi bakal tambah kuat, lamunaya latihan anu sifatna leuwih nguanan éta hubungan.
- *The Law of Disuse* : hubungan-hubungan atawakonéksi-konéksibakal tambah héngkér, lamun latihan-latihan dieureunkeun.

3) *The Law of Readiness* (Hukum Kasayagaan)

Hukum kasayagaannaétabeuki sayagana hiji organisme pikeun meunangkeun parobahan tingkah laku, mangka lumangsungna parobahan éta tingkah laku bakal nimbulkeun kasugemaan individu nepi ka asosiasina jadi leuwih kuat. Prinsip utama tiori konéksionisme nyaétadiah mangrupa hiji kagiatan ngawangun asosiasi (*connection*) antara kesan panca indera jeung kahayang pikeun migawé hiji hal. Upamana, lamun siswa ngarasa resep atawa kataji ku kagiatan kupat-kaput, nya manéhna bakal migawé éta hal. Lamun kupat-kaputna dilaksanakeun, manéhna bakal ngarasa sugema diajar ngaput bakal ngahasilkeun hiji prestasi anu nyugemakeun.

b. John Watson (1878 - 1958)

Watson téh salah saurang békavioris murni, ulikanana ngeunaan diajar disajajarkeun jeung élmu-élmuséjén saperti Fisika atawa Biologi anu tangtu oriéntasina ngan kana pangalaman émpirik, nyaéta nepi ka mana bisa dititénanananjeung bisa diukurna.

Nurutkeun Watson, diajar mangrupa prosés interaksi antara stimulus jeung réspón, tapi étastimulus jeung résponna kudu bisa dititénan jeung diukur. Jadi, parobahan-parobahan méntal dina diri saurang siswa

salilaprosésdiajar ngajar, henteu kudu diperhatikeun sabab henteu bisa dititénan.

Pamadegan utama Watson:

- 1) Psikologi ngulik stimulus dan réspons (S-R Psikologi). Anu dimaksud ku stimulus nyaéta sakabéh obyék di lingkungan, kaasup parobahan jaringan dina awak. Réponnyaétanaon waé anu dilakukan anu mangrupa jawaban kana stimulus, mimiti tina tingkat sederhana kana tingkat luhur.
- 2) Henteu percaya kana unsur *herediter* (katurunan) anu jadi panangtu paripolah. Paripolah manusa mangrupa hasil diajar sahingga unsur lingkungan téhpenting pisan. Ku kituna, pandangan Watson sifatna deterministik, paripolah manusa ditangtukeun ku faktor éksternal.
- 3) Dina hal *mind-body*, pandangan Watson basajan pisan. Pamadegananana, *mind* mungkin waé aya, tapi lain mangrupa hasil diajar. Jadi, lain hartina Watson nolak *mind* secara total. Manéhna ngan nganggap *body* ngan jadi obyék studi ilmiah. Hal ieu pisan anu jadi ciri utama béstiorisme anu dicekel pageuh ku para tokohna. Matak ieu pamadegan ti awal kénéh loba nu ngaréaksi, sok sanajan kitu ahirna mah béstiorisme justru jadi populér.
- 4) Watson nolak konsép insting, mimiti tina karakteristikna anu mangrupa réfléks.
- 5) Sabalikna, konsépdiajar mangrupa hal anu vital nurutkeun pandangan Watson jeung tokoh béstiorisme séjénna.
- 6) Pamadeganan kana *memorypatukang* tonggong jeung pamikiran William James. Nurutkeun Watson, naon waé anu inget jeung poho ditangtukeun ku mindeng henteuna éta hal digunakeun/dilakukeun atawa gumantung éta hal naha dijadikeun kabiasan atawa henteu. Faktor anu nangtukeunana nyaéta kabutuh.
- 7) Prosésthinkingjeung speech raket pisan patalina. *Thinking* nyaéta *subvocal talking*. Hartina, prosésmikir didadasaran ku kaparigelan nyarita. Prosés mikir sarua jeung prosés nyarita anu henteu katingali, sanajan masih bisa katiténan tina gerakan biwir jeung gerakan awak séjénna.
- 8) Sumbangan utama Watson nyaéta pamadegananana anu kuat ngeunaan paripolah anu bisa dikontrol jeung aya hukum anu ngatura. Ku nolakna

kana *mind* jeung kasadaran, Watson mampu ngahudangkeun deui sumangat obyektivitas dina psikologi anu mukakeun jalan pikeun riset-riset empiris dina eksperimen anu bisa dikontrol.

c. **Clark L. Hull (1884 - 1952)**

Clark Hull ngagunakan variabel hubungan antara stimulus jeung respon pikeun ngajelaskeun harti diajar. Nurutkeun Clark Hull, sakumna fungsi tingkah laku boga mangfaat pikeun ngajaga organisme tetep hirup. Ku kituna, Hull ngébréhkeun yén kaperluan biologis (*drive*) jeung pemuaسان kaperluan biologis (*drive reduction*) téhpenting dina nempatkeun posisi séntral tina sakabéh kgiatan manusa, nepi ka stimulus dina diajar ogé ampir salilana dipatalikeun jeung kabutuh biologis, sanajan respon anubakal muncul mungkin béda-béda.

Prinsip-prinsip utama tiori Clark L. Hull :

- *Reinforcement* mangrupa faktor penting dina diajar.
- Prosés diajar bisa lumangsung, lamun geus aya kasimbangan biologis. Hal ieu nembongkeun pangaruh tiori Darwin anu mentingkeun *adaptasi biologis organism*.

d. **Edwin Guthrie**

Azas diajar Guthrie anu utama nyaétahukum *kontiguitianu* mangrupa gabungan stimulus-stimulus anu dibarengan ku gerakan. Guthrie ngagunakeun variabel hubungan stimulus jeung respon pikeun ngajelaskeun lumangsungna prosés diajar. Hubungan antara stimulus jeung respon sifatna sementara, sahingga dina kgiatan diajar siswa perlu mindeng dibéré stimulus supaya hubungan stimulus jeung respon sifatna leuwih kuat jeung relatif angger. Guthrie ogé percaya yén hukuman (*punishment*) ogé penting dina prosés diajar. Hukuman anu dibikeun dina waktu anu merenah bakal mampuh ngarobah tingkah laku siswa.

e. Burrhus Frederic Skinner (1904 - 1990)

Konsép-konsép Skinner ngeunaan diajar leuwih unggul konséptibatan konséppara tokoh saméméhna. Manéhna mampu ngajelaskeun konsépdiajar sacara basajan tapi leuwih kompréhénsif. Nurutkeun Skinner hubungan antara stimulus jeung réspónlumangsungku cara interaksi jeung lingkunganana, anu saterusna nimbulkeun parobahan tingkah laku. Réson anu ditarima ku saurang siswangayakeuninteraksi antarstimulus anu hal ieu téh bakal mangaruhkana réspon anu dihasilkeun. Réson anu dibikeun miboga konsékuénsi-konsékuénsi.Konsékuénsi-konsékuénsi ieu pisan anu engkéna mangaruh kana munculna paripolah.

Ku sabab kitu, dina nyangkem tingkah laku siswa ku cara anu bener kudu paham kana hubungan antarstimulus, sarta paham kana konsép anu mungkin dimunculkeun jeung sawatara konsékuénsi anu mungkin muncul akibat étaréson. Skinner nétlakeun yén ku ngagunakeun parobahan-parobahan méntaldina nerangkeun tingkah laku ngan nambah ruwedna masalah sabab perlu diterangkeun deui.

3. Kaunggulan jeung Kahéngkéran

a. Kaunggulan

- 1) Cocog pisan pikeun meunangkeun kamampuh anu ngabutuhkan prakték jeung *pembiasaan* anu miboga unsur-unsur saperti *kecepatan, spontanitas, kelenturan, réfléks*, jeung *daya tahan*.
- 2) Mampungaping siswa supaya henteu mikir liniér, konvérégén, kréatif, jeung produktif.
- 3) Ngabingbing siswa pikeunngudag targét, anu ahirna ngajadikeun siswabébasgalakukeun kréasijeung imajinasi.

b. Kahéngkéran

- 1) Pangajaran museurka guru (*teacher centered learning*), sifatna meanistik, jeung oriéntasina ngankana hasil anu bisa dititénanjeung diukur.
- 2) Siswa ngan ngaregepkeun pedaran guru jeung ngapalkeun naon-naon anu diregepkeun jeung dianggap hiji cara diajar anuéfektif.
- 3) Siswa (tori skinner) anu meunang hukuman, boh verbal boh fisik saperti kekecapan kasar atawapamoyokanu justru akibatna goréng pikeun siswa.

- 4) Henteubisa ngajelaskan situasi diajar kompléks, sabab lobavariabel atawa hal-hal anu raketpatalinajeung pendidikan/diajar anu lain ngan ukur hubungan stimulus dan réspon.
- 5) Henteu bisa ngajelaskan alesan-alesan anu nyalahkeun hubungan antara stimulus jeung réspon jeung henteu bisa ngajawab hal-hal anu nyababkan ayana kateusaluyuan antara stimulus anu dibikeun jeung résponna.

4. Aplikasi dina Pangajaran

saperti: tujuan pangajaran, sifat matéri pangajaran, karakteristik siswa, Aplikasi tiori béstiorisme dina pangajaran gumantung kana sababaraha hal média jeung fasilitas pangajaran anu nyampak. Pangajaran anu dirancang dumasar kana tiori béstiorisme nganggappangaweruh téhobyéktif, pasti, tetep, henteu robah. Pangaweruh geus miboga struktur nu rapih, sahingga diajar mangrupa prosés meunangkeun pangaweruh, ari ngajar nyaéta mindahkan pangaweruh (*transfer of knowledge*) ka siswa. Fungsi pikiran pikeun néplak struktur pangaweruh anu geus aya ngaliwatan prosés mikir anu bisa dianalisis jeung dipasing-pasing, nepi ka ma'na anu dihasilkeun tina prosés mikir ditangtukeun ku karakteristik struktur éta pangaweruh. Siswa dipiharep miboga pamahaman anu sarua kana pangaweruh anu diajarkeun. Hartina, naon waé anu dicangking ku guru kudu dicangking ku siswa.

Dina prosés diajar, siswa dianggap objék pasif anu salilana butuh motivasi jeung penguatan ti guru. Ku sabab kitu, para guru mekarkeun kurikulum anumiboga struktur ku cara ngagunakeun standar-standar nu tangtu dina prosés diajar anukudu dihontalku para siswa. Kitu deui dina prosés évaluasi diajar, siswa diukur ngan kana hal-hal nyata jeung bisa dititénan nepi ka hal-hal anu sifatna henteu bisa dititénan henteu kadongkang dina prosés évaluasi. Implikasi tina tiori béstiorisme kurang bisa méré kabébasan ka siswa pikeun ngalakukeun kréasi, atawa ékspérimentasi, jeung mekarkeun kamampuanana sorangan. Ku sabab sistem pangajaranana otomatis-mekanis dina ngahubungkeun stimulus jeung résponahirna jiga saperti gawé mesin atawa robot. Akibatna siswa kurang mekar luyu jeung poténsi dirina. Ku sabab tiori béstiorisme nganggap yén pangaweruh geus boga struktur anu rapih jeung boga aturan, mangka siswa disanghareupkeun kana aturan-aturan anu jelas jeung ditangtukeun leuwih ti heula. Ngabiasakeun jeung

disiplin jadi penting dina diajar, nepi ka pangajaran leuwih dipatalikeun kana disiplin. Kagagalan dina nambah élmu dikatégorikeun kasalahan anu perlu dihukum jeung kasuksésan diajar atawa dina ngahontal hiji kaparigelan dikatégorikeun jadi perilaku anu pantes dibéré hadiah. Taat kana aturan dianggap panangtu kasuksésan diajar. Siswa téhobjék anu kudu boga paripolah luyu jeung aturan, atuh kontrol diajar kudu dijalankeun ku sistem anu aya di luar diri siswa.

Tujuan pangajaran nurutkeun tiori béhaviorisme museur kana nambah pangaweruh. Pangajaran kudu nuturkeun urutan kurikulum, atuh kgiatan diajarna leuwih loba didasarkeun kana buku téks/buku wajib anu kudu museur kana kaparigelan nepikeun deui eusi éta buku téks/buku wajib. Lian ti éta, pangajaran jeung évaluasi leuwih nyoko kana hasil diajar. Évaluasinyokokana réspon pasif jeung kaparigelan anu misah-misah. Ieu tiori ini leuwih nyoko kana évaluasianu meunteun kamampuh siswa sacara individual.

D. Kgiatan Diajar

Kgiatan diajar anu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtusan kgiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna diajar.
2. Baca pedaran matéri ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kgiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran matéri ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung tingkesan matéri ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan/ Kasus /Pancén

Jawab sakur pananya/paréntah ieu di handap!

1. Terangkeun hakékat tiori diajar nurutkeun béhaviorisme!
2. Jéntrékeun prinsip diajar nurutkeun béhaviorisme!
3. Tataan tokoh béhaviorisme!
4. Tuduhkeun kaunggulan jeung kahéngkéran béhaviorisme!
5. Pék larapkeun béhaviorisme dina pangajaran!

F. Tingkesan

Diajar téh hiji prosés anu nuduhkan ayana hiji kagiatan atawa robahna hiji kagiatan akibat ayana réaksikana hiji kaayaan. Aliran békavioristik museur kana parobahan tingkah laku hiji jalma. Hiji jalma ngalakukeun hiji tindakan—hal ieu akibat tina interaksi antara stimulus jeung réspon. Tiori békaviorisme dimekarkeun ku Watson, Thorndike, jeung Skinner. Nurutkeun Thorndike, diajar mangrupa prosés interaksi antara stimulus jeung réspon, parobahan tingkah laku téh bisa konkrit (bisa dititénan) atawa bisa abstrak (henteu bisa dititénan). Asumsi tiiori Watson yén urang bisa ngaramalkeun paripolah anu bakal dipigawe ku siswa. Tiori Skinner, réspon siswa téh henteu basajan, sabab dina unggal stimulus pasti aya interaksi jeung nu séjénna.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana matéri ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa matéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap pangabisa 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun matéri kana Kagiatan Diajar II. Tapi, lamun tahap pangabisa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui ngaderes matéri dina Kagiatan Diajar I pangpangna matéri nu tacan kacangkem.

KAGIATAN DIAJAR 2

TIORI JEUNG PRINSIP-PRINSIP DIAJAR NURUTKEUN NATIVISME

A. Tujuan

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar II, Sadérék dipiharep mibanda kamampuh pikeun ngajéntrékeun

1. tiori diajar nurutkeun nativismé,
2. tokoh nativismé,
3. kaunggulan nativismé,
4. kahéngkéran nativismé, jeung
5. larapna nativismé dina pangajaran.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi dina ieu kagiatan diajar nyaéta

1. nerangkeun tiori diajar nurutkeun nativismé;
2. nataan tokoh nativismé;
3. némbongkeun kaunggulan nativismé;
4. némbongkeun kahéngkéran nativismé; jeung
5. ngalarapkeun nativismé dina pangajaran.

C. Pedaran Matéri

1. Tiori jeung Konsép

Aliran Nativisme mangrupa aliran anu leuwih merhatikeun kamampuh diri siswa. Faktor lingkungan dianggap kurang pangaruhna kana kamekaran siswa. Istilah Nativisme asalna tina kecap'natie, hartina 'lahir'. Nurutkeun aliran nativismé, lingkungan sabudeureunana euweuh hartina sabab lingkungan teu boga daya dina mangaruhan kamekaran siswa. Ieu aliran teu nganggapyén kamekaran individu ditangtukan ku faktor bawaan waktu lahir. Ku sabab kitu, hasil atikan ditangtukan ku bakat anu dibawa mangsa lahir. Ku kituna, nurutkeun ieu aliran, hasil diajar ditangtukan ku individuna sorangan. Atikan siswa anu henteu luyu jeung bakat anu dibawa moal aya gunana pikeun kamekaran siswana sorangan.

Tapi faktor bawaan lain hiji-hijina faktor anu nangtukeun kamekaran, masih loba faktor séjén anu mangaruhana. Pamadegan konvérgeensi bakal ngajéntrékeun dua faktor ieu: bawaan (*hereditas*) jeung lingkungan dina kamekaran siswa. Aya hiji poko pamadegan aliran nativisme anu mangaruh pisan diri individu nyaéta “inti” pribadi (G.Leibnitz;Monad) anu ngarojong manusa pikeun ngawujudkeun diri, nangntukeun pilihan jeung kahayangna sorangan, jeung nempatkeun manusa jadi makhluk aktif anu miboga kahayang anu bébas.

Pamadegan séjénna ngébréhkeun yén nativisme asalna tina kecap ‘nativus, anu hartina ‘*kelahiran*’. Ieu tiori muncul tina filsafat nativisme anu mangrupa filsafat idéalisme anu ngahasilkeun hiji anggapan yén kamekaran siswa ditangtukeun ku hereditas, bawaan ti mimiti lahir, jeung faktor alam anu kodrati. Ngaliwatan ieu tiori, Arthur Schopenhauer ngébréhkan yén anu bawaanana goréng bakal jadi goréng; anu bawaanana hadé jadi hadé tanpa pangaruh lingkungan nu aya.

Ieu tiori nganggap yénfaktor bawaan anu sifatna kodrati henteu bisa dirobah ku alam sakurilingna atawa ku atikan. Arthur Schaopenhaur ngébréhkeun anu jahat bakal jadi jahat; anu hadé bakal jadi hadé. Ieu tiori lawan tina tiori b héaviorisme,. Tiori nativisme mangrupa dasar pamikiran yénhasil henteuna atikan henteu ditangtukeun ku faktor atikan jeung lingkungan éta siswa. Hartina, lingkungan henteu boga kakuatan dina mangaruh kamekaran siswa.

Kamampuh saurang siswabisa dipangaruhkusababara faktor intern diantarana:

1. Faktor Génétik

Nyaétafaktor gén ti kolotna anungarojong ayana hiji bakat anu muncul ti diri manusa. Contona, lamun indung bapana biduan, mangka anakna ogéboga bakat jadi biduan anu perséntaseéta bakat nyanyi téh luhur mungguh ieu tiori mah

2. Faktor Kamampuh Siswa

Nyaéta faktor anu ngajadikan hiji siswa mikanyaho poténsi anu aya dina dirina. Faktor ieu leuwih nyata sabab siswa bisa mekarkeun poténsi anu aya

dina dirina. Contona, nalika aya kagiatan ékstrakulikulér pidato siswa kata pikeun miluan éta kagiatan guna mekarkeun bakat anu aya dina dirina.

3. Faktor Tumuwuhna Budak

Nyaéta faktor anu ngarojong siswa pikeun mikanyaho bakat jeung minatna dina unggal tumuwuh jeung mekarna sacara alami nepi ka tumuwuhna éta budak téh normal. Éta budak bakal boga sikep énérjik, aktif, jeung responsifkana kamampuhna. Sabalikna, lamun tumuwuhna éta budak henteu normal mangka éta budak téh moal bisa mikawanoh kana bakat jeung kamampuan.

Faktor-faktor étaanu mangaruhankakanakamekan sarta kadewasaan atikan budak. Ku ayana tilu faktor tadi bisa ngajadikeun saurang siswa masagi jeung miboga kadewasaan.

4. Tokoh-tokoh

Tokoh aliran Nativisme di antarana:(1) Schopenhaur (filsuf Jerman 1788-1860) jeung (2)Noam Chomsky dina awal tahun 1960.

5. Kaunggulan jeung Kahéngkéran

a. Kaunggulan

1) Mampu ngamunculkeun bakat dirina

Ieu tiori miharep manusa bisa ngaoptimalkan bakatna, sabab ku ieu tiori hiji jalma bisa mikawanoh kana bakat dirina anu bisa dimekarkeun ku manéhna. Ku ieu hal bakal ngagampangkeun manusa pikeun mekarkeun hiji bakat anu engkéna bakal nangtukeun kamajuan dina hirupna.

2) Ngarojong manusa ngawujudkan dirina anu boga kompeténsi

Jadi,ku ieu tiori dipiharep unggal manusa kudu leuwih kréatifjeung inovatif dina upaya mekarkeun bakat jeung minat sangkan jadi manusa anukompetén jeung kompetitif dina nyanghareupan tangtangan zaman kiwari anu terus leuwih ngabutuhkeun manusa unggul anu kompetén.

3) Ngarojong manusa dina nangtukeun pilihan

Ieu tiori miharep manusa bisa ngabogaan sikep leuwih bijaksana dina nangtukeun pilihanana, jeung lamun manusa geus nangtukeun pilihanana, mangka manéhna bakal komitmen jeung nyekel pageuh kana

pilihanana jeung bakal yakin yén hiji halanu dipilihna mangrupa anu panghadé na pikeun dirina.

4) Ngarojong manusa pikeun mekarkeun potensi dirina

Ieu tori nétélakeun yén anu ngajadikan manusa boga peran aktif dina mekarkeun potensi dirina nyaéta ciri khas atawa ciri khusus jati dirina.

5) Ngarojong manusa mikawanoh kana bakat minatna

Ku ayana ieu tiori, mangka manusa bakal gampang mikawanoh bakatna. Leuwih awal manusa mikawanoh bakatna, nyaéta manusa bakal leuwih ngamaksimalkeunbakatna supaya mekar leuwih optimal.

b) Kahéngkéran

Ieu tiori nganggap saolah-olah sifat-sifat manusia henteu bisa dirobah sabab geus ditangtukeun ku sifat-sifat bawaan. Lamun bawaanana hadé, mangka bakal jadi hadé; lamun bawanana jahat, mangka bakal jadi jahat. Jadi, sifat manusa mah permanén henteu bisa dirobah. Ieu tiori nganggap atikan jadi hiji hal anu pesimistik.

4. Larapna dina Pangajaran

Tiori nativisme kurang méré kasempetan ka guru pikeun ngarobah kapribadian siswa. Dumasar kana éta hal, pangaruh atikan atawa sakola saeutik pisan pikeun jadi hiji tinimbangan dina ngarobah siswa. Tapi hal ieu justru patukang tonggong jeung kanyataan anu disanghareupan, sabab kanyataanana ti zaman baheula nepi ka kiwari manusa usaha ngadidik generasi ngora nya ku atikan. Jadi, konséps nativisme henteu bisa dicekel jeung henteu bisa dipertanggungjawabkeun.

Anu nganut aliran nativisme nganggap yén orok anu lahir geus jeung bawaanana, boh bawaan hadé boh goréng. Ku sabab kitu, hasil akhir atikan ditangtukeun ku bawaanana mangsa lahir. Dumasar kana éta pamadegan, mangka hasil atikan ditangtukeun ku siswana sorangan. Ditegaskeun yén “anu jahat bakal jadi jahat; jeung anu hadé bakal jadi hadé”. Atikan anu henteu saluyu jeung bakat katut bawaan siswa moal aya gunana pikeun kamekaran éta budak dina prosés diajarna.

Pikeun nativisme, lingkungan sabudeureunana moal aya hartina sabab lingkungan moal boga daya jeung kakuatan dina mangaruhun kamekaran siswa. Anu nganut ieu aliran ngébréhkeun yénlamun budak miboga bawaan jahat, manéhna bakal jahat; jeung lamun hiji budak miboga bawaan hadé , nya bakal jadi hadé. Ieu bakat jahat jeung hadé teu henteu bisa dirobah ku kakuatan ti luar.

Geus loba dipadungdengkeun ngeunaan hal-ikhwal atikan, boh nu aya patalina jeung hakekat kahirupan manusa boh anu aya patalina jeung kabudayaan anu mangrupa produk tina prosés atikan. Dina mangsa manusa ngalaman tahap kamekaran, boh secara fisik boh secara rohanina dina prosés atikan, muncul patalekan dasar ngeunaan faktor anu paling mangaruhun kana kamekaran hiji siswa, nahe faktor bakat jeung kamampuanana sorangan, atawa faktor anu datangna ti luar diri manusa, atawa duanana secara babarengan. Tina faktor bakat jeung kamampuan dirina sorangan nya muncul tiori anu disebut tiori nativisme. Nativisme asalna tina kecap “nativus” hartina ‘bawaan’.

Tiori nativisme disebutogé tiori naturalisme atawa tiori pesimisme. Tiori ieu nganggap yén manusa ngalaman tumuwuh mekarna lain ku sabab faktor atikan jeung intervéensi séjénna anu datangna tiluar manusa, anging ditangtukeun ku bakat jeung bawaanana. Tiori ieu nganggap yén upaya atikan téh euweuh gunana jeung moal aya hasilna. Malah ceuk ieu tiori atikan téh justru bakal ngaruksak kamekaran siswa. Tumuwuh mekarna siswa henteu perlu diintervéensi ku upaya atikan, sangkan tumuwuh mekarna siswa lumangsung secara wajar, alamiah, luyu jeung kodratna.

Faktor bawaan téh dominan dina nangtukeun hasil diajar. Faktor-faktor anu séjénna saperti lingkungan henteu aya pangaruhna pisan jeung éta hal henteu bisa dirobah ku kakuatan atikan. Atikan anu dilaksanakeun mangrupa hiji usaha anu tanpa daya nurutkeun ieu tiori, sababsiswa bakal nangtukeun hasilnaku dirina sorangan lain ngaliwatan usaha atikan. Sanajan dina atikan aya aturan beurat atawa ringan, éta siswa tetep bakal balik deui kana sifat jeung bawaanana. Kitu deui faktor lingkungan, sabab lingkungan moal boga kakuatan dina mangaruhun kamekaran siswa.

Dina tiori nativisme geus ditétélakeun yén sifat-sifat anu dibawa ti mangsa lahir bakal nangtukeun kaayaan siswa ka hareupna. Unsur anu pang mangaruhanananakana kamekaran siswanyaéta unsur génétik individu anu diwariskeun ku kolotna. Dina kamekaranana, budak bakal mekar dina polana; budak bakal tumuwuh jeung mekar gancang nalika ti mangsa orok, bakal ngurangan nalika keur budak, tuluy tumuwuh fisikna sacara maksimum nalika rumaja, jst.

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar anu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtusan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna diajar.
2. Baca pedaran matéri ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran matéri ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung tingkesan matéri ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan/ Kasus /Pancén

1. Terangkeun hakékat tiori diajar nurutkeun nativisme!
2. Jéntrékeun prinsip diajar nurutkeun nativisme!
3. Tuduhkeun kaunggulan nativisme!
4. Tuduhkeun kahéngkéran nativisme!
5. Pék larapkeun nativisme dina pangajaran!

F. Tingkesan

Aliran Nativisme mangrupa aliran anu leuwih merhatikeun kamampuh diri siswa. Faktor lingkungan dianggap kurang pangaruhnakanakamekaran siswa. Nurutkeun aliran nativisme,

lingkungan sabudeureunanaeuweuhhartina sabab lingkungan teu boga daya dina mangaruhun kamekaran siswa. Ieu aliran ini nganggapyén kamekaran individu ditangtukan ku faktor bawaan waktu lahir. Ku sabab kitu, hasil atikan ditangtukan ku bakat anu dibawa mangsa lahir. Ku kituna,

nurutkeun ieu aliran, hasil diajar ditangtukan ku individuna sorangan. Atikan siswa anu henteu luyu jeung bakat anu dibawa moal aya gunana pikeun kamekaran siswana sorangan.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana matéri ajar.

Rumus:

Jumlah jawaban anu benerna

$$\text{Tahap pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa matéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90 - 100% = alus pisan

80 - 89% = alus

70 - 79 = cukup

- 69 = kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap pangabisa 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun matéri kana Kagiatan Diajar III. Tapi, lamun tahap pangabisa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui ngaderes matéri dina Kagiatan Diajar II, pangpangna matéri nu tacan kacangkem.



KAGIATAN DIAJAR 3

TIORI JEUNG PRINSIP-PRINSIP DIAJAR NURUTKEUN KOGNITIVISME

A. Tujuan

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar III, Sadérék dipiharep mibanda kamampuh pikeun ngajéntrékeun

1. hakékat tiori diajar nurutkeun kognitivisme
2. prinsip diajar nurutkeun kognitivisme
3. tokoh kognitivisme
4. kaunggulan kognitivisme
5. kahéngkéran kognitivisme
6. larapna kognitivisme dina pangajaran

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi dina ieu Kagiatan Diajar III, nyaéta:

1. bisa ngajéntrékeun harti diajar nurutkeun kognitivisme.
2. bisa ngajéntrékeun prinsip diajar nurutkeun kognitivisme.
3. bisa nataan tokoh kognitivisme.
4. bisa ngajéntrékeun kaunggulan kognitivisme.
5. bisa ngajéntrékeun kahéngkéran kognitivisme.
6. bisa ngalarapkeun kognitivisme dina pangajaran.

C. Pedaran Matéri

1. Tiori jeung Konsép

Tiori diajar anu dimekarkeun dina abad ke-20 nyaéta tiori diajar kognitif, tiori belajar anungalibetkeun prosés berpikir sacara komplék jeung mementingkan prosés belajar.

Baharuddin jeung Esa Nur Wahyuni (2007: 89) ngébréhkeun yén aliran kognitif nganggap kagiatan diajar lain saukur stimulus jeung respons anu sifatna mékanistik, tapi leuwih ti éta, kagiatan diajar ogé ngalibetkeun kagiatan méntal anu aya dina diri individu anu keur diajar. Dumasar kana

étapamadegan, bisa dihartikeun yén diajar nyaéta hiji prosésméntal anu aktif pikeun ngahontal parobahan paripolah.

Warsita ngutarakeun yén” diajar nyaétangasosiasikeun aspék-aspék kognitif jeung persépsi pikeun meunangkeun pamahaman”. Maksudna bahwa diajar nyaéta parobahan persépsi jeung pamahaman anu henteu salilana bisa dititénan dina wujud tingkah laku. Ieu tori museurkeun kana gagasan yén bagian-bagian hiji situasi ngayakeun hubungan dina kontéks situasi sacara gembleng.

Nurutkeun Winkel, “diajar nyaéta hiji kagiatanmémental atawa psikis anu lumangsung dina interaksi aktif jeung lingkungan anu ngahasilkeun parobahan-parobahan dina aspék pangaweruh pamahaman, kaparigelan, jeung ajén sikep. Ieu parobahan téh miboga sifat rélatif lila” Hartina, parobahan anu lumangsung dipangaruhan ku pengalaman hirup anu dialaman ku manusa anu éta pangalaman téh jadi prosés diajar anu boga ma’na rélatif lila dina pikiran manusa.

Lian ti éta, tiori diajar kognitif nganggap yén “diajar mangrupa prosés mungsikeun unsur-unsur kognisi, utamana unsur pikiran, pikeun mikawanoh jeung nyangkem stimulus anu datang ti luar.” Kagiatandiajar dina diri manusa dipuseurkeun kana prosés internal mikir, nyaétaprosés ngolah informasi.

2. Tokoh – tokoh

Tokoh-tokoh aliran kognitif di antarana nyaéta Piaget, David Ausubel, Jerome Bruner, Albert Bandura, jeung Kurt Lewin.

a. Piaget

Piaget dina Warsita (2008:69) ngajelaskan yén kamekaran kognitif mangrupa hiji prosésgénétique nyaétaprosés anu dasar pamikiranana tina mékanisme biologis atawa kamekaran sistem saraf. Tiori diajar Piaget disebut ogé *cognitive-development* anu nganggap yénprosés mikir téh leuwih mangrupa kagiatangradual ti batan fungsi intéléktual kongkrit. Nurutkeun ieu tiori, diajar ngawengku tilu tahapan nyaéta:*asimilasi, akomodasi, jeungequilibrasi*.

Piaget ogé ngébréhkeun yénprosés diajar kudu disaluyukeun jeung tahap kamekaran kognitif anu kaalaman ku siswa. Prosés diajar anu kaalaman kusaurang siswa téhbéda dina tahap nu hiji jeung tahap séjenna. Sacara umum, beuki luhur tingkat kognitif saurang siswa mangka beuki sistematis jeung beuki abstrak cara mikirna. Ku sabab kitu, guru kudu paham kana tahap-tahap kamekaran kognitif siswana sarta nepikeun matéri , métode, média pangajaran kudu luyu jeung tahapanana.

Léngkah-léngkah pangajaran anu dirancang nurutkeun pamanggih Piaget:

- 1) nangtukeun tujuan pangajaran;
- 2) milih matéri pangajaran;
- 3) nangtukeun topik-topik anu bisa diulik ku siswa;
- 4) nangtukeun jeung ngararancang kagiatan pangajaran luyu jeung topik;
- 5) mekarkeun métode pangajaran;
- 6) ngalakukan évaluasi prosésjeung hasil pangajaran.

b. David Ausubel

urutkeun Ausubeldina Warsita, “*belajar haruslah bermakna, matéri yang dipelajari diasimilasi secara nonarbitrér dan berhubungan dengan pengétahuan yang dimiliki sebelumnya*”, “diajar kudu miboga ma’na; matéri anu diulikna diasimilasi sacara nonarbitrér katut aya hubungan jeung pangaweruh anu dipilik saméméhna” (2008:72). Hal ieu ngandung harti yén pangajaran anu boga ma’na mangrupa hiji prosés anu dipatalikeun jeung informasi anyar kana konsép-konsép relevan anu aya dina struktur kognitif siswa. Prosés diajar lain saukur ngapalkeun konsép-konsép atau fakta-fakta, tapi mangrupa kagiatan ngahubungkan konsép-konsép nu ngahasilkaun pamahaman anu gembleng nepi ka konsép anu diulikna bakal dikawasa sacara hadé jeung henteu gampang poho.

Jadi, guru kudu jadi ahli dina ngararancang pangajaran jeung dina mekarkeun program pangajaran ku cara usaha terus pikeun mikawanoh jeung ngagali konsép-konsép anu dipibanda ku siswa jeung mantuan mayuskeunana sacara harmonis kana pangaweruh anyar anu diulikna.

Léngkah-léngkah pangajaran *bermakna* nurutkeun Ausebel dina ngararancang pangajaran:

- 1) nangtukan tujuan pangajaran;
- 2) ngalakukan idéntifikasi siswa;
- 3) milih matéri pangajaran luyu jeung karakteristik siswa jeung ngaturmatéri na ajarna dina wangunkonsép inti;
- 4) nangtuken topik siswa dina wangu *advance organizers*;
- 5) mekarkeun matéri ajar pikeun diulik ku siswa;
- 6) ngatur topik pangajaran ti nu sederhana ka nu kompléks;
- 7) ngalakukan évaluasi prosés jeung hasil diajar siswa.

c. **Jerome Bruner**

Nurutkeun Warsita (2008:71), Jerome Bruner ngusulkeun ieu tiori ku sebutan *free discovery learning*. Ieu tiori dasarna tiori kognitif, anu ngébréhkeun yén diajar nyaéta parobahan persépsi jeung pamahaman. Maksudna, prosés diajar bakal lumangsung hadé jeung kréatif, saupama guru méré kasempatan ka siswa pikeun manggihkeun hiji aturan, kaasup konsép, tiori, ide, jeung définition ku conto-conto anu ngagambarkeun atawa ngawakilan aturan anu jadi sumberna.

Kauntungan diajar *discovery learning* nyaéta nimbulkeun rasa hayangnyaho siswa, hal ieu ngamotivasi siswa pikeun néangan jawabanana.; nimbulkeun kaparigelan ngungkulan masalahna sacara mandiri jeung ngalatih siswa pikeun nganalisis jeung ngamanipulasi informasi.

Nurutkeun Bruner, aya tilu tahap kamekaran kognitif saurang manusia anu ditangtuken ku cara ningali lingkungan: enaktif, ikonik, jeung simbolik. Tahap kahiji enaktif, nyaéta siswa ngalakukeun kagiatan sangkan paham kana lingkunganana; tahap kadua ikonik, nyaéta siswa niténan dunya ngaliwatan gambar jeung visualisasi verbal; tahap ketemu, simbolik, nyaéta siswa dina meunangkeun gagasan abstrak komunikasina dibantuan ku sistem simbolik.

Léngkah-léngkah pangajaran dina ngararancang pangajaran nurutkeun Bruner:

- 1) nangtuken tujuan pangajaran;
- 2) ngalakukan idéntifikasi siswa;
- 3) milih matéri pangajaran;

- 4) nangtukeun topik sacara induktif;
- 5) mekarkeun matéri ajar pikeun diulik kusiswa;
- 6) ngatur topik pangajaran ti nu sederhana ka nu kompléks;
- 7) ngalakukeun évaluasiprosés jeung hasil diajar siswa.

d. Albert Bandura

Bandura ngébréhkeun tiori kognitif sosial. Saterusna, Santrock (2007:285) ngébréhkeun tiori Kognitif Sosial (*Social Cognitive Theory*) anu ngawengku faktor sosial, faktor kognitif, jeung faktor perilaku, anu tiluanana miboga peran anu penting dina pangajaran. Faktor kognitif mangrupa ékspéktasi murid pikeun ngahontal hasil diajar, sedangkan faktor sosial ngawengku panitén siswakana perilaku kolotna. Jadi, nurutkeun Bandura, antara faktor kognitif, faktor lingkungan, jeung faktor perilaku téh silih pangaruhan; faktor-faktor ieu bisa silih interaksi pikeun mangaruh pangajaran. Faktor kognitif ngawengku ékspéktasi, kayakinan, stratégi mikir, jeung kacerdasan.

e. Kurt Lewin

Kurt Lewin anu ngébréhkeun tiori diajar médan kognitif (*cognitive-field learning theory*). Nurutkeun tiori belajar médan kognitif, “diajar dihartikeun prosés interaksional; di dinya pribadisawa ngahontal wawasan-wawasan anyar atawa ngarobah hiji hal anu geus lila. Hiji guru kudu merhatikeun dirina sorangan jeung jalma séjén ku cara diajar sacara éfektif supaya manéhna ngarti kana dirina sorangan jeung bisa ngalaksanakeun tugas kalawan leuwih hadé . Lian ti éta, guru kudu ngamekarkeun sistem psikologis siswa deuih.

3. Prinsip-prinsip Tiori Kognitivisme

Warsita (2008:89) ngébréhkeun prinsip-prinsip dasar tiori kognitivisme.

- 1) Pangajaran mangrupa hiji parobahan status pangaweruh
- 2) Siswamangrupa peserta aktif dinaprosés pangajaran
- 3) Mentingkeun pola pikir peserta didik
- 4) Museur kana cara peserta didik dina nginget-ningget, meunangkeun deui, jeung nyimpen informasi dina ingétanana
- 5) Mentingkeun pangalaman diajar, nganggap yén pangajaran mangrupa prosés aktif dina diri peserta didik
- 6) Ngalarapkeun *reward* jeung *punishment*

- 7) Hasil pangajaran henteu ngan gumantung kana informasi anu ditepikeun ku guru,tapi ogéku cara peserta didik prosés éta informasi.

4. Kaunggulan jeung Kahéngkérán

a. Kaunggulan:

- 1) Ngajadikeun siswa leuwih kréatifjeung mandiri

Ku tiori diajar kognitif siswa ditungtut pikeun leuwih kréatif, sabab siswa henteu ngan ngaréspon jeung narima rangsangan, tapi ogémanéhna mrosés informasi anu dihasilkeunana jeung mikir pikeun bisa nimukeun ide-ide jeung mekarkeun pangaweruhna. Conto kgiatan anu bisa nimbulkeun siswa leuwih mandiri nyaéta dina waktu migawé soal dipiharep siswa bisa migawé éta soal ku sorangan; siswa bisa ngagunakeun pikiranana sorangan; siswa bisa ngasah otakna; ngasah daya ingetna bari henteu gumantung kana bantuan nu séjénna.

- 2) Ngagampangkeun siswa dina nyangkem matéri ajar.

- 3) Ningkatkeun kamampuh siswa pikeun ngungkulana masalah (*problem solving*)

- 4) Tiori ieu ogébisa ningkatkeun motivasi siswa.

b. Kahéngkérán:

- 1) Tiori kognitivismehenteu ngawengku sakabéh tingkat pendidikan.

- 2) Sulit dipraktékan, hususnya di tingkat lanjut.

- 3) Sawatara prinsip saperti intélégrénsi sulit dicangkemjeung pamahamanana can tuntas.

- 4) Ieu tiori dianggap leuwih deukeut kana psikologi diajar anak,jadinerapkeunana kana prosésdiajar anak henteu babari.

5. Aplikasi dina Pangajaran

Aplikasi tiori diajar nurutkeun kognitivisme saperti kieu:

a. Guru kudupaham yén siswa téh lainjalma dewasa anu gampang dinaprosésmikirna

b. Guru nyusun matéri ngagunakan pola atawa logika ti sederhana kakompléks.

c. Guru nyiptakan pangajaran *bermakna*.

- d. Guru merhatikeun bédana siswa sacara individual pikeun ngahontal hasil diajar siswa.

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar anu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna diajar.
2. Baca pedaran matéri ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran matéri ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung tingkesan matéri ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan/ Kasus /Pancén

1. Jéntrékeun harti diajar nurutkeun kognitivisme!
2. Jéntrékaun prinsip diajar nurutkeun kognitivisme!
3. Jéntrékeunkaunggulan kognitivisme!
4. Jéntrékeun kahéngkéran kognitivisme!
5. Pék larapkeun aliran kognitivisme dina pangajaran!

F. Tingkesan

Tiori diajar kognitif mangrupa tiori diajar anu ngébréhkeun prosés mungsikeun unsur-unsur kognisi, utamana unsur pikiran, pikeun mikawano jeung paham kana stimulus anu datang ti luar. Prinsip-prinsip tiori diajar kognitif nyaéta pangajaran mangrupa hiji parobahan status pangaweruh. Siswa mangrupa peserta aktif dina prosés pangajaran. Ieu tiori museur kana pola pikir siswa. Museur kana pada cara siswa nginget-ningget, meunangkeun deui jeung nyimpen informasi dina ingétanana. Lian ti éta, ieu tiori merhatikeun pangalaman diajar, nganggap yén pangajaran mangrupa prosés aktif dina diri siswa. Ieu tiori ngalarapkeun *reward* jeung *punishment*. Hasil pangajaran henteu ngan gumantung kana informasi anu ditepikeun guru, tapi ogé kana cara siswa mroses éta informasi.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana matéri ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa matéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap pangabisa 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun matéri kana Kagiatan Diajar IV. Tapi, lamun tahap pangabisa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui ngaderes matéri dina Kagiatan Diajar III, pangpangna matéri nu tacan kacangkem.

KAGIATAN DIAJAR 4

TIORI JEUNG PRINSIP-PRINSIP DIAJAR NURUTKEUN KONSTRUKTIVISME

A. Tujuan

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar IV, Sadérék dipiharep mibanda kamampuh pikeun ngajéntrékeun

1. prinsip diajar nurutkeun konstruktivisme;
2. nataan tokoh konstruktivisme;
3. némbongkeun kaunggulan konstruktivisme;
4. némbongkeun kahéngkéran konstruktivisme; jeung
5. ngalarapkeun konstruktivisme dina pangajaran.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi dina ieu kagiatan diajar nyaéta:

1. bisa ngajéntrékeun prinsip diajar nurutkeun konstruktivisme;
2. bisa nataan tokoh konstruktivisme;
3. bisa némbongkeun kaunggulan konstruktivisme;
4. bisa némbongkeun kahéngkéran konstruktivisme; jeung
5. bisa ngalarapkeun konstruktivisme dina pangajaran.

C. Pedaran Matéri

1. Tiori jeung Konsép Konstruktivisme

Istilah konstruktivisme ‘constructivism’ mimiti dipaké dina taun 1710 ku filosof kognitif ‘Giambatista Vico’. Manéhna ngébréhkeun yén hiji jalma bisa disebut nyangkem hiji hal lamun manéhna bisa ngajéntrékeun éta hal. Saterusnamanhna ngébréhkeun yénsaurang siswa lain individu anu ngan narima sacara pasif, tapi saurang siswa téh ‘active learner’.

Aya sawatara pamadegan ngeunaan définisi konstruktivisme anu diébréhkeun ku sawatara ahli. Konstruktivisme nyaéta hiji filosofi pangajaran anu landasan prémisna yén ku cara ngaréfléksi pangalaman, manusia

ngawangun/ngarékonstruksi pangaweruhna ngeunaan dunya tempat hirupna (Suyono dan Hariyanto, 2011:104). Sedengken nurutkeun Cahyo (2013: 22), konstruktivisme mangrupa salah sahiji filsafat pangaweruh anu inti pamadeganana nganggap yén pangaweruh téhnyaéta jieunan manusa sorangan anu mangrupa hasil konstruksi kognitif ngaliwatan kgiatan individu ku cara nyieun struktur, katégori, konsép, jeung skéma anu diperlukeun pikeun ngawangun éta pangaweruh. Trianto (2007:26) ogé ngébréhkeun yén tiori *pembelajaran* konstruktivisme mangrupa tiori *pembelajaran* kognitif wanda anyar dina psikologi *pendidikan* anu mana siswa kudu manggihan sorangan jeung ntransformasikeun informasi kompléks; maluruh informasi anyar ku aturan-aturan heubeul jeung ngarévisi lamun éta aturan-aturan heubeul geus teu luyu deui.

Leuwih wincik Piaget ngébréhkeun yén konstruktivisme nyaéta konstruksi (wangunan) pangaweruh anu diwangun tina kgiatan/tindakan saurang individu. éta pangaweruh téh ngalaman évolusi, sifatna saheulaanan, henteu statis, mangrupa prosés anu terus-terusan. Ari pangaweruhlain anu aya di luar manusa, tapi aya dina jero diri individu anu ngawangun éta pangaweruh. Nurutkeun konstruktivisme, pangaweruh hiji jalma mangrupa hasil kontruksi aktif individuna sorangan. Tina éta pedaran ébréhyén konstruktivisme anu diébréhkeun ku Piaget sifatna individual jeung leuwih museur kana prosés internal.

Tina définition-définisi tadi, bisa dicindekkeun yén tiori diajar konstruktivisme mangrupa tiori diajar anu meredih siswa supaya bisa ngonstruksi kgiatan diajar jeung ntransformasikeun informasi kompléks ti mimiti milih, ngama'naan, nepi ka nguji bebeneran informasi anu ditarimana pikeun ngawangun pangaweruh sacara aktif jeung kontinu.

2. Tokoh-tokoh

Tokoh konstruktivisme di antarana Piaget jeung Vygotsky

Piaget ngébréhkeun yén kamekaran siswa ngawangun struktur kognitif atawa pétaméntalna anu diistilahkeun "schema/skéma" atawa pétakonsép pikeun nyangkem jeung ngarépson pangalaman fisik tina lingkungan di sabudeureunana (Suyono& Hariyanto, 2011:107). Saterusna Piaget

nerangkeun yén manusa mibanda struktur pangaweruh dina otakna, saperti kotak-kotak anu masing-masing miboga ma'na anubéda-béda. Ku sabab kitu, dinaprosésdiajar lumangsung dua prosés, nyaétaprosés organisasi informasi jeung adaptasi (Cahyo, 2013: 37).

Prosés organisasi nyaétaprosés waktu manusa ngahubungkeun informasi anu ditarimana jeung struktur-struktur pangaweruh anugeus ditunda atawageus nyampak saméméhna dina otak. Sedangkan prosés adaptasi nyaétaprosés anu eusina dua kagiatan. Kahiji, ngahubungkan atawa ngaintergrasikeun pangaweruh anu ditarima ku manusa atawa nu disebut asimilasi. Kedua, ngarobah struktur pangaweruh anyar nepi ka lumangsung hiji kasinambungan (*equilibrium*).

Ari prosés ngarekonstruksi, sakumaha anu dijelaskan ku Piaget, nyaéta saperti kieu (Cahyo, 2013):

- **Skémata**

Piaget ngutarakeun yén skémata jalma dewasa dimimitian tiskématabudak ngaliwatanprosés adaptasi nepi kafenataanjeung organisasi. Beuki mampuhijji jalmangabédakan hiji stimulus jeung stimulus séjénna, mangka beukiloba skématana. Ku kituna, schematanyaéta struktur organisasi kognitif anu salilana mekar jeung robah. Prosés anu nyababkeun ayana parobahan nyaéta asimilasi jeung akomodasi.

- **Asimilasi**

Asimilasi mangrupa prosés kognitif jeung penyerapananyarnalika hiji jalmangahijikeun stimulus atawa presépsi kanaskémata atawa paripolah anugeus aya. Asimilasi téh henteu bisa ngarobah skémata, tapi mangaruhan atawamungkin waé bisa nimbulkeun tumuwuhnaskémata. Asimilasi lumangsung sacara kontinu dina kamekaran intéléktual anak.

- **Akomodasi**

Akomodasi nyaétaprosés struktur kognitif anu lumangsung luyu jeung pengalaman anyar. Prosés akomodasi ngahasilkeun wangunan schemata anyar jeung robahna schemata heubeul.

- **Kasaimbangan**

Ku ayana kasaimbangan, éfisiénsi interaksi antar siswa anukeur mekarjeung lingkunganana bakal kajamin jeung kahontal. Piaget ngabagi fase kamekaran manusa kanaopat kamekaran saperti kieu:

Tahapan	Umur	Gambaran
Sénsorimotor	0-2	Orok gerak tina tindakan réflék instingtif ti mimiti lahir nepi ka mikir simbolis. Orokngawangun pamahaman kana dunya ngaliwatan pengoorganisasian pangalaman-pangalaman sénsor jeung tindakan fisik
Operational	2-7	Budak mimiti mrésentasikeun dunya ku kecap-kecap jeungku gambar-gambar.
Concerete operational	7-11	Dina ieu tahap, budak bisa mikir sacara logis ngeunaan kajadian-kajadian konkret
Formal operational	11-15	mangsa rumaja mikir ku cara anu leuwih abstrak jeung logis. Mikirna leuwih idéalistik.

Vygotsky ngébréhkeun yénprosés diajar bisa lumangsung nali kasiswa rancagé atawa diajar migawépancén-pancén anucan diulik ku manéhna, tapi éta pancén-pancén téhmasih aya dina hontalan kamampuh siswa atawa eta pancén-pancén téh masih aya dina *zone of proximal development* (Trianto:2007:29).

3. Ciri jeung Prinsip Tiori Diajar Konstruktivisme

Diajar nyaéta hiji prosés anu ngarobah paripolah organisme akibat tina pangalaman. Tina ieu wangenan, ébréh yén aya dua hal anu penting dina diajar, nyeta **paripolah jeung pangalaman**. Paripolah patali jeung aksi atawa tindakan. Anu jadi ciri utamana téh paripolah verbal manusa, sabab tina tindakan-tindakan nyarita atawa nulis bakal kagambar aya henteuna parobahan paripolah manusa. Parobahan tina asalna nyebut ‘ngagegel’ jadi ‘ngegel’; parobahan asalna nulis ‘didieu’ jadi ‘di dieu’ bisa ngagambarkeun yén prosés diajar geus lumangsung. Ari pangalaman anu dimaksud di dieu nyaéta pangalaman anu kaalaman ku siswa dina waktu prosés diajar.

Aya rupa-rupa parobahan pangalaman.

- Diajar tingkat emosional anu primitif, aya parobahan paripolah anu disababkeun ku stimulus anu dikondisikeun jeung anu henteu dikondisikeun.
- Diajar *kontiguitas*, masangkeun dua peristiwa dina sawaktu. Upamana, ilmuwan digambankeun ku individu anu make tasma; indung tere pasti galak, jst.
- Diajar *operant*, konsekuensi mangaruhun dibalikkan deui henteuna paripolah individu.
- Diajar *observasional*, pangalaman diajar téh mangrupa hasil observasi manusa kana kana kajadian-kajadian.
- Diajar *kognitif*, lumangsung lamun manusa titen tur paham kana kajadian-kajadian anu lumangsung di sabudeureun manusa.

Ciri pangajaran nurutkeun konstruktivisme (Cahyo:2013) nyaéta museur kana prosés diajar, ngarojong kamandirian jeung inisiatif diajar dina diri siswa. Cindekna, tiori konstruktivisme nganggap yén diajar mangrupa hiji prosés; henteu museur kana hasil, ngarojong siswa sangkan mampuh ngalakukan panalungtikan, ngarojong mekarna rasa hayang nyaho sacara alami, évaluasi diajar leuwih museur kana kinerja jeung pamahaman siswa, sangat ngarojong pisan lumangsungna diajar kooperatif, loba ngagunakeun istilah nu patali jeung kognitif pikeun ngajelaskan prosés pangajaran, saperti: prédiksi, inférensi, kréasi, analisis, jst.

Prinsip-prinsip konstruktivisme anu dilarapkan dina prosés diajar-ngajar nyaéta pangaweruh diwangun ku siswa; pangaweruh henteu bisa dipindahkeun ti guru ka siswa, anging ngan ku kaaktifan siswa éta sorangan; siswa aktif ngontruksi sacara terus- terusan nepi ka kajadian ayana parobahan konsép ilmiah.; guru ngan mantuan nyadiakeun sarana jeung situasi sangkan prosés konstruksi lumangsung lancar, miharep jeung ngajén pamadegan siswa;, jeung nyaluyukeun kurikulum pikeun ngawadahan tanggapan siswa.

4. Kaunggulan jeung Kahéngkérán

Kaunggulan tiori konstruktivisme nurutkeun Cahyo (2013) nyaéta guru lain hiji-hijina sumber diajar; siswa leuwih aktif jeung kréatif; pangajaran jadi leuwih boga ma'na; siswa mibanda kabébasan;, ngabina sikep produktif jeung percaya diri; prosés evaluasi difokuskeun kana *penilaian* prose; jeung siswa jadi leuwih gampang paham.

Sedengkeun kahéngkérán tiori konstruktivisme nyaéta dina meunangkeun informasi ngan lumangsung saarah; jeung guru henteu ntransfer pangaweruhna anging ngan mantuan siswa.

5. Larapna dina Pangajaran

Konstruktivisme mentingkeun kamekaran lingkungan diajar. Hal ieu téh bisa ningkatkeun wanganan harti tina prespéktif ganda jeung informasi anu éfektif tur taliti tina peristiwa-peristiwa anu tumiba ka siswa. Ku kituna, guru perlu ngalakukeun hal-hal kieu: nyodorkeun masalah-masalah aktual ka siswa dina kontéks anu luyu jeung tingkat kamekaran siswa; pangajaran distruktur di sabudeureun konsép-konsép primér; ngarojong ka siswa pikeun ngébréhkeun patalekanana sorangan; méré lolongkrang ka siswa pikeun manggihan jawabanana tina patalekanana sorangan; nambahana kawani ka siswa pikeun ngébréhkeun pamadeganana jeung ngajénan puseur implengan siswa; nitah siswa digawé dina kelompokna; jeung ngajén prosés jeung hasil diajar siswa dina kontéks pangajaran. Sedengkeun nurutkeun Suprijono (2011:40), pangajaran konstruktivisme mangrupa diajar artikulasi. Diajar artikulasi nyaétaprosés ngartikulasikan ide, pikiran, jeung solusi. Implikasi konstruktivisme dina pangajaran kabagi kana sababaraha fase.

- *Oriéntasi*, mangrupa fase anu méré kasempatan ka siswa pikeun merhatikeun jeung mekarkeun motivasi kana topik matéri pangajaran
- *Elicitasi*, mangrupa fase nu mantuan siswa pikeun ngagali ide-ide anu aya dina dirina ku cara méré lolongkrang ka siswa dina nyawalakeun atawa ngagambarkeun pangaweruh dasar atawa idena.
- *Restruksi* ide, dina ieu fasesiswangalakukeun klarifikasi ide ku cara ngontraskeun ide-idenajeung ide jalma séjén.

- *Aplikasi* ide, dina ieu fase, ide atawa pangaweruh anugeus diwangun ku siswa perlu diaplikasikeun dinarupa-rupa situasi anu disanghareupan.
- *Reviu*, dina ieu fase siswa ngaplikasikeun pangaweruhna dina situasi anu disanghareupan sapopoéna;ngarévisi gagasannaanu kurangku cara nambahana keterangan atawaku cara ngarobahéta gagasan sina jadi leuwih lengkep.

Pamarekan konstruktivisme dinaproséspangajaran ngahasilkan model diajar di antarana:

- *Discovery Learning*

Discovery Learning mangrupa prosés pangajaran anu museurkana mentalintéléktual para siswa dina ngungkulon sakur pasualan anu disanghareupan, tug nepi ka manggihan hiji konsép atawa generalisasi anubisa dilarapkeun di lapangan (Illahi, 2012: 29). Modél pangajaran ieubisa ngarobah kondisi siswa anu pasif jadi aktif jeungkréatif. Bisa ngarobah pangajaran anuteacher oriented jadi student oriented. Ieu modélogé ngarobah tina modus *expository* kana modus *discovery* anu nungtut siswa sacara aktif nimukeun informasi sorangan kalawan bingbingan guru.

- *Reception Learning*

Modél *reception learning* nungtut guru pikeun nyiapkan situasi diajar, milih matéri - matéri anuluyupikeun siswa, jeung saterusnanepikan éta matéri dina prosés pangajaran anudisusun ti hal-hal anu umum ka nu husus. Nurutkeun Ausubel, umumna jalma meunang élmutéh pangaweruh ku cara narima, lain ku manggihan sorangan.

- *Assisted Learning*

Assisted learning miboga mangfaat kacida pentingna dina kamekaran individu. Nurutkeun Vygotsky, kamekaran kognitif bakal lumangsung ku ayana prosés interaksi jeung komunikasi hiji siswa jeung lingkungan sabudeureunana. Pihak séjén disebut pangaping atawa guru.

- *Active Learning*

Active learning mangrupa hiji pamarekan dina *pengelolaan* sistim pangajaran ku cara-diajar aktif jeung mandiri. Diajar aktif mangrupa stratégi diajar anu prosés diajar ngajarna ngagunakan rupa-rupamétodeanu museurkeun

kaaktifan siswa jeung ngalibetkan poténsi siswa, boh sacara fisik, ménital, émosional boh intéléktual pikeun ngahontal tujuan pendidikan anu aya hubungan jeung wawasan kognitif, aféktif, jeung psikomotorik sacara optimal.

- Kontékstual *Learning*

Kontékstual *learning* atawa pangajaran kontéktual mangrupa hiji prosés pendidikan anu holistik jeung miboga tujuan ngamotivasi siswa dina nyangkem mana matéri pangajaran anu diulikna ku cara matalikeun éta matéri jeung kontéks kahirupan siswa sapopoé.

- Quantum *Learning*

Quantum learning nyaéta pangajaran anu bisa ngarobah suasana diajar jadi pikaresepeun sarta ngarobah kamampuh jeung bakat alamiah siswa jadi cahaya anu mangfaat pikeun dirina sorangan ogé pikeun jalma séjen.

Tiori kostruktivisme sacara umum mangrupa gabungan larapna konsép Piaget jeung Vygotsky dina pangajaran saperti anu kaunggel dina ieu tabel (Suyono dan Hariyanto:2011).

Pendidikan	Ngahasilkan individu atawasiswa anu miboga kamapuhmikir pikeunnuntaskeun unggal masalah anu disanghareupan.
Kurikulum	Konstruktivisme henteu merlukan kurikulum anu standar tapi diluyukeun jeung pangaweruh siswa.
Pangajaran	Guru fokus kanacara nyusun hubungan antara fakta-fakta sarta mageuhan beunangna pangaweruh anyar siswa.
Pembelajaran	Siswa dipiharep terus aktif jeung bisa manggihan cara diajar anuluyukeur dirina.
Penilaian	Henteu merlukeun téss anu baku ngan merlukan <i>penilaian</i> prosés

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar anu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna diajar.
2. Baca pedaran matéri ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran matéri ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung tingkesan matéri ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan/ Kasus /Pancén

1. Terangkeun tiori diajar nurutkeun konstruktivisme!
2. Jéntrékeun prinsip diajar nurutkeun konstruktivisme!
3. Tuduhkeun kaunggulan konstruktivisme!
4. Tuduhkeun kahéngkéran konstruktivisme!
5. Larapkeun konstruktivisme dina pangajaran!

F. Tingkesan

Tiori konstruktivisme mangrupa tiori diajar anu nungtut siswa ngonstruksi kagiatan diajar jeung transformasikan informasi kompléks pikeun ngawangun pangaweruh sacara mandiri jeung inisiatif. Implikasi tiori konstruktivisme Dinapangajaran kabagi kana lima fase, nyaétaoriéntasi, *elicitasi*, *restrukturisasi ide*, *aplikasi ide*, *jeungreviu*. Modél pangajaran anu bisa diaplikasikan dinaprosésdiahjar ngajar luyu jeung pamekaranan tiori konstruktivisme nyaétadiscovery learning, reception learning, assisted learning, active learning, contextual learning, jeung quantum learning.

G.Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana matéri ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa matéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap pangabisa 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun matéri kana Kagiatan Diajar V. Tapi, lamun tahap pangabisa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui ngaderes matéri dina Kagiatan Diajar IV, pangpangna matéri nu tacan kacangkem.

KOMPETENSI PROFESIONAL

**FUNGSI BASA,SISINDIRAN
JEUNG PUPUJIAN**



KAGIATAN DIAJAR 5

KALUNGGUHAN BASA SUNDA

A. Tujuan

Tujuan umum nu dipiharep saréngséna Sadérék ngulik Kagiatan Diajar V nyaéta sangkan Sadérék mibanda kamampuh pikeun ngajéntrékeun kalungguhan basa Sunda. Anapon tujuan husus anu dipiharep tina ieu pedaran sangkan Sadérék bisa ngajéntrékeun

1. hakékat basa Sunda,
2. kalungguhan basa Sunda di masarakatna, jeung
3. tarékah miara basa Sunda.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Dumasar tina tujuan di luhur, indikator hontalan kompeténsi pedaran nyaéta bisa némbongkeun kalungguhan basa Sunda. Éta Indikator téh bisa diwincik deui jadi opat, nyaéta:

1. bisa ngajéntrékeun hakékat basa;
2. bisa ngajéntrékeun kalungguhan basa Sunda di masarakatna; jeung
3. bisa ngajéntrékeun tarékah miara basa Sunda.

C. Pedaran Matéri

1. Hakékat Basa Sunda

Basa Sunda mangrupa salahsiji basa daerah di Indonésia. Tina 13 basa daerah nu dianggap masih kénéh hirup tur dipaké ku leuwih ti sajuta panyatur, basa Sunda kaasup basa panglobana ka dua sabada basa Jawa. Salaku basa daerah basa Sunda miboga kalungguhan minangka jati diri bangsa nu leubeut ku ajén-inajén palasipah hirup jeung ciri sélér bangsa, di sagédéngéun pakakas komunikasi masarakat jeung lingkunganana katut alam (lemah cai), sarta pakakas komunikasi jeung Nu Maha Kawasa.

Dina kalungguhanana jadi basa daerah, nurutkeun kacindekan Seminar Politik Bahasa Nasional 1975 di Jakarta, basa Sunda miboga sababaraha fungsi (kalungg

uhan) di masarakatna, di antarana:

- 1) lambang kareueus daerah,
- 2) lambang jatidiri daerah,
- 3) pakakas atawa alat gaul di kulawarga jeung masarakat daerah,
- 4) pangdeudeul basa nasional,
- 5) basa panganteur di SD kelas-kelas handap di Jawa Barat, jeung
- 6) pakakas pikeun mekarkeun jeung ngadeudeul budaya Sunda.

Kalungguhan basa Sunda di luhur mangrupa hasil tina prosés kamekaran basa sapanjang mangsa nu dipatalikeun jeung posisi basa Sunda salaku basa daerah. Éta kamekaran téh dipangaruhan ku hirup kumbuhna urang Sunda boh patali jeung ku kaayaan tempat boh mangsa-mangsa nu kasorang dina sajarah kahirupan urang Sunda. Kamekaran basa Sunda dina émproná ngamalir saluyu jeung kamekaran kabudayaan Sunda umumna. Ari sababna, basa téh mibanda fungsi pikeun nyumponan sabagian kaperluan manusa dina ngalakukeun patalimarga.

Salaku wangun basa, basa Sunda ngajanggelék minangka sistem lambang sora nu arbitrér tur dipaké ku masarakat pikeun gawé bareng, komunikasi, jeung patalimarga (Kridalaksana, 2007:3). Éta sistem basa téh ngawengku komponén-komponén nu miboga aturan nu tangtu sarta unggal léngkahna miboga fungsi dumasar kaédah nu silih lengkepan sangkan masarakat bisa komunikasi.

Pikeun maluruh hakékat basa Sunda nu leuwih jembar, Sudaryat (20014: 14) ngawincikna dumasar sifat basa. Basa téh mibanda sifat salaku (1) hiji sistem, (2) arbitrér, (3) simbolis), (4) ragem (konvénşional), (5) sitem sora (*vokal*), (6) unik, (7) mijalma (8) rancagé, (9) komunikatif, (10) midunya, (11) ngabudaya, (12) rinéka, jeung (13) subyéktif.

a. Basa téh Hiji Sistem

Sistem ngandung harti susunan atawa pola teratur nu ngawangun hiji beungkeutan nu mibanda harti tur fungsi. Sistem diwangun ku sajumlahing unsur nu silih deudeulan sacara fungsional. Basa dideudeulan ku unsur-

unsur nu diwangun dumasar pola tinangtu nu ngawangun hiji kesatuan. Dumasar éta hal, sistem basa dihartikeun salaku beungkeutan unsur-unsur nu silih deudeul jeung silih lengkepan dumasar kana aturan anu tangtu pikeun ngahontal hiji tujuan (Sudaryat, 2014: 14).

Aturan nu ngawengku unsur-unsur basa méré gambaran yén basa téh minangka hiji sistem. Minangka hiji sistem, basa téh miboga dua sipat, nyaéta sistimatis jeung sistemis. Basa disebut sistemis lantaran miboga unsur-unsur nu dumuk pola-polana tur bisa diramalkeun. Aturan dina sistem basa téh aya sipat patali unsur-unsurna linéar atawa horizontal (*sintagmatis*) aya ogé sipat nu patali unsur-unsurna vértikal (*paradigmatik*).

Ari pangna disebut sistemis, lantaran basa téh mibanda subsistem anu ngawengku dua lapisan, nyaéta adegan lahir (*significant, surface structure, ekspression*) anu nyoko kana subsistem fonologi, gramatika, jeung léksikologi, sarta adegan batin (*signifie, deep structure, content*) anu nyoko kana subsistem semantik. Adegan lahir ngawujud foném, morfém, kecap, frasa, klaus, jeung kalimah: ari adegan batinna mangrupa eusi atawa harti.

b. Basa téh Arbitré

Kecap arbitré ngandung harti sakarepna, manasuka, teu netep, dipilih kalawan acak, nepi ka taya hubungan nu logis antara lambang sora jeung objék anu dilambangkeunnana. Dina enas-enasna basa nu arbitré téh kaciri patukang tonggong jeung hakékat basa nu “mangrupa hiji sistem nu puguh aturanna”.

Arbitré dina basa téh lain maksudna teu ngandung harti nu tangtu aturanana atawa teu boga sistem, tapi maksudna antara lambang sora jeung objéknna taya hubungan nu logis atawa sakarepna. Upamana, “wangunan nu luhurna aya hateupan, gigirna aya bilikna, aya jandélaan, dihareupna aya pantoan, sarta sok dipaké ngaso boh ti beurang atawa ti peuting”, dina basa Sunda disebut [imah]. Kumaha antara *imah* jeung wangunan samodél kitu taya hubungan nu logis tur teu bisa diterangkeun, teu puguh alesanana, sakarep nu makéna atawa arbitré.

Basa disebut arbitré sabab teu logis antara lambang sora jeung acuanna, sakarep panyaturna. Ieu hal némbongkeun yén taya hubungan nu tangtu

antara unsur basa jeung nu dilambangkeunana. Najan kitu aya ogé hubungan antara lambang jeung acuan nu teu arbitrér, ilaharna disebut titiron sora (*onomatope*). Upamana kecap *bancét* muncul lantaran aya sato nu sok disada cét-cétan. Kecap *kurupuk* muncul lantaran aya kadaharan lamun didahar kukurukukan. (Sudaryat, 2014: 16).

c. Basa téh Simbolis

Dumasar kajian élmu semiotika, lambang nyaéta élmu nu medar sarupaning tanda-tanda nu aya dina kahirupan manusa. Dina semiotika aya sababaraha rupa tanda nyaéta tanda (*sign*), lambang (*simbol*), sinyal (*signal*), gejala (*sympton*), gerak isyarat (*gesture*), kode, indéks, jeung ikon. Masih dina ulikan élmu sémiotika yén tanda téh nyaéta lambang nu miboga sifat arbitrér, hartina taya hubungan langsung nu sifatna wajib antara lambang jeung nu dilambangkeunana.

Ari nurutkeun Sudaryat (2014:17), tanda téh nyaéta barang anu némbongkeun hal atawa obyék kalawan langsung, ilaharna ngandung hiji maksud tur teu nimbulkeun rupa-rupa tafsiran. Ari lambang nyaéta tanda anu sipatna arbitrér tur konvénisional kalawan dipatalikeun kana maksud nu tangtu. Sok sanajan lambang téh masih mangrupa tanda tapi lambang téh béda jeung tanda. Tanda mah mangrupa hal atawa barang anu ngawakilan hiji perkara, ilaharna nimbulkeun réaksi nu sarua ka jalma nu ngarésponana.

Tanda dina basa dina émproná bisa dipasing-pasing dumasar cara ditimbulkeunana. Tanda téh bisa dipikanyaho ku manusa ngaliwatan pangalamanana anu ditimbulkeun ku alam, ditimbulkeun ku sato, sarta ditimbulkeun ku manusa.

d. Basa téh Konvénisional

Sanajan hubungan antara lambang sora jeung nu lambangkeunana arbitrér, tapi éta lambang téh dina konsép nu geus tangtu mah miboga sifat konvénisional. Hartina, masarakat basa sapuk yén lambang dipaké pikeun ngawakilan konsép nu diwakilana. Umpamana, sato nu cokorna opat nu ilahar sok ditumpakan, dilambangkeun ku sora [kuda], ku kituna masarakat basa Sunda misalna kudu tuhu kana éta aturan. Saupama éta aturan direumpak mangka prosés komunikasi moal jalan kalayan lancar.

e. Basa téh Sistem Sora

Média utama nu digunakeun dina basa nyaéta runtulan sora. Runtulan sora ngamalir mamawa pesen basa nu nepi kana puseur saraf manusia akibat ayana réaksi tina tekenan hawa nu ngageter dina kendang ceuli. Sora basa dihasilkeun ngaliwatan alat ucapan manusia. Ulikan ngeunaan cara ngahasilkeun sora basa ku pakakas ucapan disebut tatasora (fonétik), utamana fonétik artikulatoris.

f. Basa téh Unik

Basa miboga sifat unik, hartina unggal basa miboga ciri has séwang-séwangan nu teu dipibanda ku basa séjén. Ciri has dina basa téh bisa nyangkaruk dina sistem sora, sistem pangwangan kecap, sistem pangwangan kalimah jeung sistem-sistem lianna. Saperi halna dina basa Sunda aya kecap anturan atawa kecap panganteur anu ngandung harti aspek inkoatif, seperti *jung* nangtung, *gék* diuk, *léos* indit, jst. Ieu kecap téh teu bisa diterjemahkeun kana basa Indonésia. Cicingna kecap anteuran aya di hareupeun jejer, antara jejer jeung caritaan pagawéan, sarta mandiri ngawakilan kecap pagawéan caritaan.

Contona:

- *Gék* kuring diuk dina korsi.
- Kuring *gék* diuk dina korsi.
- Geura *gék* atuh!

g. Basa téh Mijalma

Hirup tumuwuhna basa téh ngan aya dina kahirupan manusia. Dina kahirupan sato atawa mahluk séjenna teu diaku minangka istilah basa. Ku kituna, basa téh disebut mijalma. Tanpa basa, manusia hésé hirup. Éta sababna basa téh jadi "alat vital" dina pakumbuhan manusia.

h. Basa téh Rancagé

Basa sifatna produktif, hartina sanajan unsur-unsur basa kawates, tapi ku unsur-unsur nu kawatesanan éta tapi bisa dijieu satuan-satuan basa anu henteu kawatesanan, sok sanajan rélatif, saluyu jeung sistem nu lumaku dina éta basa. Saperti halna tina foném nu aya di basa Sunda bisa ngawangun réwuan malahan jutaan kecap nu hartina béda-béda.

i. Basa téh Komunikatif

Komunikatif mangrupa sifat tina komunikasi. Dina enas-enasna, komunikasi téh mangrupa prosés nepikeun pesan (rasa, pikiran jeung kahayang) ti pangirim (panyatur atwa panulis) ka panampa (pamiarsa atawa pamaca) ngaliwatan médium basa.

Dina komunikasi basa, pangirim pesan jeung panampa amanat téh nyatana manusa, ari mediumna nyaéta basa, boh lisan boh tulisan. Komunikasi nu mediumna basa téh disebutna komunikasi vérbal. Sabalikna aya komunikasi anu mediumna kinésik sok disebut komunikasi nonvérbal. Ku kituna komunikasi basa mah ngan aya dina komunikasi masarakat manusa, najan teu kabéh komunikasi manusa mangrupa basa. Jadi, istilah basa téh leuwih heureut deui, nyaéta sistem lambang sora anu dihasilkeun ku pakakas ucapan manusa pikeun tujuan komunikasi.

j. Basa téh Midunya

Salian sifat basa nu unik, basa ogé miboga sifat *universal* atawa midunya. Hartina, aya ciri-ciri nu sarua nu nyangkaruk dina tiap basa nu aya di alam dunya. Upamana ciri basa nu paling umum nyaéta basa téh ngawengku vokal jeung konsonan.

k. Basa téh Ngabudaya

Basa miboga sifat ngabudaya (*kultural*) lantaran basa salian ti mangrupa unsur budaya, ogé jadi awahana pikeun miara jeung mekarkeun budaya deuih. Basa ngagambarkeun kahirupan kabudayaan masarakat nu makéna. "basa téh cicirén bangsa". Unsur-unsur budaya saperti pacabakan; kamasarakan; élmu pangaweruh; pakakas, undagi jeung téknologi; basa; seni; jeung agama. Éta kabéh bisa kagambarkeun dina basa. (Sudaryat, 2014: 24)

l. Basa téh Rinéka

Anggota masarakat hiji basa biasana kawangun ku rupa-rupa status sosial jeung kasang tukang budaya nu teu sarua. Ku lantaran éta hal, basa nu dipakéna ogé loba ragamna (variasi). Aya tilu istilah dina variasi basa nyaéta:

- 1) Idiolék : Ragam basa nu sifatna perorangan.
- 2) Dialék : ragam basa nu digunakan ku masarakat dina tempat jeung waktu nu tangtu.
- 3) Ragam : Variasi basa nu digunakan dina situasi nu tangtu. Upamana ragam baku jeung teu baku.

m. Basa téh Subyéktif

Upamana nyawang basa tina jihat lambang, basa miboga sipat obyéktif. Tapi, basa ogé subyéktif lantaran museur ka dirina. Salian ti pikeun pakakas komunikasi jeung wahana budaya dina umumna, basa ogé bisa dipaké pikeun maluruh jeung nerangkeun dirina sorangan. Fungsi basa anu museur ka dirina téh disebut subyéktif, ari fungsina disebut fungsi métalinguistik.

Subyéktif dina basa téh bisa jadi ciri sora manusa jeung sora anu dikaluarkeun ku sato. Misalna, lamun anjing tepung jeung anjing deui, sok ngaluarkeun sora atawa ngagogog, tapi éta gogogan anjing téh teu bisa nerangkeun gogogan. Ari manusa bisa ngomong, sarta omonganna bisa dipaké nerangkeun deui omongan, bisa nyarita perkara caritanana. Ieu téh némbongkeun yén basa mangrupa pakakas pikeun mikir jeung nyarita.

2. Basa Sunda jeung Masarakatna

Basa mangrupa alat komunikasi nu kacida pentingna dina hirup kumbuh manusa. Ku lantaran kalungguhan basa anu kacida pentingna, ngalantaraneun basa teu pernah lepas tina kahirupan manusa jeung salawasna aya dina unggal kagiatan jeung kahirupanana. Basa mangrupa kagiatan manusa anu rinéka sarta tanpa wates, anu hésé ditangtuken salila hiji jalma pipindahan ti hiji kelompok masarakat ka kelompok masarakat lianna. Ari sababna, basa téh mangrupa warisan historis éta kelompok tur produk nu lumangsung lila anu dipaké ku masarakat (Pei & Gaynor dina Sudaryat, 2007:5).

Mun ditengetan leuwih jero tina wangenan basa di luhur, katitén aya hal nu nyangkaruk patalina jeung pasulanan basa jeung masarakatna. Di antarana basa mangrupa kagiatan manusa, salaku warisan historis kelompok masarakat, jeung dipaké ku masarakat. nurutkeun Hudson dina Mutmainah (2008:1-2) nételakeun yén masarakat téh sifatna henteu monolitik, tapi di

wangun ku kelompok-kelompok sosial anu awalna diwangun ku hiji hal anu sarua. Tina éta hal, bisa kapaham yén di unggal kelompok nyangkaruk ajén-ajén sosial jeung budaya anu digunakeun ku hiji basa nu bisa ngabédakeun antara hiji masarakat jeung masarakat basa séjénna.

Basa Sunda lahir bareng jeung lahirna masarakat Sunda katut budayana. Dina hirup kumbuhna, basa téh mibanda rupaning ragam basa. Ari ragam basa téh bisa disawang tina jihat nu makéna nu nyoko kana wewengkon, tahap atikan, jeung sikep panyaturna: biasa tina jihat makéna anu nyoko kana jejer omongan, sarana, jeung sipat pasosokna (Sudaryat, 2007:3).

Ragam basa Sunda nurutkeun warna makéna basa bisa disawang tina jihat jejer omongan, médium atawa sarana, jeung sipat pasosokna. Disawang tina jejer omongan aya ragam basa urang réa (balaréa) anu ilahar dipaké sapopoé jeung ragam basa urang aré nu dipaké husus dina widang jurnalistik, paélmuan, sastra, jeung agama. Disawang tina medium makéna aya ragam basa lisan anu dipaké dina paguneman atawa biantara, aya ragam basa tulis nu dipaké dina surat, koran, majalah jeung buku (Sudaryat, 2007:4).

Disawang tina jihat pasosokna, aya ragam basa nu nyunda jeung ragam basa nu teu nyunda. Ieu téh henteu ngandung harti masarakat Sunda ulah narima pangaruh tina basa lian. Nyerep unsur tina basa lian dimeunangkeun pisan, pangpangna dina hal pakeman-pakeman basa anyar dina basa Indonésia anu beuki loba tur populér sarta dina basa Sunda tacan aya sawandana (Sudaryat, 2007:5).

Ari ragam basa nu kapangaruhan ku latar, nyaéta naha di imah, dipakumbuhan, atawa di kantor. Imah jadi latar tempat panglobana dipakéna basa Sunda, ditéma ku latar pakumbuhan sapopoé misalna di sakola.

Asupna jalma-jalma nu asalna ti saluareun Jawa Barat bisa mangaruhan kabudayaan kayaning segi basa. Jalma-jalma nu asalna ti saluareun Jawa Barat loba kapangaruhan budaya daerah utamana basana. Sacara sadar atawa henteu sadar maranéhna ngadarangu jeung boga kahayang bisa nyarita basa nu aya di sabudeureunana. Nepi ka basa nu dimeunangkeun ku jalma-jalma nu asalna ti saluareun Jawa Barat mangrupa hasil budaya. Saperti nu ditétélakeun ku para ahli, sosiolinguistik sacara basajan ditétélakeun '*...the study of language as part of culture and society*' (ulikan basa salaku bagian tina kabudayaan jeung

masarakat. Aya kacindekan basa mangrupa bagian tina kabudayaan. Kedalna omongan atawa basa Sunda téh kapangaruhan ku tempat, waktu, jeung suasana makéna. Dimana dipakéna, iraha makéna, jeung kumaha waktu makéna.

Ragam basa nyaéta variasi basa nurutkeun pamakéna nu bédá-bédá nurutkeun topik nu dicaritakeun, hubungan caritaan, lawan panyatur, jeung jalma nu dicaritakeun sarta nurutkeun médium caritaanana. Saluyu jeung pamadegan Sudaryat (2007:3) yén ari ragam basa téh bisa disawang tina jihat nu makéna nu nyoko kana wewengkon, tahap atikan, jeung sikep panyaturna: biasa tina jihat makéna anu nyoko kana jejer omongan, sarana, jeung sipat pasosokna.

Ragam basa nurutkeun warna makéna basa bisa disawang tina jihat jejer omongan, medium atawa sarana, jeung sipat pasosokna. Disawang tina jejer omongan aya ragam basa urang réa (balaréa) anu ilahar dipaké sapopoé jeung ragam basa urang aré nu dipaké husus dina widang jurnalistik, paélmuan, sastra, jeung agama. Disawang tina médium makéna aya ragam basa lisan nu dipaké dina paguneman atawa biantara, aya ragam basa tulis nu dipaké dina surat, koran, majalah jeung buku (Sudaryat, 2007).

Disawang tina jihat pasosokna, ragam basa téh aya ragam basa nyunda jeung ragam basa teu nyunda. Ieu téh henteu ngandung harti masarakat Sunda ulah narima pangaruh tina basa lian. Nyerep unsur tina basa lisan dimeunangkeun pisan, pangpangna dina hal pakeman-pakeman basa anyar dina basa Indonesia anu beuki loba tur popiliér sarta tina basa Sunda tacan aya sawandana (Sudaryat, 2007).

Sangkan leuwih jéntré tur maham kana bagbagan ragam basa, ieu di handap dipedar ragam basa dumasar cara nyawangna

a. Ragam Basa dumasar kana Sawangan Panyatur

Dumasar kana sawangan panyatur ragam basa dipangaruhan ku ayana pangaruh daerah, pangaruh atikan jeung pangaruh sikep panyatur. Disawang tina pangaruh atikan, ragam basa bisa dibagi jadi tilu rupa nyaéta (1) basa Sunda sapopoé, (2) basa Sunda paélmuan, jeung (3) basa Sunda kastaaran.

Kahiji, basa Sunda sapopoé nyaéta basa Sunda anu dipakéna dina kahirupan sapopoé, dikedalkeun sacara lisan, suasana bisa resmi bisa teu resmi, boh di lingkungan kulawarga boh di lingkungan masarakatna. Basa Sunda sapopoé anu

husus dipaké ku hiji jalma disebutna (idéolék, parole), anu dipakéna ku lingkungan masarakat nu tangtu disebut dialék sosial (sosiolék), anu dipakéna di lingkungan wewengkon nu tangtu disebutna dialék wewengkon (dialék géografis), anu dipakéna nurutkeun bédana waktu bihari jeung kiwari disebutna dialék témporal (kronolék), jst.

Kadua basa Sunda paélmuan nyaéta basa Sunda anu dipakéna dina widang paélmuan saperti ngulik jeung medar hiji pasualan.

Katilu basa kasastraan nyaéta ragam basa anu husus dipaké dina widang kasastraan, dipaké keur ngébréhkeun hal-ha anu sipatna éndah (éstétis), tujuanana pikeun meunangkeun kasugemaan batin.

Disawang tina pangaruh sikep panyaturna, nu ngagunakeun basa Sunda dibagi dua nyaéta (1) nurutkeun umur, jeung (2) nurutkeun séks.

Kahiji, basa Sunda nurutkeun umur panyaturna ngawengku tilu rupa kyaning (1) basa budak nyaéta basa anu husus diparaké ku barudak, contona: éé, mamam, eueut, bobo, papa, jst, (2) basa rumaja nyaéta basa anu husus diparaké ku barudak rumaja, biasana boga anda husu anu disebut basa prokém, contona: méjéng, benci (bener-bener cinta), peramis (peranakan Ciamis), jst, (3) basa kolot nyaéta basa anu husus diparaké ku kolot, biasana raket patalina jeung piwuruk, malah ékonomi rumah tangga, kamajuan generasi ngora, jst.

Kadua, basa Sunda nurutkeun séks (jenis kelamin) ngawengku tilu rupa kyaning (1) basa awéwé nyaéta basa anu husus sok diparaké ku awéwé, biasana tumali jeung kageulisan, lingkungan dapur, jst, (2) basa lalaki nyaéta basa anu husus anu sok diparaké ku lalaki, biasana tumali jeung kabédasan, nyumponan pangabutuh kulawarga, masalah gawé beurat, jst, (3) basa binci nyaéta basa anu husus sok diparaké ku binci, biasana dicirian ku lentong nu husus.

b. Ragam Basa dumasar kana Tatakrama Basa Sunda

Istilah tatakrama basa umumna sok disebut undak usuk basa. Tatakrama basa mangrupa aturan sopan santun maké basa anu disaluyuan ku warga masarakatna, gunana pikeun silihormat jeung silihajénan. Lamun urang nyarita teu maké tatakrama basa hartina henteu sopan. Tatakrama basa Sundanyaéta hiji sistem ngagunakeun variasi basa Sunda anu aya patalina jeung kakawasaan

(power), kalungguhan (status sosial), kaakraban (*solidarity*), sarta patalina antara peran panyatur jeung paregep katut nu dicaritakeun.

Wangun tatakrama basa nyaéta sistem dipakéna ragam basa (lemes-wajar-kasar) anu raket patalina jeung kalungguhan, kakawasaan, katut dalit henteuna antara panyatur, paregep, jeung nu dicaritakeun.

1) Basa Lemes (Hormat)

Basa lemes nyaéta ragam basa anu umumna dipaké nyarita ka saluhureun atawa ka nu can wawuh. Éksprési ragam lemes (hormat) bisa katitén wujudna dina wangun lisan, pasemon, rengkuh jeung péta, jeung lentong.

Nilik ka nu makéna, basa lemes dibagi dua rupa:

- a) Basa lemes keur ka sorangan nyaéta ragam basa anu digunakeun husus keur diri sorangan atawa sasama waktu nyarita ka saluhureun atawa can wawuh.

Contona: Pun adi téh udur tos tilu dinten teu ka sakola.

- b) Basa lemes keur ka batur nyaéta ragam basa anu digunakeun husus keur diri batur saluhureun atawa can wawuh.

Contona: Sayogikeun baé atuh kanggo tuang leueutna mah.

2) Basa Wajar (Loma)

Basa wajar nyaéta ragam basa anu umumna dipaké dina situasi biasa atawa digunakeun ka babaturan nu geus loma. Koran, majalah, biantara umum, sawala, biasana sok maké basa loma campur basa lemes.

Contona: Saré mah bisa dibabaturan atawa di lanceuk kuring.

3) Basa Kasar (Cohag)

Basa kasar nyaéta ragam basa anu dipaké dina situasi keur ambek, atawa dilarapkeun ka sato. Contona: Ari sia, budak keur molor di dupak!

Gelarna kecap Lemes basa Sunda ngaliwataan dua prosés nyaéta (1) suplisi, jeung (2) parobahan jero.

Kahiji, Suplisi nyaéta prosés robahna kecap ku cara ngaganti wangun dasar sagemblengna nepi ka hasilna mangrupa wangun anyar anu béda tina wangun dasarna. Prosés suplisi téh dina basa kosta mah tumerap kana

parobahan wangun basa ku ayana gejala waktu. Ari dina basa Sunda mah sigana ku ayana parobahan kasar jadi lemes. Contona:

- (a) baju jadi raksukan
- (b) huntu jadi waos
- (c) méré jadi masihan

Parobahan jero nyaéta prosés ngawangun kecap ku cara ngaganti sabagian foném atawa engang dina jero éta kecap sorangan. Parobahan jero dina basa Sunda muncul ku cara:

(1) Ngarobah salahsahiji atawa leuwih fonéma:

- ✓ /u/ jadi /i/ : --- kuat kiat
--- murah mirah
- ✓ /u/ jadi /a/ : --- sebut sebat
--- rempug rempag
- ✓ /a/ jadi /i/ : --- rupa rupi
--- upama upami
- ✓ /i-u/ jadi /e-a/ :--- itung étang

(2) Ngarobah engang panungtung:

- ✓ ... jadi -os : --- nyarita nyarios
--- warta wartos
- ✓ ... jadi -jeng : --- payung pajeng
--- paju pajeng
- ✓ ... jadi nten : --- kira kinten
--- hampura hapunten
- ✓ ... jadi -ntun : --- kirim kintun
--- bawa bantun
- ✓ ... jadi -wis : --- nanda nawis
--- perkara perkawis

c. Ragam Basa dumasar kana Warna Makéna

Dumasar kana warna makéna, ragam basa dibédakeun jadi opat rupa, nyaéta (1) basa Sunda nurutkeun jejer omongan, (2) basa Sunda nurutkeun sarana, (3) basa Sunda nurutkeun interférensi, jeung (4) basa Sunda nurutkeun suasana.

Kahiji nurutkeun jejer omongan basa Sunda téh dipangaruhan pisan jembarna patali marga, atikan, profési, kalangenan tur pangalaman panyaturna. Widang-widang sarupa kitu téh kayaning: agama, pulitik, élmu pangaweruh, téhnologi, pacabakan, seni, jst.

Balukar jejer pasualan dina basa sok muncul rupa-rupa istilah kyaning istilah: 1) basa jeung sastra, 2) psikologi, 3) PKK, 4) kasenian, 5) agama, 6) administrasi, 7) ékonomi, 8) atikan, 9) sosiologi, 10) sajarah, hukum jeung pulitik, 11) kadokteran, 12) tatanén, kahutanan, perikanan, 13) kehéwanan, 14) kimia jeung farmasi, 15) géografi, 16) élmu pasti jeung alam, 17) téknik, jeung 18) pelayaran.

Kadua nurutkeun sarana anu dipaké ku panyaturna, basa Sunda aya dua rupa nyaéta ragam basa lisan jeung ragam basa tulis. Ragam basa lisan nyaéta ragam basa Sunda anu maké pakakas lisan, biasana kawilang gumantungna kana situasi, waktu, lingkungan, katut jalma nu diajak nyarita. Basa lisan bisa lumangsung pateuteup, ngaliwatan radio, televisi, telepon, jst.

Ari ragam basa tulisan nyaéta ragam basa Sunda anu maké pakakas tulisan, biasana leuwih nyusun batan basa lisan. Aturan tata tulis leuwih dikukuhan. Basa tulisan biasa dipaké dina surat, télegram, artikel, makalah, buku, jst.

Katilu nurutkeun interférénnsina nyaéta makéna basa anu pacampur tur silih pangaruhan jeung basa lianna ku hiji jalma dina widang adegan basa, gaya basa, jeung kontéks makéna.

Kaopat nurutkeun suasana dibédakeun ragam basa resmi jeung ragam basateu resmi. Ragam basa resmi nyaéta basa anu digunakeun dina kaayaan formal, saperti dina urusan susuratan, dina kaayaan ngajar, rapat, dina kaayaan nyarita jeung jalma nu teu wawuh atawa kalungguhanana aya dina saluhureunnana. Ari ragam basa teu resmi nyaéta basa anu digunakeun dina kaayaan teu formal, saperti dina nyarita sapopoé boh di lingkungan kulawarga boh di lingkungan masarakatna.

3. Tarékah Miara Basa Sunda

Basa Sunda ngadeg téh minangka gerbangna budaya Sunda. Basa jeung budaya teu bisa dipisahkeun, lantaran basa mangrupa salahsiji unsur anu ngawangun budaya hiji bangsa. Wajar upama aya kekecapan ‘leungit basana leungit budayana, leungit budayana leungit bangsana’. Ku kituna, Sangkan basa jeung budaya Sunda henteu musnah, perlu dipiara jeung diriksa.

Dina UUD 1945 Bab XIII Pasal 32, Ayat 2, tétéla pisan yén nagara ngahormat tur miara basa daerah salaku kabeungharan budaya bangsa. Dina Bab XVna, Penjelasan Pasal 36, nétélakeun yén di wewengkon-wewengkon anu mibanda basa sorangan, anu dipiara ku rayatna kalawan hadé-hadé (upamana basa Jawa, Sunda, Madura, jeung sajabana), éta basa-basa téh bakal diajénan jeung dipiara ogé ku nagara. Kitu ogé dina salah sahiji “tékad” nu aya dina “Sumpah Pemuda” nu unina *ngajungjung lungguh basa persatuan basa Indonesia* némbongkeun ayana kasang tukang basa daerah. Dumasar éta hal, bisa dicindekkeun yén di sagédéngéun basa nasional (basa Indonesia) minangka basa persatuan masarakat Indonesia sa-nusantara, ogé aya basa daerah anu wajib dipiara sakumaha ditetepkeun dina UUD 1945 tur Sumpah Pemuda di luhur.

Paragraf di luhur ngandung harti, yén lamun basa Sunda dipiara ku para panyaturna nyaéta ku urang Sunda anu jadi rahayat Jawa Barat kalawan hadé, tinangtu basa Sunda téh bakal diajénan tur dipiara ogé ku nagara. Tapi sabalikna, lamun urang Sunda ngantep kana basana, tinangtu ku nagara ogé bakal diantep moal dipiroséa. Jadi prakarsa urang Sunda daraék miara basana téh, mangrupa prasarat pikeun ayana pangajén jeung pangriksa ti pamarentah atawa ti nagara.

Ari nu jadi pupuhu rahayat jeung papayung masarakat Jawa Barat nu kudu soson-soson miara basa Sunda téh nyaéta Gubernur jeung Ketua Dewan Perwakilan Rakyat daerah Jawa Barat. Kawijakan Gubernur ngaliwatan kasaluyuan DPRD Propinsi Jawa Barat netepkeun kawijakan kumaha kuduna ari miara basa Sunda. Saperti jalna Peraturan Daerah (Perda) Propinsi Jawa Barat Nomor 5 Tahun 2003, tentang Pemeliharaan Bahasa, Sastra, dan Aksara Daerah.

Mungguhing Jawa Barat téa apan mangrupa daerah multi kultur jeung multi basa. Basa Sunda téh mangrupa salah sahiji basa daerah anu tumuwuh jeung mekar di sabagian gedé wilayah tatar Sunda.

Nu dipimaksud ku kecap “pemeliharaan” basa dina éta Peraturan Daerah (Perda) Nomor 5 Tahun 2003 nyaéta “upaya perlindungan, pengembangan, pemberdayaan, dan pemanfaatan” éta basa (Sunda).

Anu jadi tujuan miara basa ku éta Perda nyaéta:

- a. maheutkeun adegan jeung hubungan, makéna basa Sunda nepi ka jadi faktor pangrojong tumuwuhna jati diri jeung kareueus urang Sunda;
- b. muguhkeun kalungguhan jeung pancén basa Sunda;
- c. nangtayungan, mekarkeun, ngabelejagkeun jeung ngamangpaatkeun basa Sunda nu dipiharep bakal bisa ngarojong budaya nasional;
- d. ngaronjatkeun kualitas makéna poténsi basa Sunda (titénan Bab II, Pasal 2).

Mungguh nu jadi sasaran éta Perda nyaéta ngawujudna:

- a. kurikulum pangajaran basa Sunda, boh keur di sakola boh keur di luar sakola;
- b. kahirupan makéna basa Sunda nu leuwih hadé tur leuwih jembar;
- c. tingkat aprésiasi para panyatur basa Sunda kana kaéndahan basana leuwih hadé; jeung
- d. tingkat partisipasi para panyatur basa Sunda dina gerakan miara basa Sunda leuwih puguh (titénan Bab II Pasal 3).

Anu miboga wewenang jeung tanggung jawab pangluhurna pikeun miara basa Sundanyaéta taya lian, nya Gupernur, anu dina prakna mah éta wewenang jeung tanggung jawab téh babakuna dilaksanakeun ku Dinas Pendidikan jeung Dinas Kebudayaan jeung Pariwisata, tuluy diumumkeun ka sakumna panyatur basa Sunda. Hakékatna mah miara basa Sunda téh jadi tanggung jawab balaréa jeung saréréa, boh masarakat boh pamaréntah, boh Dinas Pendidikan boh Dinas Kebudayaan jeung Pariwisata, boh dinas-dinas séjénna, saperti Dinas Kaséhatan, Dinas Pertanian, Kanwil Agama jeung nu séjénna.

Mémang Gupernur bisa baé ngadegkeun badan atawa lembaga nu tugas pokok jeung pancénna husus miara, naliti jeung mekarkeun basa Sunda anu anggota-anggotana diwangun ku para ahli basa, akademisi, jeung tokoh masarakat anu pohara nyaah jeung mikacinta kana basa Sunda.

Éta wewenang jeung tanggung jawab Gupernur anu dilimpahkeun ka Kepala Dinas Pendidikan jeung Kepala Dinas Kebudayaan jeung Pariwisata katut instansi "terkait" séjénna ngawengku kagiatan-kagiatan saperti ieu di handap:

- a. ngayakeun rupa-rupa latihan, penataran, seminar, lokakarya, sawala, pasanggiri dina perkara ngagunakeun basa Sunda nu hadé tur bener,

- dimimitian ku para birokrat, para pamingpin, para guru, para dai, ibu-ibu, jeung para tokoh masarakat lianna;
- b. netepkeun basa Sunda jadi “basa panganteur” atikan boh di sakola, luar sakola boh di masarakat;
 - c. netepkeun basa Sunda jadi “basa resmi kadua” sajaba ti basa Indonesia dina ngalaksanakeun tugas Pamaréntah Daerah ti mimiti tingkat provinsi, tingkat kabupaten/kota, tingkat kacamatan nepi ka tingkat désa/kelurahan;
 - d. ngabantu medalna buku-buku pelajaran, modul atikan boh keur sakola, luar sakola, boh keur masarakat;
 - e. ngabelejagkeun jeung ngamangpaatkeun média massa basa Sunda, boh citak boh éléktronik;
 - f. ngagunakeun basa Sunda dina rupa-rupa aspék kahirupan masarakat (agama, ekonomi, pulitik, sosial, pendidikan, kaséhatan, lingkungan hirup, kabudayaan, pertahanan, jeung kaamanan) (titénan Bab III, Pasal 5 jeung Bab IV, Pasal 7).

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indicator hontalan diajar.
2. Baca pedaran matéri ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa panceén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran matéri ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung tingkesan matéri ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan/Kasus/Pancén

Jawab sakur pananya atawa paréntah ieu di handap!

1. Kumaha ceuk pamadegan Sadérék perkara basa Sunda?
2. Jéntrékeun naon anu dimaksud basa sunda ték mibanda sifat arbitré jeung konvénisional!
3. Tétélakeun naon nu dimaksud masarakat basa?
4. Sebutkeun naon waé tarékah pikeun miara basa Sunda?

5. Nilik kana Perda nomor 5 taun 2003, sasaran naon waé nu hayang dihontal dina “upaya perlindungan, pengembangan, pemberdayaan, dan pemanfaatan” éta basa (Sunda)?

F. Tingkesan

Dina kalungguhanana jadi basa daerah, basa Sunda miboga sababaraha fungsi (kalungguhan) di masarakatna, di antarana: lambang kareueus daerah,lambang jatidiri daerah,pakakas atawa alat gaul di kulawarga jeung masarakat daerah,pangdeudeul basa nasional,basa panganteur di SD kelas-kelas handap di Jawa Barat, jeungpakakas pikeun mekarkeun jeung ngadeudeuleud budaya Sunda.

Tarékah pikeun maluruh hakékat basa Sunda ditilik tina sifat basa. Basa téh mibanda sifat salaku (1) hiji sistem, (2) sora omongan (*vokal*), (3) simbolis), (4) arbitré, (5) unik, (6) hiji kabiasaan, (7) komunikatif, (8) kultural, (9) barobah, (10) rinéka, (11) ragem, (12) ngamasarakat, jeung (13) midunya.

Tarékah pikeun miara basa Sunda, diantarana nyaéta:ngayakeun rupa-rupa latihan, penataran, seminar, lokakarya, sawala, pasanggiri dina perkara ngagunakeun basa Sunda nu hadé tur bener, dimimitian ku para birokrat, para pamingpin, para guru, para dai, ibu-ibu, jeung para tokoh masarakat lianna;netepkeun basa Sunda jadi “basa panganteur” atikan boh di sakola, luar sakola boh dimasarakat;netepkeun basa Sunda jadi “basa resmi kadua” sajaba ti basa Indonesia dina ngalaksanakeun tugas Pamaréntah Daerah ti mimiti tingkat provinsi, tingkat kabupaten/kota, tingkat kacamatan nepi ka tingkat désa/kelurahan;ngabantu medalna buku-buku pelajaran, modul atikan boh keur sakola, luar sakola, boh keur masarakat;ngabelejagkeun jeung ngamangpaatkeun média massa basa Sunda, boh citak boh éléktronik;ngagunakeun basa Sunda dina rupa-rupa aspék kahirupan masarakat (agama, ekonomi, pulitik, sosial, pendidikan, kaséhatan, lingkungan hirup, kabudayaan, pertahanan, jeung kaamanan) (titénan Bab III, Pasal 5 jeung Bab IV, Pasal 7).

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukan ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana matéri ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa ciri basa Sunda lulugu nu dihontal Sadérék:

90 – 100	= Alus Pisan
80 – 89	= Alus
70 – 79	= Cukup
< 68	= Kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap pangabisa 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun matéri kana Kagiatan Diajar VI. Tapi, lamun tahap pangabisa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui ngaderes matéri dina Kagiatan Diajar V, pangpangna matéri nu tacan kacangkem.

KAGIATAN DIAJAR 6

FUNGSI BASA SUNDA SALAKU BASA DAÉRAH

A. Tujuan

Tujuan umum nu dipiharep saréngséna Sadérék ngulik Kagiatan Diajar Vlnyaéta sangkan Sadérék mibanda kamampuh pikeun ngajéntrékeun fungsi basa Sunda salaku bahasa daerah. Anapon tujuan husus anu dipiharep tina ieu pedaran sangkan Sadérék bisa ngajéntrékeun

1. tiori jeung konsép fungsi basa Sunda, jeung
2. fungsi basa Sunda salaku basa daerah.

B. Indikator KahontalnaKompeténsi

Dumasar tina tujuan di luhur, indikator hontalan kompeténsi pedaran nyaéta bisa némbongkeun fungsi bahasa Sunda salaku bahasa daerah. Éta Indikator téh bisa diwincik deui jadi opat, nyaéta:

1. bisa ngajéntrékeun tiori jeung konsép fungsi basa Sunda, jeung
2. bisa ngajéntrékeun fungsi basa Sunda salaku basa daerah

C. Pedaran Matéri

Basa daerahnyaéta alat nu bisa dipaké pikeun némbongkeun kabeungharan budaya hiji suku bangsa. Ayana rupa-rupa basa téh jadi idéntitas pikeun hiji kelompok manusa nu nyicingan hiji daerah nu tangtu. Basa daerah kaasup salah sahiji kabeungharan bangsa nu ditangtayungan ku undang-undang jeung kudu dimumulé eksisténsina.

Basa Sunda salaku basa daerah nu hirup di Jawa Barat, nu masih aya dina ambahan Nagara Indonesia tinangtu méré ciri khas nu unik, utamana pikeun urang Sundana sorangan. Basa Sunda éta sorangan mangrupa cabang Melayu-Polinesia dina rumpun basa Austrónésia. Ieu basa téh dipaké kurang leuwih ku 42 juta urang ogé mangrupa basa ka dua panglobana sanggeus basa Jawa. Basa Sunda paké di lingkung Jawa Barat (iwal ti daerah Pantura nyaéta daerah tujuan *urbanisasi* nu manapanyaturieu basa, beuki dieu beuki ngurangan), ngalegaan nepi wates Kali Pemali (Cipamali) di wilayah Brebes, Jawa Tengah jeung daerah kidul Propinsi Banten.

Umumna basa Sunda miboga 4 ragam dialék, nyaéta dialék Bandung (Sunda Priangan), Bogor, Banten jeung Cirebon. Kasang tukang ayana éta dialék téh lian ti bawaan budaya asalna, tapi ogé tina sajarah budaya hiji jeung budaya séjénna. Dialék Bandung atawa Sunda Priangan teu bisa leupas tina pangaruh budaya Mataram di tatar Sunda.

Kiware basa Sunda téh kaasup basa daerah nu masih dipiara tur dipaké ku masarakatna, sarta mangrupa basa Indung pikeun sakbéh masarakat Jawa Barat. Salaku basa daerah hirup kumbuhna basa Sunda ogé ditangtayungan ku nagara, luyu jeung UUD RI taun 1945 BAB XIII pasal 32 ayat 2 yén “Nagara ngajénan jeung miara basa daerah minangka kabeunharan budaya nasional”. Sedengkeun nurutkeun Murianupi (dina <http://merianupi.blogspot.co.id/2011/12/Sundanis.html?m=1>) kalungguhan basa Sundanyaéta status rélatif basa Sunda salaku sistem lambang ajén inajén budaya anu dipatalikeun jeung kamampuh basa Sunda dumasar kana ajén inajén masarakat Sunda. Basa Sunda disebut basa daerah jeung basa Indung, lantaran tumuwuh jeung sumebar di lingkungan masarakat Sunda (Jawa Barat) anu didadasaran ku ajén inajén budayana. Ku kituna, ieu hal téh luyu jeung UUD 45 bab XV penjelasan pasal 36 anu unina

“Di daerah-daerah yang mempunyai bahasa sendiri yang dipelihara oleh rakyatnya dengan baik (misalnya bahasa Jawa, Sunda, Madura, dsb), bahasa-bahasa itu akan dihormati dan dipelihara oleh Negara. Bahasa-bahasa itu pun merupakan sebagian dari kebudayaan Indonesia yang hidup”

Kalungguhan ayana basa Sunda dirojong kuat ku pamaréntah. Bukti séjén dipiarana basa Sundanyaéta kaluarna Perda Provinsi Jawa Barat No. 5 Tahun 2003 ngeunaan Pemeliharaan Bahasa, Sastra, dan Aksara Daerah serta Petunjuk Pelaksanaannya. Sajaba ti éta aya rekomendasi ti UNESCO taun 1999 ngeunaan “ngamumulé jeung mupusti basa-basa indung di dunya”.

Kalungguhan basa Sunda minangka basa daerah, saperti anu dicindekkeun ku Seminar Politik Bahasa Nasional 1975 di Jakarta, basa Sunda miboga pancén atawa fungsi salaku: 1) lambang kareureus daerah; 2) lambang idéntitas daerah; 3) pakakas gaul di lingkungan kulawarga, jeung masarakat daerah; 4) basa panganteur di sakola dasar timimiti kelas 1 nepi ka kelas 3; 5) pangrojong basa nasional; 6) pangrojong jeung pamekar kabudayaan nasional.

Dina hirup kumbuh sapopoé, basa Sunda mibanda anéka ragem basa. Ieu hal ngalantarankeun basa Sunda beunghar ku basana. Salaku urang Sunda, kudu reueus kana basana sorangan, lantaran masih miboga kabeungharan kecap sarta basana anu teu dipiboga ku masarakat séjén. Saupama basa téh diibaratkeun jalma, tangtuna waé basa séjén bakal ngarasa sirik ka basa Sunda, lantaran masih loba masarakat anu maliré tur ngokolakeun basa Sunda. Ayana paguyuban jeung organisasi kaSundaan miboga peran penting pikeun kalumangsungan basa Sunda, saperti DAMAS, LBSS, Paguyuban Pasundan, LKMP, Yayasan Rancagé, jeung sajabana. Basa Sunda dipupusti, dimumulé, diriksa, jeung dijaga ku masarakan Sunda lantaran ieu basa téh salaku lambang kareueus daerahna. Iskandar (dina Haerudin) nétélakeun yén basa Sunda nepi ka ayeuna masih kénéh dijadikeun kareueus nonoman Sunda. Haerudin ogé nambahán dina artikelna, saupama merhatikeun masarakat kalangan selebriti, hal anu matak reueus keur maranéhna téh nyaéta lamun bisa ngagunakeun basa Sunda dina komunikasina.

Hiji jalma katingali urang Sunda, lamun manéhna bisa ngomong basa Sunda. Ieu fungsi basa Sunda salaku lambang idéntitas daerah. Basa Sunda dianggap salaku cerminan sikép jeung réngkak polah urang Sunda. Saupama diteuleuman leuwih jero, basa daerah khususna basa Sunda ogé bisa dipaké pikeun nyambungkeun komunikasi antar generasi, sabab basa daerah mangrupa basa nu dipaké ku kolot atawa para leluhur. Masarakat dina hiji generasi bakal leuwih wanoh ka kahirupan generasi saencanna dina hiji suku bangsa, ku cara maké basa daerah nu geus jadi warisan pikeun generasi saterusna.

Basa Sunda salaku idéntitas urang Sunda kudu diriksa tur di mumulé, sabab ieu basa masih kénéh dalit di masarakat Sunda utamana masarakat anu aya di padésaan. Tapi, di sabudeureun masarakat kota nu geus kapangaruhan ku basa jeung budaya séjén, basa Sunda geus ngamimitian teu dipaké. Idéntitas urang Sunda teu nyampak sagemblengna nalika urang Sunda dina hal interaksi geus lain maké basa daerahna tapi maké basa Indonésia. Maké basa indonésia salaku basa nasional mémang hadé, sabab basa Indonésia mangrupa basa *persatuan*. Tapi saupama urang Sunda maké basa Indonésia di sabudeureun wilayah tatar Sunda ieu hal matak jadi pikasalempangeun. Sabab basa Sunda salaku idéntitas média komunikasi Sunda nu nandakeun sikep jeung réngkak paripolah urang

Sunda, hiji waktu bisa robah jeung bakal mangaruan ciri khas tina étnik sakelompok masarakat nu aya di tatar Sunda.

Makéna basa Sunda salian ti salaku alat komunikasi ogé miboga fungsi pikeun kamekaran sastra, tradisi, budaya jeung eunteung pikeun réngkak polah urang Sunda. Sabab ngaliwatan sastra jeung budaya urang Sunda tangtu loba pisan ajén-ajén kaarifan lokal anu aya di jérона. Saupama masarakat Sunda geus mikadeudeuh kana basa daerahna sorangan, ku kituna naon-naon nu kaluar ti dirina bakal dipikadeudeuh jeung dimumulé. Sastra Sunda nu kiwari geus luntur, kaarifan budaya Sunda nu geus kapopohokeun bakal kajaga.

Salian ti éta basa Sunda salaku eunteung tina kasopanan urang Sunda. Bisa dilarapkeun tina makéna undak-usuk. Saupama hal ieu bisa dilaksanakeun, geus tangtu ajén-ajén kaarifan lokal bakal nyampak di masarakat Sunda. Norma basa mangrupa indikator kahiji tina sifat jeung sikep hiji jalma.

Salah sahiji tarékah pamaréntah dina nanjeur ajén inajén budaya Sunda salaku idéntitas urang Sundanyaéta ayana kagiatan *Rebo Nyunda*. Ieu kagiatan mangrupa implementasi tina Peraturan Daerah (Perda) Nomor 9 Tahun 2012 pasal 10 ayat 1b anu nétélakeun “*bahwa setiap hari Rabu ditetapkan sebagai hari berbahasa Sunda dalam semua kegiatan Pendidikan, Pemerintahan dan kemasyarakatan*” (Wikipedia:2014).

Ku ayana ieu kagiatan, Pamaréntah miharep sangkan basa jeung budaya Sunda henteu dadas ku mangsa, gugus ku waktu. Idéntitas urang Sunda bakal tuluy katitén saupama masarakatna ngalarapkeun basa jeung budaya Sunda.

Basa Sunda téh miboga fungsi salaku pakakas gaul di lingkungan kulawarga, jeung masarakat daerah. Nurutkeun Sudaryat (2007:2) hirup kumbuhna basa Sunda raket patalina jeung kahirupan sosial-budaya nu makéna. Ku kituna, jaba ti jadi unsur budaya Sunda, basa Sunda miboga fungsi jadi wahana pikeun mekarkeun budaya Sunda deuih. Jaba ti éta, basa Sunda anu mibada kalungguhan jadi basa daerah téh sagulung-gulung jeung basa Indonésia katut basa asing. Balukarna di antara éta basa-basa téh pasosok.

Dipakéna basa Sunda téh kapangaruhan ku latar, nyaéta naha di imah, pakumbuhan atawa di kantor. Sedengkeun ari nu jadi pangdorong dipakéna basa Sunda mah nyaéta patali jeung batur nyarita. Upamana lamun kasaluhureun,

kadaék ngagunakeun basa Sunda tangtu leuwih gédé batan ka sahandapeun, sabab ari ka sahandapeun mah (sapantaran, babaturan) biasana sok maké campur basa nyaéta basa Sunda jeung Indonésia.

Cindekna mah basa Sunda dipaké ku balaréa, rupa-rupa golongan masarakat, boh kota boh di pilemburan, dina nyaritakeun rupa-rupa jejer dina kahirupan. Naon nu dicaritakeunana, ku saha nyaritana, dimana tempatna, iraha waktuna, patali jeung adat kabiasaan atawa henteu, éta téh nangtukeun dina milih basa naon anu dipaké, naha basa Sunda atawa basa Indonésia. Hal lianna anu nangtukeun nyaéta kamampuh panyatur dina maké basa Sunda éta sorangan.

Basa Sunda dijadikeun basa panganteur pangajaran di kelas-kelas dasar lantaran ieu téh salaku basa kahiji anu *diperoleh* ku barudak minangka basa Indungna. Dina Pasal 5 ayat 7 Perda No. 5 Tahun 2003 nétélakeun yén Pamaréntah dina ieu hal nyaéta Dinas Pendidikan (Disdik) pikeun ngafasilitasi kalumangsungan basa Sunda salaku basa panganteur di sakola dasar timimiti kelas 1 nepi ka kelas 3 jeung di *Taman Kanak-kanak*. Ieu hal téh mangrupa wujud tina *pengaplikasian* ajakan UNESCO tadi, dina narékanan “ngamumulé jeung mupusti basa-basa indung di dunya”. Sajaba ti éta lantaran murid sakola dasar acan nyangkem kana basa Indonesia salaku basa kaduana. Ku kituna, pangaran basa Sunda di sakola dasar bakal dipaké pakakas gaul ku barudak di lingkungan kulawarga, jeung masarakat daerah. Atikan basa Sunda mangrupa kawajiban moral pikeun masarakat Sunda, boh sacara lembaga boh sacara individual.

Sacara individual, atikan basa Sunda bisa dilarapkeun ka barudak dina lingkungan kulawarga. Ngadidik barudak mangrupa kawajiban kolot, jeung pikeun masarakat Sunda ngadidik barudakna pikeun maké basa Sunda mangrupa kawajiban moral pikeun ngalahirkeun sikep normatif dina lingkunganana. Ku kituna, atikan dina maké basa Sunda kudu dilarapkeun ti generasi kulawarga kénéh.

Nurutkeun Kebijaksanaan Umum Pendidikan Dasar dan Menengah dina Kosasih(2008) “*pengembangan kurikulum merupakan suatu prosés yang dinamik antara lain dengan berdasarkan ada prinsip pendidikan multikultur dan multibahasa. Indonesia terdiri atas masyarakat dengan beragam budaya*

bahasa, dan agama. implikasi dari hal tersebut yaitu bahwa pendidikan perlu menerapkan metodik yang produktif dan kontekstual untuk mengakomodasikan sifat dan sikap masyarakat pluralistik dalam kerangka pembentukan jati diri bangsa”.

Basa panganteur pangajaran nurutkeun Kebijaksanaan Umum Pendidikan Dasar dan Menengah dina Kosasih (2008) ditétekakeun:

“Pada tahun pertama dan kedua sekolah dasar dapat digunakan bahasa ibu yang digunakan oleh sebagian besar peserta didik sebagai bahasa pengantar dalam kegiatan pembelajaran.pada tahun ketiga dan sampai dengan enam, bahasa Indonesia mutlak digunakan sebagai bahasa pengantar dalam pembelajaran

*Padajenjangpendidikan menengah,bahasa pengantar pembelajaran untuk mata pelajaran tertentu dapat menggunakan bahasa Indonesia dapat juga menggunakan bahasa inggris untuk mata pelajaran tertentu. kurikulum dapat dielaborasi oleh daerah/ dan atau sekolah sesuai dengan kondidisi dan kepentingan daerah atau sekolah. hasil elaborasi yang dilakukan daerah atau sekolah berupa silabus yang cocok dengan kondisi dan kepentingan daerah.daerah dapat menambah mata pelajaran **bahasa daerahkesenian, dan kearifan lokal**) dengan porsi maksimal 4 jam pelajaran per minggu.*

*Jika di sekolah dasar pada tahun pertama dan kedua boleh menggunakan bahasa pengantar bahasa ibu bahasa Sunda di seagaian besar wilayah jawa barat, maka logis sekali bila di Taman Kanak-kanak pun **digunakan bahasa pengantar bahasa daerah**”*

Salian jadi basa panganteur dinapangajaran, Kasariusan pamaréntahdina ngawujudkeun fungsi pendidikan kawijakan pamaréntahdaerah dibuktikeun ku disarungsumna kurikulum pendidikan muatan lokal basa Sunda. Saperti dina kurikulum pendidikan dasar jeung menengah, merenah pisan upama pangajaran basaSunda miboga kalungguhan jeung perlakuan nu saimbang jeung pangajaranséjenna. Basa Sunda diajarkeun di sakola-sakola dadarsarna kana fungsi basa Sunda, nu utama nyaéta pikeun komunikasi tegesna keur nepikeun eusi haté, rasa, kahayang, jeung sarupaning pamaksudan ka nu lian ku sistem lambang sora nu arbitré” (Yudidibrata, 1990).Dina kurikulum muatan lokal basa Sunda standar kompeténsi diajukeun pikeun ngamekarkeun pangaeruh, kaparigelan basa, jeung sikep nu positif kana basa sastra Sunda. Ieu standar kompeténsi disarungsum ku cara merhatikeun ogé kalungguhan basa jeung

sastra Sundasalaku sastra nusantara. Éta tinimbangan téh lumaku kana fungsi pangajaran basa jeung sastra Sunda salaku:

- sarana pembinaan sosial budaya regional Jawa Barat
- sarana pikeun ngaronjatkeun pangaweruh , kapariggelan, jeung sikep dina raraga ngamekarkeun jeung ngamumule budaya
- sarana pikeun ngaronjatkeun pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep pikeun ngahontal jeung ngamekarkeun élmu pangaweruh, téhnologi, jeung seni.
- sarana pembakuan jeung penyebarluasan, dina mакена basa Sunda ikeun rupa-rupa kaperluan
- sarana ngamekarkeun nalar
- sarana pikeun maham kana ragem rineka budaya daerah(Sunda). (Kurikulum Muatan Lokal Basa Sunda, 2004)

Nagara *multikultur* jeung *multibasa* saperti nagara Indonesia, bakal boga hahalang nu leuwih loba batan nagara nu boga ékabasa boh ti séktor ekonomi, industri jeung gangguan sosial. Saupama ditingali dina séktor ekonomi bener pisan ku ayana basa nu ragem téh bakal ngarojong ekonomi, komo di jaman téhnologi kaayeunakeun urang salaku urang Sunda boga kasempétan nu lega pikeun ngalakukeun promosi anu gencar ka dunya internasional, salasahijina dina séktor pariwisata ka-Sundaan nu unik.

NurutkeunFishman, basa nyekel peranan penting saperti kabudayaan,agama, jeung sajarah, *language serves a link with ‘the glorious past’ and authenticity* (Fashld, 1984:3) dina Sulistyaningtiyas (2008). Ari Garvinjeung Mthiot dina Sulistyaningtiyas (2008) nételakeun yén fungsi basa patalina jeung nasionalisme nyaéta fungsi *pemersatu (unflying)* jeung fungsi *pemisah (separatist)*. Fungsi pemersatu nyoko kana perasaan para anggota hiji nasionalitas yén maranéha dihijkeun atawa aya dina hiji beungkeutan basa. Fungsi nu kadua leuwih nyoko kana perasaan para anggota nasionalis yén maranéha béda jeung “terpisah” ti nu lian pikeun make basa séjén. Fungsi pemersatu di dieu bisa dipaké pikeun ngahijkeun masarakat Sunda khususna sangkan boga presépsi nu sarua kana basa Sunda. Nu kadua fungsi *pemisah (separatist)*, bisa dipaké pikeun numuwuhkeun rasa reueus kana basa Sunda nu béda jeung basa daérahséjenna nu boga kaunikan masing-masing. Ieu hal ogé bisa nimbulkeun sikep pikeun ningkatkeun kompetisi dina widang basa, misalna paloba-loba

nyiptakeun karya-karya patali jeung sastra atawa paélmuan séjénnna dina basa daerah sangkan basa daerahna tetep éksis di unggal jaman. Ku kituna, kabudayaan nasional bisa dimekarkeun jeung dilegaan ambahanana ngaliwatan budaya-budaya lokal anu diciptakeun ku masarakat daerahna séwang-séwangan.

Di tataran nasional, ku ayana basa Sunda saperti karya-karya boh sastra atawa pamikiran nu diébréhkeun dina wangun tulisan atawa infromasi nu ngagambarkeun yén masarakat Sunda téh éksis jadi pangrojong jati diri urang Sunda. Tah Saupama ditilik di tataran Internasional, ayana basa Sunda bisa nambah pangrojong kana idéntitas nagara Indonesia di mata dunia salaku nagara nu beunghar basa jeung budayana.

Basa téh cicirén bangsa, leungit basana leungit ogé bangsana. Sakumaha anu geus dipedar tadi, Indonesia téh mangrupa nagara anu multibasa, nu ampir diunggal wilayahna miboga basa anu bédabédé. Kalungguhan basa daerah geus tangtu jujutanana dina undang-undang. Tapi kanyataanana kiwari geus aya sababara basa daerah anu geus tumpur. Sakumaha hasil panalungtikan Prof. Dr. Arief Rahman anu nétélakeun yén tumpurna basa daerah di Indonesia di antarana: di kalimantan 50 basa daerah kaancam tumpur sarta hiji di antarana geus tumpur. Tina 13 basa di Sumatra, dua kaancam tumpur, sarta hiji diantarana geus tumpur. Sulawesi miboga 110 basa, 36 kaancam tumpur sarta hiji di antarana geus tumpur. Tina 80 basa daerah di Maluku, 22 kaancam tumpur sarta 11 geus tumpur. Di daerah Timor, Flores, Bima jeung Sumba aya 50 basa, 8 diantarana kaancam tumpur. Di daerah papua jeung Halmahéra aya 271 basa, 56 basa kaancam tumpur. Di Jawa can aya basa daerah anu kaancam tumpur (Khotimah: 2012)

Éta hasil panalungtikan téh bisa jadi pieunteungeun keur masarakat Sunda. Kuduna basa Sunda téh dipiara ku panyaturna, nyaéta ku urang Sunda, anu jadi rahayatna Jawa Barat kalayan hadé , tinangtu basa Sunda téh bakal diajénana tur dipiara ku nagara. Tapi sabalikna lamun urang Sunda culjeun kana basana tinangtu ku nagara ogé bakal diantep moal diprosés. jadi prakarsa urang Sunda daraék miara Sunda téh, mangrupa prasarat pikeun ayana pangajén jeung pangriksa ti pamaréntah atawa ti nagara.

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar anu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna diajar.
2. Baca pedaran matéri ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran matéri ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung tingkesan matéri ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan/ Kasus /Pancén

1. Jéntrékeun nu dimaksud fungsi basa!
2. Jéntrékeun fungsi basa Sunda!
3. Jéntrékeun fungsi basa Sunda salaku basa daerah!
4. Tataan sababaraha tinimbangan fungsi mata pelajaran basa jeung sastra Sunda patalina jeung pangajaran di sakola!
5. Tuliskeun Pasal 5 ayat 7 Perda No. 5 Tahun 2003 sarta tétélakeun maksudna!

F. Tingkesan

Kalungguhan basa Sunda nyaéta status rélatif basa Sunda salaku sistem lambang ajén-inajén budaya anu dipatalikeun jeung kamampuh basa Sunda dumasar kana ajén-inajén masarakat Sunda. Basa Sunda miboga pancén atawa fungsi salaku: (1) lambang kareureus daerah; (2) lambang idéntitas daerah; (3) pakakas gaul di lingkungan kulawarga, jeung masarakat daerah; (4) basa panganteur di sakola dasar timimiti kelas 1 nepi ka kelas 3; (5) pangrojong basa nasional; jeung (6) pangrojong jeung pamekar kabudayaan nasional. Basa Sunda téh miboga fungsi salaku pakakas gaul di lingkungan kulawarga, jeung masarakat daerah. Nurutkeun Sudaryat (2007), hirup kumbuhna basa Sunda raket patalina jeung kahirupan sosial-budaya nu makéna. Ku kituna, jaba ti jadi unsur budaya Sunda, basa Sunda miboga fungsi jadi wahana pikeun mekarkeun budaya Sunda deuih.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana matéri ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa matéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap pangabisa 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun matéri kana Kagiatan Diajar VII. Tapi, lamun tahap pangabisa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui ngaderes matéri dina Kagiatan Diajar VI, pangpangna matéri nu tacan kacangkem.

KAGIATAN DIAJAR 7

CIRI BASA SUNDA LULUGU

A. Tujuan

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar VII, Sadérék dipiharep mibanda kamampuh pikeun ngajéntrékeun

1. maksud basa Sunda lulugu,
2. ciri basa Sunda lulugu, jeung
3. fungsi basa Sunda lulugu.

B. Indikator KahontalnaKompeténsi

Indikator kahontalnaKompeténsi kagaiatan Diajar VII, nyaéta

1. bisa ngajéntrékeun maksud basa Sunda lulugu.
2. bisa ngajéntrékeun ciri basa Sunda lulugu.
3. bisa ngajéntrékeun fungsi basa Sunda lulugu.

C. Pedaran Matéri

1. Tiori jeung Konsép Basa Sunda Lulugu

a. Tiori Basa Sunda Lulugu

Basa Sunda mangrupa basa kadua panggedéna salian ti basa Jawa. Nurutkeun Sudaryat, spk. (2013), basa lulugu (baku, standar) nyaéta ragam basa atawa dialék anu geus ditetepkeun tur dijadikeun standar maké na ku masarakat basana. Basa lulugu mangrupa basa gunggungan (persatuan) di masarakat basa nu mibanda rupa-rupa dialék sarta ditarima dina situasi resmi kayaning buku ilmiah, biantara, upacara adat, serat-sinerat, jsté. Sedengkeun basa Sunda lulugu (baku, standar) nyaéta basa Sunda anu geus ditetepkeun tur dijadikeun standar makéna ku masarakat urang Sunda. Anu dianggap basa Sunda lulugu téh nyaéta basa Sunda wewengkon Priangan (utamana Bandung). Basa baku, basa standar atawa basa lulugu mangrupa basa anu mibanda sipat *vitalitas* jeung *inteléktualitas*. Hiji, basa disebut *vitalitas* lamun éta basa téh mampuh tumuwuh jeung

mekar kalawan anteb luyu jeung kaidah basana nu relative angger, tapi henteu kaku lantaran bisa robah pikeun narima pangaruh basa séjén, boh kandagakecapna boh adeganana. Ku kituna, basa baku kudu hirup bari jeung hurip atawa kudu *stabilitas dinamis* sipatna, anteb tur luwes kaédahna.

Ari sipat nu kadua tina basa baku nyaéta *inteléktualitas*. maksudna nyaéta basa baku kudu miboga kamampuh ilmiah nu bisa ngébréhkeun prosés mikir anu ruwed tina rupining kagiatan paélmuan, téknologi, informatika, jeung patali marga masarakatna. Jaba ti éta, basa baku téh mibanda otonomi atawa wewenang pikeun tumuwuh jeung mekar di wewengkon masarakat nu makéna. Basa baku lain hiji-hijina ragam basa, ngan jadi calecer keur ragam basa séjénnna. Basa baku leuwih nyoko kana ngaragemkeun jeung ngalulugukeun kaédah basa, tapi lain hartina ngakurkeun sakumna ragam basa (Sudaryat, spk. 2013).

Nurutkeun *The Dictionary of Language and Linguistics* nyebutkeun yén basa lulugu nyaéta ragam basa anu dipikaresep ku masarakatna, sok dijadikeun dasar dina nyarita masarakat anu miboga atikan luhung ogé di sabudeureun puseur kabudayaan atawa pulitik tina hiji masarakat bangsa.

Nurutkeun V. Mathesius jeung B. Havranek nyebutkeun yén basa baku kudu ditandaan ku: (1) stabilitas anu alus pikeun bisa nyaluyukeun jeung parobahan-parobahan kultural, jeung (2) intéléktualitas nyaéta téndénsi ka arah unggara anu leuwih taliti, tepat jeung pasti, tatabasana leuwih sistematis jeung kabeungharan kecapna leuwih jelas jeung bener-bener keuna kana tujuan anu dimaksud, dina harti unggal kecap jeung kalimah anu digunakeun teu nimbulkeun tafsiran ganda ka pamiarsa.

Kitu deui, Sudaryat, spk. (2013) nétélakeun yén anu dimaksud lulugu atawa standar dina *harti umum*, nyaéta unggal paripolah budaya manusia anu gelar dimasarakatna. Sedeng *harti hususna*, nyaéta aturan-aturan atawa norma-norma nu geus ditetepkeun ku masarakatna ku masarakat nu makéna. Dina istilah basa, lulugu atawa standar nyaéta norma atawa aturan basa nu geus umum sarta ditetepkeun cara makéna ku masarakat éta basa. sedeng nu dimaksud *basa Sunda lulugu*, nyaéta basa Sunda anu geus ditetepkeun atawa dijadikeun standar makéna ku masarakat Sunda.

Tina sakabéh pamadegan di luhur mibanda sasaruaan nyaéta basa lulugu téh mangrupa basa standar anu dipaké ku masarakat. Bisa dicindekkeun yén basa lulugu nyaéta basa anu dijadikeun tur ditetepkeun jadi basa standar ku masarakat lega, boh dina éjahanana, tatabasana, boh dina kabeunharan kecapna.

b. Fungsi Basa Sunda Lulugu

Nurutkeun Sudaryat, spk. (2013), basa lulugu miboga rupa-rupa pancén atawa fungsi, nyaéta saperti nu dipedar dina poin-poin di handap ieu.

1) Tali mimitran

Basa lulugu miboga pancén pikeun ngaraketken tali mimitran antar panyatur tina rinéka dialék, pakakas komunikasi panyatur nu hétérogén boh lisan boh tulisan.

Basa lulugu jadi ciri kapribadian (idéntitas) panyaturna, baris ngandelan rasa kapribadian kaSundaan geus ngarojong “ka-Bhineka Tunggal Ika-an” budaya tur basa Indonesia.

2) Pananda Komara

Basa lulugu baris mawa komara/wibawa (*prestise*) panyaturna. Ku makéna basa lulugu moal jadi ngageuhgeuyan para panyatur séjenna.

3) Raraga Acuan

Basa lulugu jadi raraga acuan, calecer (*frame of reference*) nu disaluyukeun ku sakumna masarakat basa geusan ngajén kalayan bener tur merenah henteuna ragam basa nu dipaké.

c. Ciri-ciri Basa Lulugu

Sudaryat, spk. (2013) nétélakeun yén hiji basa téh disebut basa lulugu saupama bisa nyumponan pasaratan saperti otonomi, vitalitas, intéléktualitas, jeung historitas. Pedaranana saperti ieu di handap.

1) Otonomi

Basa Sunda lulugu mangrupa basa anu ngabogaan wewenang pikeun tumuwuh jeung mekar sarta mandiri, boh di wewengkon Sunda sorangan

boh di wewengkon séjénna. Bédana jeung basa dialék nyaéta lain ngan saukur dina vérsina, tapi jadi calecer ragam basa séjénna. Ku kituna, tempat cicingna basa lulugu aya di puseur kagiatan politik jeung pamaréntahan, anu miboga kamungkinan gedé tumuwuh jeung mekar sacara jembar.

2) Vitalitas

Basa lulugu dipaké ku masarakatna di lingkungan masarakat nu miboga rinéka basa. Basa lulugu kudu mampuh tumuwuh kalayan anteb luyu jeung kaédah basana nu relatif angger. Dina hal ieu vitalitas sipatna henteu kaku, barobah kalayan bébas pikeun narima pangaruh basa séjén dina widang kandaga kecap, istilah, fonologi, tatabasa, semantik. Jadi, basa lulugu miboga stabilitas dinamis, mibanda kaédah anu anteb tur luwes minangka hasil kodifikasi basa.

Ari kodifikasi basa téh nyaéta ngawengku (1). Bagbagan makéna basa, disusun dumasar kontéks situasi makéna, (2) kaédah adegan basa saperti fonologi, tatabasa, sintaksis, tata istilah, éjahan, jsté.

3) Intéléktualitas

Basa lulugu kudu mibanda kamampuh ilmiah (kacendikiaan, inteléktualitas) anu ngébréhkeun prosés mikir nu ruwed tina rupaning kagiatan paélmuan, téknologi, informatika, jeung patali marga masarakatna. Ciri inteléktualitas téh bisa maké basa kalayan éfektif, nepikeun amanah saloba-lobana ku wanguanna anu ringkes, tapi luyu jeung sasaran. éta kabéh baris kahontal asal urang kukuh kana kaédah nu geus ditangtukeun.

4) Historitas

Basa lulugu kudu miboga lalampahan hirup katut kasang tukang sajarah (historitis) nu tangtu, patali ti mangsa ka mangsa. Basa lulugu kudu mampuh mekarkeun tradisi katut budaya pamakéna.

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar anu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna diajar.
2. Baca pedaran matéri ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran matéri ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung tingkesan matéri ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan/ Kasus /Pancén

1. Jéntrékeun maksud basa Sunda lulugu!
2. Jéntrékeun ciri basa Sunda lulugu!
3. Jéntrékeun fungsi basa Sunda lulugu!
4. Jéntrékeun naon maksudna basa baku kudu miboga sifat inteléktual?!
5. Tétélakeun naon waé tanda basa baku nurutkeun V. Mathesius jeung B. Havranek!

F. Tingkesan

Basa Sunda lulugu (baku, standar) nyaéta basa Sunda anu geus ditetepkeun tur dijadikeun standar makéna ku masarakat urang Sunda. Anu dianggap basa Sunda lulugu téh nyaéta basa Sunda wewengkon Priangan (utamana Bandung). Basa Sunda lulugu/basa Sunda baku kudu ditandaan ku: (1) stabilitas anu alus pikeun bisa nyaluyukeun jeung parobahan-parobahan kultural, jeung (2) intéléktualitas nyaéta téndénsi ka arah ungkara anu leuwih taliti, tepat jeung pasti, tatabasana leuwih sistematis jeung kabeungharan kecapna leuwih jelas jeung bener-bener keuna kana tujuan anu dimaksud, dina harti unggal kecap jeung kalimah anu digunakeun teu nimbulkeun tafsiran ganda ka pamiarsa. Pamanggih séjénna yén hiji basa bisa disebut basa lulugu saupama bisa nyumponan pasaratan saperti otonomi, vitalitas, intéléktualitas, jeung historitas. Basa lulugu miboga rupa-rupa pancén atawa

fungsi, nyaéta tali mimitran, kapribadian (idéntitas) panyaturna, pananda komara, jeung raraga acuan.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana matéri ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa matéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap pangabisa 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun matéri kana Kagiatan Diajar VIII. Tapi, lamun tahap pangabisa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui ngaderes matéri dina Kagiatan Diajar VII, pangpangna matéri nu tacan kacangkem.

KAGIATAN DIAJAR 8

CIRI BASA SUNDA WEWENGKON

A. Tujuan

Saréngséna ngulik kagiatan Diajar VIII, Sadérék dipiharep mibanda kamampuh pikeun ngajéntrékeun

1. maksud basa wewengkon;
2. ciri-ciri basa Sunda wewengkon;
3. babandingan antara basa Sunda wewengkon jeung basa Sunda lulugu; jeung
4. kandaga kecap basa Sunda wewengkon.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator Kahontalna Kompeténsi Kagiatan Diajar VIII, nyaéta

1. bisa ngajéntrékeun maksud basa wewengkon;
2. bisa ngajéntrékeun ciri-ciri basa Sunda wewengkon;
3. bisa méré ngabandingkeun anatara basa Sunda wewengkon jeung basa Sunda lulugu; jeung
4. bisa méré conto kandaga kecap basa Sunda wewengkon.

C. Pedaran Matéri

1. Tiori jeung Konsép

a. Sajarah jeung Sumebarna Basa Sunda

Basa Sunda utamana dipaké di beulah kulon Pulau Jawa di daerah anu kasohor Tatar Sunda (Pasundan). Tapi, basa Sunda ogé dipaké di bagian kulon Jawa Tengah, hususna di Kabupatén Brebes jeung Cilacap, ku sabab di éta wilayah baheulana aya dina kakuasaan Karajaan Galuh. Loba ngaran tempat di Cilacap anu masih mangrupa ngaran Sunda sarta lain ngaran Jawa. Saperti Kecamatan Dayeuhluhur, Cimanggu, jeung nu lianna.

Salian ti éta, nurutkeun sababaraha pakar basa Sunda, nepi ka abad ka genep wilayah anu maké basa Sunda nepi ka sabudeureun Dataran

Tinggi Dieng di Jawa Tengah, dumasar kana ngaran Dieng anu dianggap ngaran Sunda (asal kecap tina ‘dihyang’ anu mangrupa kecap basa SundaKuna). Ku pangaruh transmigrasi jeung imigrasi anu dilakukeun ku étnis Sunda, pamakéan ieu basa geus sumebar nepi ka luar pulau Jawa, misalna ka Lampung, Sumatera Selatan, Jambi, Riau, Kalimantan Barat, jeung Sulawesi Tenggara.

b. Basa Sunda Wewengkon

Basa nyaéta salah sahiji bagian nu teu bisa dipisahkeun tina kahirupan manusa, basa mekar dibarengan ku kamekaran manusa lantaran salah sahiji sifat basa nyaéta dinamis. Mekarna hiji basa moal bias dileupaskeun ti tina panutur nu ngagunakeun basa éta sorangan, panutur basa di hiji daerah miboga kasang tukang budaya jeung status sosial nu bédá. Éta perbédaantéh patali jeung dipakéna dialék ku masarakat. Basa Sunda nu ilaharna dipaké dina kahirupan sapopoé téh nurutkeun katerang para ahli basa mah aya dua rupa, nyaéta basa indung atawa basa lulugu, jeung basa wewengkon atawa basa dialék. Basa indung, nyaéta basa anu standar sarta pamakéna leuwih réa. Alatan kitu, basa indung atawa basa lulugu pisan anu dipaké dina surat kabar, majalah, buku, surat, warta dina radio, katut tulisan ilmiah séjénna. Sedengkeun basa wewengkon atawa basa dialék mah dipaké ku masarakat di éta daerah atawa diwewengkon séwang-séwangan. Kulantaran ngan dipaké di hiji wewengkon, basa wewengkon di hiji daerah can tangtu bakal sarua jeung basa wewengkon di daerah séjénna.

Umumna mah urang Sunda maké basa Sunda (aya sababaraha basa wewengkon, nu masing-masing boga ciri) dina paguneman sapopoé, kadieunakeun basa Sunda beuki kadéséh ku basa gaul lianna utamana ku basa Indonésia salaku basa nasional Indonésia. Di wewengkon wates atawa nu sacara tradisional loba sélér séjén (Jawa) ilaharna ogé dipaké basa campuran (Jawa Réang, Jawa Sérang) gumantung jeung saha ngobrolna.

Basa Sunda mangrupa basa indung pikeun urang Sunda, boh anu dumuk di Jawa Barat boh disaluareunana. Jumlah panyaturna ogé kaitung réa, malah kaasup basa daerah kadua panggedéna di Indonesia sabada basa

Jawa. Kalungguhan,basa Sunda saméméh kamerdikaan nyaéta salaku basa pribumi. Sabada puseur dayeuh Karésidenan Priangan dipindahkeun ti Cianjur ka Bandung, peranan kota Bandung téh dina ngamekarkeun budaya Sunda beuki undak. Basa Sunda di wewengkon séjénna. Samalah dina Lambaran Nagara (Staatsblad) No. 125 Taun 1893, Ayat 6, ditetepkeun yén “basa pribumi anu diajarkeun di sakola nyaéta basa pribumi anu dianggap pangbérésihna, saperti keur sakola-sakola di Jawa Barat kudu basa Sunda Bandung”. Nya ti harita munculna sesebutan basa sakola, nyaéta basa anu diajarkeun di sakola-sakola. Ti dinya sesebutan basa sakola téh robah deui jadi basa lulugu atawa basa baku. Atuh basa Sunda wewengkon Bandung ogé robah jadi basa Sunda lulugu. Ari kuduna mah istilah basa lulugu (baku) téh diantonimkeun jeung basa lain lulugu/basa henteu baku. Ngan pédaħ dina kahirupan masarakat Sunda muncul istilah basa Sunda wewengkon minangka antonim tina basa Sunda lulugu téh.

Hirup kumbuhna basa Sunda raket patalina jeung kahirupan sosial budaya anu makéna. Ku kituna, jaba ti jadi unsur budaya Sunda, basa Sunda miboga fungsi jadi wahana pikeun mekarkeun budaya Sunda. Jaba ti éta, basa Sunda anu mibanda kalungguhan jadi basa daerah téh sagulung-sagalang jeung basa Indonésia katut basa asing. Balukarna, di antara éta basa-basa téh sok pasosok.

Basa Sunda lahir bareng jeung lahirna masarakat Sunda katut budayana. Dina hirup kumbuhna, basa Sunda téh mibanda anéka ragam basa.

Ari ragam basa téh bisa disawang tina jihat nu makéna ngawengkuwewengkon, tahap atikan, jeung sikep panyaturna. Ari tina jihat ma'na nyoko kana jejer omongan, sarana, jeung sipat pasosokna.

Nurutkeun daerah dipakéna, basa Sunda téh leuwih loba dipaké di luar kota ti batan di jero kota. Unggal golongan masarakat anu aya di padésaan dina medar rupa-rupa jejer téh leuwih loba maké basa Sunda ti batan nu cicing di kota. Ragam basa anu dipaké di daerah atawa wewengkon téh geus lila disebut basa Sunda wewengkon. Ieu basa téh katangén tina lentong jeung kecap-kecapna. Perkara kecap-kecap basa

Sunda wewengkon (lokabasa, dialék lokal, dialék regional, atawa régiolék) kungsi ditalungtik ku Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, di antarana dialék Sumedang (1977), Cianjur (1979), Ciamis (1979), Serang (1980), Bogor (1981), Cianjur (1982), Subang (1982), Tasikmalaya (1983), jeung Purwakarta (1933). Jaba ti éta, aya dialék lokal nu ditalungtik ku pribadi saperti basa Sunda dialék Cirebon.

Basa wewengkon atawa basa dialék dipaké ku masarakat di éta daerah, atawa di wewengkonna sewang-sewangan. Ku lantaran ngan dipaké di hiji wewengkon, atuh basa wewengkon di hiji daerah, teu acan pasti sarua jeung daerah séjén. Upamana waé kadaharan di Bandung disebut ‘oncom’ di Kuningan disebut ‘dage’. Kitu deui, wadah lauk tina anyaman awi anu sok disorén ku tukang nguseup, kana ieu barang aya anu nyebut ‘korang’ aya ogé anu nyebut ‘kempis’. Lauk leutik anu di Bandung disebut ‘lauk sarebu’, kaasup anu réa pisan ngaranna. Aya anu nyebut ‘gendot’, aya anu nyebut ‘berenyit’, aya anu nyebut ‘endol’, ‘impun’, malah aya deui anu nyebut ‘kulinyar’.

Pikeun masarakat anu ngagunakeunana, basa wewengkon atawa basa dialék téh teu kudu disapirakeun, jeung entong ngarasa hina dina ngagunakeunana. Sabalikna, masarakat séjénna kudu ngajénan, teu kudu ngageuhgeuykeun mana komo nyeungseurikeun. Sabab ayana basa wewengkon kitu téh teu bisa dipisahkeun tina kabeungharan basa Sunda.

Basa wewengkon basa Sunda anu rupa-rupa, mimiti ti dialék Sunda-Banten nepi ka Sunda-Jawa Tengahan anu mimiti kacampuran ku basa Jawa. Para ahli basa biasana ngabédakeun kana genep dialék anu béda-béda.

- a) Dialék Kulon (basa Banten)
- b) Dialék Kaler
- c) Dialék Kidul (Priangan)
- d) Dialék Tengah Timur
- e) Dialék Timur Laut (kaasup basa Sunda Cirebon)
- f) Dialék Tenggara

Dialék Kulon dipaké di daerah Banten jeung Lampung. Dialék Kaler ngawengku Kota Bogor jeung sawaréh daerah Pantura. Dialék

Kidulnyaétadialék Priangan anu ngawengku Kota Bandung jeung sabudeureunana. Dialék Tengah Timur nyaéta dialék di daerah Kabupaten Majalengka jeung sawaréh Kabupaten Indramayu. Dialék Timur Laut nyaéta dialék daerah Kabupaten Brebes jeung Kabupaten Tegal di Jawa Tengah. Ahirna, dialék Tenggara nyaéta dialék daerah Kabupaten Ciamis ogé Kabupaten Cilacap jeung Kabupaten Banyumas di Jawa Tengah.

c. Ciri-ciri Basa Sunda Dialék/Wewengkon

Nurutkeun Sudaryat (1985:8-9) ciri utama nu ngabédakeun basa lulugu jeung basa dialék/wewengkon, kitu deui hiji basa dialék/wewengkon jeung basa dialék/wewengkon séjénna, nyaéta lentong (intonasi) jeung kandaga kecapna. éta dua ciri téhngawengku hal-hal saperti kaunggel dihandap.

1) Fonologi

Bédana fonologi basa lulugu jeung basa dialék téh dina ngucapkeun sora basa.

Contona:

Basa Lulugu	Basa Wewengkon
Di ditu	Na ditu
Di dieu	Na dieu
Manéh	Nyanéh
Kamar	Kamer
Ganas	Danas
Surabi	Sorabi

Tina conto di luhur katangén yén bédana sora bisa dina vokal atawa dina wianjana/konsonan.

2) Morfologi

Béda morfologis diwatesan ku ayana sistem katatabasaan anu béda, frekuensi maorfem nu béda, fungsina di wewengkon masarakat pamakéna, wujud fonologisna, jeung kakuatan rasa basana. Ieu téh ngalahirkeun serepan (inovasi) dina basa.

Contona:

- lemper sok jadi lelempur
- tenong sok jadi tetenong
- alem sok jadi aleman
- cungkil sok jadi cucungkil

3) Semantik

Bédana semantik basa lulugu jeung basa dialék téh muncul balukar makéna kecap anyar dumasar kana robahna sora katut wangun kecapna nepi ka harti anu dikandungna robah. Bédana semantik téh ngawengku dua hal, sinonim jeung homonym.

- 1) Sinonim nyaéta lambang anu bédha pikeun objék anu sarua.

Contona:

Basa lulugu	Basa wewengkon
Lieur	Menit
Moal eunya	Ilok
Lontong	Loganda
Hui	Mantang
Gebog	Telebug
Pane	Dulang

- 2) Homonim nyaéta lambang anu sarua pikeun objék anu bédha.

- a) Homografi, nyaéta tulisan anu sarua pikeun objék anu bédha.

Contona:

Basa lulugu	Basa wewngkon
Rusuh (Gancangan)	Rusuh (gelut,riributan)

- b) homofon nyaéta sora anu sarua pikeun objék anu bédha.

Contona:

- Bank = hiji lembaga tempat nyieun duit
- Bang = sesebutan keur lalaki saluhureun

d. Ragam-ragam Dialék

Ragam basa atawa dialék ditangtuken ku sababaraha faktor, diantarana faktor waktu, tempat, sosiobudaya, situasi, jeung médiana (Ayatrohaedi, 1979:13). Dumasar kana hal éta sacara garis badag dialék dibagi jadi tilu kelompok. Nyaéta (a) dialék 1; (b) dialék 2 ; jeung (c) dialék sosial.

Dialék 1

Dialék 1, nyaéta dialék anu dibalukarkeun ku kaayaan alam sabudeureun dialék éta digunakeun. Dialék 1 dihasilkeun ku dua faktor nyaéta waktu jeung tempat. Contona, basa Sunda nu dipaké di daerah Kuningan, nurutkeun sajarahna éta basa asli Kuningan sarta nurutkeun tempatna basa éta téh digunakeun di Kuningan wungkul.

Dialék 2

Dialék 2, atawa dialék regional, nyaéta basa nu digunakeun di luar daerah nu makéna (Ayatrohaedi, 1979). Contona, basa Sunda nu digunakeun di daerah Cirebon-Sunda disebut dialék regional 1 sedengkeun basa Sunda nu digunakeundi daerah Cirebon-Jawa (Cirebon, Indramayu) disebut dialék regional 2.

Dialék sosial

Dialék sosial atawa sosiolek, nyaéta ragam basa anu digunakeun ku kelompok anu tangtu, anu ngabédakeun jeung kelompok lianna (Ayatrohaedi, 1979:15). Anu kaasup kana kelompok ieu nyaéta kelompok umur, pagawean, kagiatan, jenis kelamin, pendidikan, jste. Contona, basa atawa istilah-istilah anu digunakeun ku kaum patani.

e. Géografi Dialék

Dubois dina Rohaedi (1983:29) nétélakeun yén géografi dialéktéhnyaéta : "*cabang dialéktologi yang mempelajari hubungan yang terdapat di dalam ragam-ragam bahasa, dengan bertumpu pada suatu ruang atau tempat terwujudnya ragam-ragam tersebut*".

Ari Jabreg dina Rohaedi (1983:29), nétélakeun yén: "*géografi dialék menyajikan hal-hal yang bertalian dengan pemakaian anasir bahasa yang diteliti pada saat penelitian dilakukan sehingga dapat dibuktikan*".

Gambaran umum ngeunaan dialék saperti nu disabit-sabit di luhur bakal jelas lamun sakabéh gejala kabasaan dipétakeun. Ku kituna, kalungguhan jeung peran péta basa dina kajian géografi dialék mangrupa hiji hal anu mutlak dilakukeun.

Kandaga kecap Basa Sunda Wewengkon

Basa lulugu :	Basa wewengkon Cirebon :
muara	muara
sampeu	kacapeu
jojodog	telengkok
dalang	gambun
ladu	kalaguding
besan	warang
Basa lulugu :	Basa wewengkon Ciamis :
beak	amrin
boled	mantang
gulang	pane
gusur	sered
sabahaha	sanaon
titajong	tipagut
manéh	nyaneh
usum hujan	balabur
Basa lulugu :	Basa wewengkon Banten :
sedih	abong
leutik	alus
ngaran	aran
labun	kabubun
parawan	cawene
domba	gembal
ngewa	hewa
baju	jamam
Basa Lulugu	Basa Wewengkon Tasikmalaya
abdi	abi
tolombong leutik	belenik
dahar, balakecrakan	botram/mayor
golodog	babancik
genjer	gendot
ucing-ucingan	endangan
maot	hilang
kentang	kumeli
lauk sarebu/impun	kulinyar
panitik	olet
lasut	salut
minyak kalapa	minyak keletik
minyak tanah	minyak lantung
ngagambar langlayangan	wangkong, ngawangkong
Basa Lulugu	Basa Wewengkon Kuningan
seneu	api
sabuk, beubeur	benten
parawan	cawene

boboko leutik	ceceting
angeun	celem
sendak capit	ceplek
oncom	dage
mana	endi
daék, purun	empan
teko	eskan
saku, pesak	endong
gancangan, buru-buru	gegeh
comro	gemet; dage saemet
jalan	gili
kabogoh	heheom
ngahajakeun pisan	hahajaan ujur
na enya	ilok
saré	pineuh atawa nare
ka mana	kendi, tina ka endi
katincak	kapiak
sampeu	kacapeu
kacida pisan	kagila-gila keding
bantal	karang hulu
sing	ka
sing tarik	katark
sing gedé	kagedé
hayang seuri	kagugu
batu	mungkal
ucing	meong
rieut	menit
ngeunah, ngeunaheun	mecak
ti mana	tindi, tina endi
handap, landeuh	teoh
nyeduh, ninyuh	nembok
enyaan	temenan
palang dada	senteng
calana	serewal
réa, loba	jenuk
aki	bapa kolot
batu	mungkal
tuur	dengkul
genténg	gending
méngkol	néngkol

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar anu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna diajar.
2. Baca pedaran matéri ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran matéri ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung tingkesan matéri ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan/ Kasus /Pancén

1. Jéntrékeun maksud basa wewengkon!
2. Jéntrékeun ciri-ciri basa Sunda wewengkon!
3. Bandingkeun anatara basa Sunda wewengkon jeung basa Sunda lulugu!
4. Béré conto kandaga kecap basa Sunda wewengkon!
5. Jéntrékeun ragam-ragam basa wewengkon/dialék!

F. Tingkesan

Basa wewengkon atawa dialék dipaké ku masarakat di éta daerah, atawa di wewengkonna sewang-sewangan. Ciri utama nu ngabédakeun basa lulugu jeung basa dialék/wewengkon, kitu deui hiji basa dialék/wewengkon jeung basa dialék/wewengkon séjénna, nyaéta lentong (intonasi) jeung kandaga kecapna nu diwincik deui ngawengku ciri fonologi, morfologi, jeung semantik. Bédana fonologi basa lulugu jeung basa dialék téh dina ngucapkeun sora basa. Béda morfologis diwatesan ku ayana sistem katatabasaan anu béda, frekuensi maorfem nu béda, fungsina di wewengkon masarakat pamakéna, wujud fonologisna, jeung kakuatan rasa basana. Bédana semantik basa lulugu jeung basa dialék téh muncul balukar makéna kecap anyar dumasar kana robahna sora katut wangu kecapna nepi ka harti anu dikandungna robah. Bédana semantic téh ngawengku dua hal, sinonim jeung homonim. Ieu téh ngalahirkeun serepan (inovasi) dina basa. Ragam basa dialék

ditangtukeun ku sababaraha faktor, di antarana faktor waktu, tempat, sosiobudaya, situasi, jeung médiana.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana matéri ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap pangabisa=} \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa matéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap pangabisa 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun matéri kana Kagiatan Diajar IX. Tapi, lamun tahap pangabisa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui ngaderes matéri dina Kagiatan Diajar VIII, pangpangna matéri nu tacan kacangkem.



KAGIATAN DIAJAR 9

STRUKTUR PUISI SISINDIRAN

A. Tujuan

Tujuan kgiatan diajar Ix ngawengku ieu tujuan di handap.

1. Sanggeus maca pedaran, Sadérék mampuh ngajéntrékeun wangenan sisindiran kalawan bener.
2. Sanggeus tanya jawab, Sadérék mampuh méré conto sisindiran basa Sunda jeung pantun basa Indonesia kalawan taliti.
3. Sanggeus sawala, Sadérék mampuh ngajéntrékeun wangun jeung unsur instrinsik sisindiran kalawan taliti.
4. Sanggeus sawala, Sadérék mampuh ngajéntrékeun wangun jeung unsur intrinsik wawangsalan kalawan bener.
5. Sanggeus sawala, Sadérék mampuh méré conto wangun jeung unsur intrinsik rarakanan kalawan taliti.
6. Sanggeus sawala, Sadérék mampuh méré conto wangun jeung unsur intrinsik paparikan kalawan taliti.

B. Indikator Kahontalna Kompetensi

Indikator Kahontalna Kompetensi kgiatan diajar IXngawengku ieu di handap.

1. Ngajéntrékeun wangenan sisindiran.
2. Méré conto sisindiran basa Sunda jeung pantun basa Indonesia.
3. Ngajéntrékeun wangun jeung unsur instrinsik sisindiran.
4. Ngajéntrékeun wangun jeung unsur intrinsik wawangsalan.
5. Méré conto wangun jeung unsur intrinsik rarakanan.
6. Méré conto wangun jeung unsur intrinsik paparikan.

C. Pedaran Matéri

1. Wangenan Sisindiran

Sisindiran mangrupa hiji kabinangkitan pikeun urang Sunda. Séké sélér séjén ogé barogaeun kabinangkitan anu sarimbag jeung urang Sunda. Hirup huripna sisindiran méh teu kapapay, teuing saha nu ngamimitian

jeung ti iraha dimimitianana. Éta kabinangkitan anu mangrupa sisindiran téh, kiwari mah geus méh paéh kadéséh ku ayana pangaruh téhnologi. Malah moal boa geus dianggap musnah ku sawatara kelompok urang Sunda, pangpangna pikeun maranéhna nu geus teu maliré kana budaya Sunda.

Anu jadi patalékan, naha kabinangkitan sisindiran téh masih kénéh dianggap perlu pikeun diajarkeun? Urang salaku urang Sunda, geus tangtu bakal ngajawab saklek, perlu. Lamun nganggap éta kabinangkitan sisindiran téh perlu diajarkeun, cara kumaha anu pangéfektifna sangkan siswa di sakola, raresepeun jeung pogot diajar sisindiran?

Nyiptakeun suasana diajar-ngajar sangkan dipikaresep turta matak pogot mikeun siswatéh taya lian gumantung kana métode jeung téhnik ngajarna, jaba ti étaogé cara milih jeung nangtukeun bahan pangajaranana deuih. Sisindiran téh kaasup wangu sastra pituin Sunda jadi hartina hasil kabinangkitan pituin urang Sunda, malah lain ngan urang Sunda wungkul tapi bangsa Indonesia (dina basa Indonesia sisindiran téh = pantun). Sisindiran nurutkeun tatabasa mah (wangunan kecap) kaasup kecap rajékan dwipurwa, asal kecapna tina sindir. Sindir dihartikeun salaku kecap atawa omongan anu henteu langsung ka nu dimaksud (henteu togmol) tapi dibalibirkeun (ngomong malibir). Sindir sampir nya éta ngomong ku sindir (biasana leuwih ti sakali, mindeng) serta boga tujuan (maksud) anu kurang hadé.

Sisindiran téh hiji cara pikeun ngedalkeun kereteg atawa naon-naon nu aya dina eusi haté ku jalan dibalibirkeun. Numutkeun M.A. Salmun mah dina buku *Kandaga Kasusastran*, sisindiran nyaéta kasenian ngaréka basa anu diwangan ku cangkang jeung eusi, pikeun ngedalkeun maksud anu henteu saceplakna bari dipambrih karesmianana.

2. Sisindiran dina Basa Sunda jeung Pantun dina Basa Indonesia

Saméméh urang ngaguar hal sisindiran ayeuna urang ngabandingkeun heula nu disebut sisindiran di Sunda jeung pantun dina basa Indonesia. Contona ieu di handap.

- a. *Kacang kandel gégébéngan
Gararing dina jajaran
Lamun resep nyéngcélangan
Sok ginding dina lebaran*
- b. *Réréntétan réréndéngan
Ka pasar néangan benang
Anu daék nyéngcélangan
Awal ahir bisa senang*

Dina basa Indonesia sisindiran téh disebut pantun, contona ieu di handap.


- a. *Dibawa itik pulang petang
Dapat di rumput bilang-bilang
Melihat ibu sudah datang
Hati cemas jadi hilang*
- b. *Lurus jalan ke payakumbuh
Kayu jati bertimbal di jalan
Di mana hati tidaklah rusuh
Ibu mati bapak berjalan*

Ku nengetan conto di luhur, tépéla pisan pantun dina basa Idonesia jeung sisindiran téh sarua, boh wanguanna boh pasipatanan anu béda ngan basana.

3. Wangun jeung Unsur Intrinsik Sisindiran

- a. Nilik iketanana atawa wangunanna, sisindiran téh aya tilu rupa nyaéta:
 - 1) wawangsalan (bangbalikeun);
 - 2) rarakan; jeung
 - 3) paparikan.
- b. Nilik unsur intrinsik sisindiran téh aya tilu rupa nyaéta:
 - 1) piwuruk;
 - 2) lulucon; jeung
 - 3) asmara.

Tengetan wangun jeung unsur intrinsik sisindiran bagan ieu di handap!



Gambar 9. 1 Wangun jeung Unsur Instrinsik Sisindiran

a. Wawangsalan

Wawangsalan asal kecapna tina wangsal, ari wangsal sawanda jeung wangsul. Wangsul = balik, nu matak wawangsalan disebut ogé bangbalikan. Bangbalikan diwangun ku (sajajar) cangkang jeung (sajajar) eusi. Lobana engang unggal jajaran biasana dalapan engang,

Contona di handap.



*Kembang bodes buah bunder
Ngaheruk nya pipikiran (jeruk)*

Gambar 9. 2 Jeruk

Sumber: www.superindo.co.id

Cangkangna-----kembang bodes buah bunder

Eusina-----ngaheruk nya pipikiran

Anu dimaksudna teh----Jeruk

engang ruk ayana dina eusi nyaeta dina kecap ngaheruk.

Ku kituna, pikeun néangan anu dimaksud téh nyokot tina salahsahiji kecap nu aya dina eusi. Ari anu jadi soalna nyaéta kecap-kecap anu aya dina cangkang. Jadi cangkang téh mangrupa tarucing anu kudu diteguh. Dina neguh anu dimaksud téh biasana urang niténan engang-engang mana kira-kirana anu luyu jeung cangkang, jadi salawasna urang téh balik deui, balik deui kana cangkang téa. nu matak sisindiran sarupa kieu disebut bangbalikan atawa wawangsalan, lantaran dina neguh téh salawasna kudu balik ninténan kecap-kecap anu aya dina cangkang,

Tengetan conto-conto séjénnna!

- (1) *Beulit cinggir simpay réma
Ulah lali ka sim abdi (Ali)*

Gambar 9. 3 Ali

Sumber: media-hamil.blogspot.com



- (2) *Daun tuhur na tangkalna
Ari ras ku milik diri (kararas)*

Gambar 9. 4 Kararas Daun Cau

Sumber: <http://3.bp.blogspot.com>



- (3) *Gedong ngambang di sagara
Ulah kapalang aya bélá (kapal)*

Gambar 9. 5 Kapal Laut


Sumber: telukambon.wordpress.com



- (4) *Nyiruan genténg cangkéngna
Masing mindeng pulang anting (papantingan)*

Gambar 9. 6 Papanting

Sumber: <http://indonesiaindonesia.com>



- (5) *Teu beunang diotak kembung*
Teu beunang dientong-entong (Kolontong)

Gambar 9. 7Kadaharan Kolontong

Sumber: budaya-indonesia.org



- (6) *Tegal tengah nagara*
Laun-laun sugar jadi (Alun-Alun)

Gambar 9. 8Alun-alun Bandung

Sumber: www.bandungaktual.com



- (7) *Buah kawung raranggeuyan*
Curuluk cimata bijil (Caruluk)

Gambar 9. 9Curuluk

Sumber: www.bandungaktual.com



- (8) *Belut sisit saba darat*
Kapiraray siang wengi (Oray)

Gambar 9. 10Oray

Sumber: sarangge.wordpress.com



- (9) *Teu beunang disupa dulang*
Teu beunang dibebenjokeun (Kejo)

Gambar 9. 11Sangu (Kejo)

Sumber: leeweebrothers.com



(10) *Teu beunang dihurang sawah*
Teu beunang dipikameumeut

Gambar 9. 12Simeut

Sumber: husni-magz.blogspot.com



Wawangsalan (bangbalikan) téh aya dua rupa nya éta 1) bangbalikan lanjaran, jeung 2) bangbalikan dangding.

1) Bangbalikan Lanjaran

Bangbalikan lanjaran nyaéta bangbalikan anu henteu di dangdingkeun. Jadi ngaleunjeur baé, malah sok dipaké dina basa sapopoé, ngan biasana upama dipaké dina baa sapopoé mah sok tara diteruskeun kana eusi, cukup ku cangkang wungkul. Nu matak disebut bangbalikan lanjaran ogé. (Lanjaran sawanda jeung leunjeuran, teu sarua jeung lancaran).

Contona:

- (a) *Ngadéngébéja kitu téh kuring mah bati ngembang kudu baé, da puguh teu nyaho mimitina*
- (b) *Ih nyarita téh bet teu puguh monyét hideungna, hanas didéngékeun.*
- (c) *Na dagangan téh bét ngembang awi*

2) Bangbalikan Dangding

Bangbalikan dangding nyaéta bangbalikan anu disusun diwangun dangding, contona ieu di handap.

- (a) Dina Pupuh Kinanti

*Di Cikajang aya gunung
Asa paturay jasmani
Kalong leutik saba leuweung
Bawaning sumedot pikir
Kembang biru di astana
Abot pisan jeung nu asih*

(b) Dina Pupuh Sinom

*Balandongan ngujur jalan
Sok hayang los baé indit
Kendang gedé pakauman
Dagdigdug rasaning ati
Balé diréka masjid
Mun émut batí rumanjung
Tegal tengah nagara
Laun-laun sugaran hasil
Kadal gedé pareng alus bagja awak*

(c) Dina pupuh Asmarandana

*Simpay rema beulit cinggir
Ulah lali mun geus angkat
Mugi émut saban waktos
Pangcalikan tonggong kuda
Ka nu tuhu buméla
Ulah matak gender kayu
Matak bingbang pipikiran*

(d) Dina Pupuh Dangdangggula

*Pare leuweung saha nu teu peurih
Tawon hideung asa disangsara
Hampas minyak dibobodo
Hanas abdi satuhu
Nngin agan tuang janari
Teu puguh kasauran
Sok malayu
Jalir tur cidra subaya
Beubeur cangkéng balung kabulen ku daging
Buktina luncat mulang*


Jadi, bangbalikan dangding téh gelarna dina dangding. Ku sabab éta réana engang dina ungal jajaran, katut sorana engang nu panungtung dina saban padalisan kudu nurutkeun patokan dangding, gumantung kana pupuhna.

b. Rarakitan

- Rarakitanhartina:
- 1) lalayaran dina rakit;
 - 2) rakit tiruan (kana gebog); jeung
 - 3) ngaran salahsahiji sisindiran.

Sarakit ngandung harti sepasang. Rarakitan sisindiran anu cangkangna sarakit, eusina sarakit. Sok rajeun aya sisindiran anu cangkangna sarta eusina leuwih ti dua kalimah, nu kitu ogé rarakitan kénéh. Aya deui anu minangka jadi tanda rarakitan téhnyaéta sawatara kecap dina cangkang sok dipenta deui dina eusina. Rarakitan teh eusina aya nu ngandung:

- 1) rarakitan piwulang;
- 2) rarakitan lulucon; jeung
- 3) rarakitanasmara.



Gambar 9. 13 Eusi Rarakitan

Ieu di handap conto-conto rarakitan.

a) **Rarakitan Piwulang**

- 1) *Méméh ngagelarkeun kasur
Samak heula ambéh rineh
Méméh nyaritakeun batur
Tilik heula awak manéh*
- 2) *Hayang iwung los ka Bandung
Rék ngasah los ka Sumedang
Hayang bingung geura nyandung
Rék susah geura ngahutang*
- 3) *Hadé cabé anu ngora
Nu kolot mah lada teuing
Hadé capé eukeur ngora
Geus kolot mah laku cicing*
- 4) *Sing getol nginum jajamu
Ambéh jadi kuat urat
Sing getol néanganélmu
Gunana dunya ahérat*

b) Rarakitan Lulucon

Sisindiran boh rarakitan atawa paparikan anu ngandung lulucon disebutna sesebred.

Lulucon téh ngandung sagala rupa nu matak
 pikalucueun, pikaseurieun, sakapeung
 pikakeuheuleun, tapi keheul gé teu weleh lucu, teu
 weléh pikaseurieun jiwana ngandung rasa birahi
 gumbira sedih jst.

Geura ieu conto-conto rarakitan anu ngandung lulucon.

- 1) Pribumi nu ngajul jeruk
Kuring mah niiran
Pribumi ulah rek giruk
Kuring arek sisindiran
- 2) Tipeuting samping geresik
Tibeurang tumpal bandéra
Tipeuting pagiling gisik
Tibeurang papangih éra
- 3) Magartéh cau lampeneng
Cau kepok dina nyiru
Magarteh lampanyat konéng
Geuning nya dekok nya gembru
- 4) Paribasa ngayam samak
Neukteukan bari motongan
Paribasa néang anak
Ngadekeutkeun popotongan

c) Rarakitan Asmara

- 1) Ka mana nya nyiar payung
Sakieu panas poéna
Ka mana nya nyiar duyung
Sakieu panas haténa
- 2) Batur mah dibaju hideung
Kuring mah kabaya baé
Batur mah dipikatineung
Kuring mah sangsara baé
- 3) Paingan kopo di lamping
Geus aya talina hiris

*Paingan poho ka kuring
Geus aya ganti nu geulis*

- 4) *Hanjakal ku nangka liat
Hayang leleweungan baé
Ayeuna katuncar hideung
Hanjakal ka nu ngaliwat
Hayang reureujeungan baé
Ayeuna paturay tineung*

c. Paparikan

Paparikan asal kecapna parik. Kecap parik sawanda jeung parek, anu hartina deukeut. Sora i sok roba jadi e. Seperti kecap-kecap ieu di handap.

*tilik — telek
galih — galeuh
ngahening — ngeheneng
abring-abringan — abreng-abrengan*

Paparikan téh ngandung harti deukeut, maksudna padeukeut sora (padeukeut sora dina cangkang jeung sora dina eusi). Dina omongan sapopoé urang mindeng ngadéngé: Didu'akeun ku ibu, hidup téh masing parek rejeki jauh balai = deukeutrejeki.

Jadi paparikan téhnyaéta sisindiran anu diwangun ku dua jajar atau leuwih cangkang jeung dua jajar (leuwih) eusi. Dina paparikan mah biasana anu diarah téh pedeukeutna sora (sada) dina cangkang jeung sora-sora (sada) dina eusi. Nurutkeun eusina paparikan téh aya tilu nyaéta: 1) paparikan piwulang; 2) paparikan asmara; jeung 3) paparikan lulucon.

1) Conto Paparikan Piwulang

*Samping kageutanan dukuh
Dikelab dikacaikeun
Nu matak manéh sing kukuh
Papatah guru imankeun*

*Mawa peti dina sundung
Ditumpangan ku karanjang
Pangarti teu beurat nanggung
Tapi mangpaatna panjang*

*Mawa peti dina sundung
Dibawa ka Nusa-Jawa
Pangarti teu beurat nanggung
Kabisa teu beurat mawa
Ninyuh ubar ku cipati
Diwadahan piring gelas
Anu sabar téa pasti
Ku Allah dikawelas*

2) **Conto Paparikan Asmara**

*Pipiti dibungawari
Téténong dibobokoan
Lalaki jaman kiwari
Hade omong pangoloan*

*Layung isuk samar beurang
Nya walet kurunganana
Lanjang itu samar beunang
Ku korét indung bapana*

*Caang bulan opat welas
Teu kaduga ku poékna
Aya bujang baju bodas
Orokaya ku korétna*

*Poe saptu poé kemis
Salasa heuleut-heuleutan
Saha itu muril kumis
Leumpangna endeuk-endueukan*

3) **Conto Paparikan Asmara**

*Baju tablo dibulao
Kembangna katuncar mawur
Ari bogoh ti baréto
Terang-terang geus ku batur*

*Rincik-rincik hujan leutik
Paralak hujan tambaga
Nilik-nilik lanjang leutik
Teu nyaho aya nu boga
Kukulu dibuah manggu
Pisitan buah ramanten
Kuru lain ku teu nyatu
Mikiran nu hideung santen
Siki tarum buah rinu
Diteundeun dina pangeret
Beak taun béak windu
Moal wéléh ngarep-ngarep*

D. Aktivitas Diajar

Aktivitas diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Niténan tujuan jeung indikator.
2. Maca pedaran bahan ngeunaan *Struktur Puisi Sisindiran*
3. Sawala kelompok pikeun migawé latihan/pancén.
4. Maca tingkesanmatéri.
5. Néangan tur maca référénsi nu sejenna pikeun ngalengkepan latihan/pancén.
6. Tanya jawab jeung fasilitator lamen aya bangbaluh ngeunaan materi dina kagiatan diajar IX.

E. Latihan/Pancén

1. Jéntrékeun kalawan singget wangenan sisinsiran!
2. Kumaha ambahan sisindiran nilik kana wangun jeung unsur intrinsik sisindiran kumaha?
3. Tulis wawangsalan anu hartina: jeruk, ali, kararas, kapal, jeung papanting!
4. Jieun conto wawangsalan bangbalikan lanjaran jeung bangbalikan jeunggding!
5. Jéntrékeun kalawan singget nu dimaksud paparikan!

F. Tingkesan

Sisindiran nurutkeun tatabasa mah (wangunan kecap) ka asup kecap rajékan dwipurwa, asal kecapna tina sindir. Sindir:Kecap atawa omongan anu henteu langsung ka nu dimaksud (henteu togmol) tapi dibalibirkeun (ngomong malibir). Sindir sampir: ngomong ku sindir (biasana leuwih ti sakali, mindeng) serta boga tujuan (maksud) anu kurang hadé.Nilik wangunna sisindiran téh aya tilu rupa nyaéta:wawangsalan (bangbalikeun), rarakan, jeungpaparikan.Nilik unsur intrinsik sisindiran téh aya tilu rupa nyaéta:vpiwuruk/piwulang, lulucon, jeung asmara.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap ngawas Sadérék kana matéri ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa nu dihontal ku Sadérék:

90 - 100%	= alus pisan
80 - 89%	= alus
70 - 79%	= cukup
- 69%	= kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap ngawasa matéri ajar 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun matéri kana Modul Tahap IV. Tapi, lamun tahap ngawasa Saderek kurang ti 80%, pék balikan deres bahan dina Kagiatan Diajar IX pangpangna matéri nu tacan kacangkem.

KAGIATAN DIAJAR10

WANGUN JEUNG EUSI PUPUJIAN BASA SUNDA

A. Tujuan

Tujuan Kagiatan Diajar10 ngawengku ieu di handap.

1. Sanggeus maca pedaran, Saderek dipiharep mampuh ngajelaskeun wangun pupujian kalawan bener.
2. Sanggeus tanya jawab, Saderek dipiharep mampuhngaidentifikasi unsur-unsur pupujian kalawan taliti.
3. Bari diskusi, Saderek mampuh ngawincik aspek-aspek anu raket patalina antara wangun jeung eusi pupujian kalawan gawé babarengan.
4. Sanggeus diskusi, Saderek mampuh nyieun conto larapna wangun jeung unsur pupujian dina pangajaran basa Sunda.

B. Indikator Kahontalna Kompetensi

Indikator KahontalnaKompetensi Kagiatan DiajarVII, ngawengku ieu di handap.

1. Ngajelaskeun wangun pupujian.
2. Ngaidentifikasi eusi pupujian.
3. Ngawincik aspek-aspek wangun jeung unsur pupujian.
4. Nyieun conto larapna wangun jeung eusi pupujian dina pangajaran basa Sunda.

C. Pedaran Materi

Pupujian

Disawang tina proses morfologis, kecap pupujian téh diwangun ku kecap *puji* ku jalan dirajek (rajékan dwipurwa) sarta dirarangkenan tukang-an, nu hartina nuduhkeun rupa-rupa puji atawa muji sababaraha kali. Sedengkeun disawang tina kecap barangna pupujian téh hartina rupa-rupa puji.

Dina kasusastraan pupujian téh ngabogaan harti karangan ugeran anu eusina ngebrehkeun kaagungan Allah SWT jeung kapunjulan Nabi Muhammad SAW. Lian ti éta, ogé aya pupujian anu eusina ngebrehkeun

kalaipan jeung kateudayaan manusa (Faturohman, 1983:44). Ari dina *Kamus Umum Basa Sunda* (1995:401) ditetelakeun yén pupujian nyaéta puji, kecap-kecap atawa ucapan pikeun ngagungkeun nu Maha Kawasa: Sadaya puji kagungan (kanggo) Allah, Pangeran sakabeh alam, tarjamahan tina Alhamdulillah robbil 'alamin; pupujia 1. Kecap barang atawa kecap-kecap nu sok dipaké muji Allah atawa Rasulullah; 2. Kecap pagawéan ngedalkeun atawa ngalaguken pujian-pujian ka Allah atawa ka Rasul-Na.

Iskandarwassid (2003:120) netelakeun yén anu disebut pupujian atawa puisi pupujian nyaéta puisi tradisional anu eusina muji-muji kaagungan Pangeran, salawat ka Kangjeng Nabi, pepeling atawa umajak ngajalankeun ibadah (salat, puasa, jsté).

Nepi ka ayeuna pupujian masih kénéh tetep hirup, dibandingkeun jeung sastra lisan Sunda séénna. Hal ieu patali jeung fungsi sarta masarakat nu ngagunakeun pupujian, boh di kota boh di pilemburan pupujian masih keneh dipaké di masjid-masjid, dina mangsa nungguan adan atawa nungguan komat. Komo deui di lingkungan pasantrénu salawasna suasana agamis.

Iskandarwassid (2003:120) nétélakeun pupujian biasana dikawihkeun babarengan (rampak) di masjid ku para jamaah ngadagoan salat magrib, ku para santri sareureuh ngaji, ku para jamaah di pangajian (tablig) bari ngantay sasalaman ka ajengan, jsté.

Rusyana dina Kartini, Spk. (1986:9) nétélakeun yén sumebarna agama Islam di Pajajaran dina taun 1522, nyaéta kalamangsa palabuhan Banten kajojo ku sudagar Islam, sabada Malaka ragrag kana kakawasaan Portugis taun 1511, di Pula Jawa ngadeg karajaan Islam.

Pupujian digunakeun pikeun mangaruhan pikiran, parasaan, jeung kalakuan manusa, di sagigireun pikeun nepikeun ajaran agama. Pupujian mangrupa salah sahiji média atikan, nu eusina ngandung rupa-rupa nasehat jeung pangajaran agama, ku cara diapalkeun. Nu mindeng ngaharingkeun pupujian sacara teu dihaja geus ngapalkeun ajaran agama. Ku kituna, pupujian ogé ngabogaan fungsi atikan. Lian ti éta, pupujian ogédipaké geusan méré pangajaran ngeunaan bagbagan agama, nyebankeun agama Islam, jeung nepikeun do'a.

Dumasar kana eusina pupujian téh bisa dipasing-pasing. Nurutkeun Rusyana dina Kartini, Spk. (1986:9), eusi pupujian téh aya genep golongan nyaéta:

1. Muji kaagungan Pangeran,

Conto : *Ya Allah nu sipat Rahman
ni'matna ngawalatraan
sadayana kabagian
ka nu kapir ka nu iman*

2. Salawat ka Rasulullah,

Conto : *Nun Gusti abdi sadaya
mugi Rahmat salamina
ngocor ka Nabi nu mulya
sareng ka kulawargina*

3. Du'a jeung tobat ka Allah,

Conto : *Gusti Allah Maha Suci
abdi seja pasrah diri
mugi Anjeun kersa nampi
amal jeung ibadah abdi*

4. Ménta sapaat ka Rasulullah,

Conto : *Rahmat sareng salam ka Nabi Muhammad
mugi nyalamatkeun pakewuhna pancabaya*

5. Nganaséhatan manusa sangkan ngalakukeun ibadah jeung amal soleh sarta ngajauhan kamasiatan

Conto : *Éling-éling umat
muslimin muslimat
hayu urang salat
berjamaah di masjid
éstu kawajiban urang keur di dunya
kanggo pibekeleun urang di ahérat*

6. Méré pangajaran ngeunaan agama, kayaning kaimanan, rukun Islam, fikih ahlak, taréh tafsir Qur'an, sorof.

Conto : *Pardu wudu aya genep sadayana
hiji niat kadua ngumbah beungeutna
tilu ngumbah leungeun dua jeung sikuna
opat ngusap saeutik tina sirahna
lima ngumbah suku dua jeung muncangna
genep tartib sing puguh runtuyanana*

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Niténan tujuan jeung indikator.
2. Maca pedaran Materingeunaan *wangun jeung eusi pupujian dina Pangajaran Basa Sunda*.
3. Diskusi kelompok pikeun migawé latihan/ pancén.
4. Maca tingkesan materi.
5. Néangan tur maca referensi nu séjénna pikeun ngalengkepan latihan/pancén.
6. Tanya jawab jeung fasilitaor lamen aya bangbaluh ngeunaan materi dina Kagiatan Diajar VII.

E. Latihan/Pancén

Jawab atawa tétélakeun sakur pananya jeung paréntah ieu di handap!

1. Jelaskeun sacara singget wangenan wangun pupujian!

2. Jentrékeun opat eusi pupujian!

3. Jelaskeun sacara singget sumebarna pupujian dina kamekaran sastra Sunda!



4. Jieun conto pangajaran basa Sunda anu maké wangun pupujian!

5. Jieun conto pangajaran basa Sunda anu maké eusi pupujian!

F. Tingkesan

Disawang tina proses morfologis, kecap pupujian téh diwangun tina kecap *puji* ku jalan dirajek (rajékan dwipurwa) sarta dirarangkénan tukang-*an*, nu hartina nuduhkeun rupa-rupa puji atawa muji sababaraha kali. Sedengkeun disawang tina kecap barangna pupujian téh hartina rupa-rupa puji. Dina kasusastraan, pupujian téh ngabogaan harti karangan ugeran anu eusina ngebrehkeun kaagungan Allah SWT jeung kapunjulan Nabi Muhammad SAW. Lian ti éta, ogé aya pupujian anu eusina ngébréhkeun kalaipan jeung kateudayaan manusa. Pupujian digunakeun pikeun mangaruhan pikiran, parasaan, jeung kalakuan manusa, di sagigireun pikeun nepikeun ajaran agama. Pupujian mangrupa salah sahiji média atikan, nu eusina ngandung rupa-rupa naséhat jeung pangajaran agama, ku cara diapalkeun.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap ngawasa Sadérék kana Materi ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Ngawasaa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap ngawasaa Materi ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap ngawasa 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun materi kana Kagiatan Diajar VIII. Tapi, lamun tahap ngawasa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres materi dina Kagiatan Diajar VII, pangpangna materi nu can dikawasa.

KAGIATAN DIAJAR 11

KAPARIGELAN NGAGUNAKEUN BASA:MACA JEUNG NGAAPRÉSIASI PUPUJIAN

A. Tujuan

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar IX, Sadérék dipiharep mibanda kamampuh pikeun

1. ngajéntrékeun hakékat maca;
2. ngajéntrékeun hakékat sprésiasi; jeung
3. mekarkeun pangajaran macajeungngaprésiasipupujian.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalnakompeténsi dina ieu kagiatan diajar, nyaéta mekarkeun materi pangajaran maca jeung ngaprésiasi pupujian.

Éta indikator téh bisa diwincik deui.

1. bisa ngajéntrékeun hakekat maca;
2. bisa ngajéntrékeun hakekat aprésiasi; jeung
3. bisa mekarkeun pangajaran maca jeung ngaprésiasi pupujian di sakola.

C. Pedaran Materi

Kaparigelan Maca Pupujian di Sakola

Hakékat Maca

Aya tilu hal anu baris dipedar dina hal maca: 1) wangenan maca, 2) pentingna kaparigelan maca, jeung 3) warna-warna maca.

1. Wangenan Maca

Loba pamadegan anu nyodorkeun wangenan maca. Upama dititénan, éta pamadegan-pamadegan téh nyoko kana dua hal. Kahiji, nyebutkeun yén maca téh mangrupa prosés ngalisankeun basa tinulis. Ari nu kadua, nyebutkeun yén maca téh lian ti ngalisankeun ogé mangrupa prosésngahartikeun atawa ngama'naan basa tinulis ku cara nyangkem, napsirkeun, ngajén, sarta méré réaksi kana gagasan-gagasan nu diébréhkeun dina wangun basa tinulis téa.

Ku kituna, bisa dicindekkéun yén maca téh mangrupa hiji prosés ngalisankeun jeung ngahartikeun/ngama'naan basa tinulis ku cara nyangkem, napsirkeun, ngajén, sarta méré réaksi kana gagasan-gagasan

nu diébréhkeun tina basa tinulis téa. Atawa bisa disebutkeun yén maca téh mangrupa kagiatan (prosés) nu tujuanana pikeun nengétan maksud nu nulis, boh maksud nu nembrak (tersurat) atawa maksud anu nyamuni (tersirat).


Dina prosés maca, diperlukeun ayana kadariaan jeung katalitian. Ku sabab kiru, nu maca dipiharep pisan bisa nyangkem pangaweruh ngeunaan aspék wangun jeung harti basa anu dipaké dina susunan kalimah. Jadi, bisa disebutkeun yénprosés maca naon baé, moal bisa kaharti lamun nu macana teu wanoh kana kecap-kecap atawa basa tur harti/ma'na nu ngarojong éta bacaan. Tina keterangan di luhur, bisa dicindekkeun yén dina prosés maca téh, nu maca kudu.(l) wanoh kana basa/kecap jeung (2) wanoh kana harti ma'na anu ngarojong éta kecap dina kalimah.

2. Pentingna Kaparigelan Maca

Kaparigelan maca téh mangrupa modal anu utama pikeun kahirupan sapopoé, boh di sakola, boh dina hirup kumbuh di masarakat. Siswa anu kurang parigel dina maca salilana bakal moal bisa nyangkem pangaweruh ngeunaan kecap-kecap atawa basa anu ngarojong dina kagiatan sawala, ngajawab pertanyaan-pertanyaan guruna jeung kamampuh nganalisis ajén-ajén anu aya dina bacaan. Nya kitu deui manusa, lamun hayang henteu ngalaman rereged dina hirup kumbuh di masarakat, nya kudu ngaluyukeun manéh jeung kamajuan zaman anu sarwa modern. Ieu hal téh moal bisa, lamun masarakat teu bisa maca.


3. Warna-warna Maca

Warna-warna maca téh bisa katiténan dina bagan saperti ieu di handap.



Gambar 11. 1 Bagan Warna-warna Maca

Aya deui pamadegan séjén



Gambar 11. 2 Bagan Warna-warna maca nurutkeun Pamadegan Maca

1. Kaparigelan Aprésiasi Pupujian di Sakola

Pupujian

Disawang tina proses morfologis, kecap pupujian téh diwangun tina kecap *puji* ku jalan dirajek (rajékan dwipurwa) sarta dirarangkenan tukang-*an*, nu hartina nuduhkeun rupa-rupa puji atawa muji sababaraha kali. Sedengkeun disawang tina kecap barangna pupujian téh hartina rupa-rupa puji.

Dina kasusastraan pupujian téh ngabogaan harti karangan ugeran anu eusina ngebrehkeun kaagungan Allah SWT jeung kapunjulan Nabi Muhammad SAW. Lian ti éta, ogé aya pupujian anu eusina ngébréhkeun kalaipan jeung kateudayaan manusa (Faturohman, 1983:44). Ari dina *Kamus Umum Basa Sunda* (1995:401) ditétélakeun yén pupujian nyaéta puji, kecap-kecap atawa ucapan pikeun ngagungkeun nu Maha Kawasa: Sadaya puji kagungan (kanggo) Allah, Pangéran sakabéh alam, tarjamahan tina Alhamdulillah robbil ‘alamin; pupujian 1. Kecap barang atawa kecap-kecap nu sok dipaké muji Allah atawa Rasulullah; 2. Kecap pagawéan ngedalkeun atawa ngalaguakeun pujian-pujian ka Allah atawa ka Rasul-Na.

Iskandarwassid (2003:120) netelakeun yén anu disebut pupujian atawa puisi pupujian nyaéta puisi tradisional anu eusina muji-muji kaagungan Pangeran, salawat ka Kangjeng Nabi, pepeling atawa umajak ngajalankeun ibadah (salat, puasa, jsté).

Nepi ka ayeuna pupujian masih keneh tetep hirup, dibandingkeun jeung sastra lisan Sunda séjénna. Hal ieu patali jeung fungsi sarta masarakat nu ngagunakeun pupujian, boh di kota boh di pilemburan pupujian masih keneh dipaké di masjid-masjid, dina mangsa nungguan adan atawa nungguan komat. Komo deui di lingkungan pasantren nu salawasna suasana agamis.

Iskandarwassid (2003:120) netelakeun pupujian biasana dikawihkeun babarengan (rampak) di masjid ku para jamaah ngadagoan salat magrib, ku para santri sareres ngaji, ku para jamaah di pangajian (tablig) bari ngantay sasalaman ka ajengan, jsté.

Rusyana dina Kartini, Spk. (1986:9) netelakeun yén sumebarna agama Islam di Pajajaran dina taun 1522, nyaéta kalamangsa palabuhan Banten kajojo ku

sudagar Islam, sabada Malaka rragrag kana kakawasaan Portugis taun 1511, di Pula Jawa ngadeg karajaan Islam.

Pupujian digunakeun pikeun mangaruhan pikiran, parasaan, jeung kalakuan manusa, di sagigireun pikeun nepikeun ajaran agama. Pupujian mangrupa salah sahiji média atikan, nu eusina ngandung rupa-rupa nasehat jeung pangajaran agama, ku cara diapalkeun. Nu mindeng ngahariringkeun pupujian secara teu dihaja geus ngapalkeun ajaran agama. Ku kituna, pupujian ogé ngabogaan fungsi atikan. Lian ti éta, pupujian ogédipaké geusan méré pangajaran ngeunaan bagbagan agama, nyebankeun agama Islam, jeung nepikeun do'a.

Analisis Pupujian

Éling-éling umat
Muslimin muslimat
Hayu urang berjama'ah
Shalat maghrib
Éta kawajiban
Keur hirup di dunya
Kanggo pibeukeuleun
Jaga di ahérat

Ieu pupujian dianalisis maké pamarékan struktural

a. Tema

Tema ieu pupujian téh ngeunaan kaagamaan sabab eusina ogé mangrupa ajaran kaagamaan.

b. Basa

Basa nu digunakeun dina ieu pupujian téh gampang kaharti ku nu ngadanguna. Sanajan dina ieu pupujian, basana ngagunakeun kecap serepan tina basa Arab tapi jigana ieu kekecapan téh geus asup kana kandaga kecap basa Sunda da ilahar dipaké sapopoé.

c. Gayabasa

Dina ieu pupujian teu katitén aya gaya basa sabab kalimahna teu boga harti konotasi.

d. Wirahma

Ieu pupujian téh teu miboga pola wirahma anu murwakanti. Tapi ieu wirahma téh bakal ngajirim nalika dihaleuangkeun.

e. Diksi

Diksi nu dipaké dina ieu pupujian téh maké kecap serepan tina basa Arab, nyaéta kayaning muslimin mulimat, shalat maghrib, berjama'ah, ahérat.

f. Amanat

Ieu pupujian téh meré amanat yén urang salaku umat muslim kudu giat kana shalat sabab ari shalat mah kawajiban umat llam sarta meré pépéling yén nu bakal ditanyakeun mimiti di akherat téh nyaéta shalat.

Ditilik tina fungsi sosial, ieu pupujian téh dimangpaatkeun pikeun nepikeun ajaran agama Islam. Lian ti éta mangaruhan pikiran, rarasaan jeung tingkah laku manusa.

Ieu pupujian téh ditepikeun ku cara dihaleuangkeun saméméh adzan. Maksudna sangkan gampang nerap atikanana. Ku apalna jeung seringna dihaleuangkeun atawa ngupingkeun pupujian dipiharep masarakat bakal kahudang haténa tur tumut kana ajaran agamana.

Dina kamekaranana ieu pupujian téh geus langka dipaké. Bisa jadi fungsina ogé geus robah tina média atikan nu diutamakeunana jadi média kréatifitas seni contona baé ieu pupujian téh geus diropéa jadi lagu aliran hiphop ku Ebith Beat A.

a. **KIKD Maca jeung Aprésiasi Pupujian di Sakola**

Pikeun ngalarapkeun kagiatan maca jeung nulis guguritan di sakola kudu maluruh dasar kompetensi nu disusun dina kurikulum basa Sunda di sakola. Ieu di handap dipedar kompeténsi inti jeung kompeténsi dasar maca jeung nulis pupujian di jenjang SD/MI, SMP/MTs, jeung SMA/SMK.

1) KIKD Pangajaran Maca jeung Aprésiasi Pupujian di SD

Upama dititénan, pangajaran pupujian di SD/MI saperti kieu.

KELAS IV

KOMPETENSI DASAR	
4.1 Menerima, menghargai, dan menjalankan ajaran agama yang dianutnya	4.1.1 Menerima anugrah Tuhan Yang Maha Esa atas penciptaan bahasa Sunda sebagai bahasa daerah dan unsur budaya bangsa serta alat komunikasi masyarakat penuturnya melalui teks pupujian, striker/brosur, dongeng, deskripsi, pupuh, kawih, narasi, dan eksposisi.
4.2 Memiliki perilaku jujur, disiplin, tanggung jawab, santun, peduli, percaya diri dalam berinteraksi dengan keluarga, teman, tétangga, dan guru	4.2.1 Memiliki perilaku disiplin, tanggung jawab, dan santun dalam menjalin komunikasi dan indahnya kebersamaan menggunakan bahasa Sunda secara lisan dan tulis melalui teks pupujian. (Tema 1)
4.3 Memahami pengetahuan faktual dengan cara mengamati dan mencoba, mendengar, melihat, membaca, serta menanya berdasarkan rasa ingin tahu secara kritis tentang dirinya, makhluk ciptaan Tuhan dan kegiatannya, dan benda-benda yang dijumpainya di rumah, sekolah, dan tempat bermain	4.3.1 Menggali informasi tentang menjalin komunikasi dan kebersamaan dalam teks pupujian (Tema 1)
4.4 Menyajikan pengetahuan faktual dalam bahasa yang jelas dan logis dan sistematis, dalam karya yang estetis dalam gerakan yang mencerminkan anak sehat, dan dalam tindakan yang mencerminkan perilaku anak beriman dan berakhlik mulia	4.4.1 Melantunkan teks pupujian tentang menjalin komunikasi dan kebersamaan menggunakan bahasa Sunda secara lisan dan tulis. (Tema 1)

2) KIKD Pangajaran Maca jeung Aprésiasi Pupujian di SMP

Upama dititénan, pangajaran pupujian di SMP/MTs saperti kieu.

KELAS VII

KI		KOMPETENSI DASAR
7.1 Menghayati dan mengamalkan ajaran agama yang dianutnya		7.1.1 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa Sunda sebagai anugerah Tuhan yang Maha Esa sebagai sarana komunikasi melalui PAGUNEMAN, WAWARAN dan atau IKLAN LAYANAN MASYARAKAT, PANGALAMAN PRIBADI, AKSARA SUNDA, KAULINAN BARUDAK, DONGENG, SAJAK, dan PUPUJIAN.
7.2 Menghargai dan menghayati perilaku jujur, disiplin, tanggung jawab, peduli (toleransi, gotong royong), santun, percaya diri, dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam dalam jangkauan pergaulan		7.2.3 Menunjukkan perilaku jujur, tanggung jawab, dan santun dalam menggunakan bahasa Sunda untuk mengAprésiasi dan mengekspresikan DONGENG, SAJAK, dan PUPUJIAN

dan keberadaannya	
7.3 Memahami pengétauhan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahu nya tentang ilmu pengétauhan,	7.3.7 Mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis PUPUJIAN sesuai dengan kaidah-kaidahnya.
7.4 Mencoba, mengolah, dan menyaji dalam ranah konkréต (menggunakan, mengurai, merangkai, memodifikasi, dan membuat) dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/teori	7.4.7 Menafsirkan, menanggapi, dan mengekspresikan PUPUJIAN sesuai dengan kaidah-kaidahnya.

3) KIKD Pangajaran Maca jeung AprésiasiPupujian di SMA/MA/SMK

Upama dititénan, pangajaran pupujian di SMA/MA/SMK henteu kapanggih.

Maca jeung Aprésiasi Pupujian

Dumasar kana eusina pupujian téh bisa dipasing-pasing. Nurutkeun Rusyana dina Kartini, Spk. (1986:9), eusi pupujian téh aya genep golongan nyaéta:

1. Muji kaagungan Pangeran,

Conto : *Ya Allah nu sipat Rahman
ni'matna ngawalatraan
sadayana kabagian
ka nu kapir ka nu iman*

2. Salawat ka Rasulullah,

Conto : *Nun Gusti abdi sadaya
mugi Rahmat salamina
ngocor ka Nabi nu mulya
sareng ka kulawargina*

3. Du'a jeung tobat ka Allah,

Conto : *Gusti Allah Maha Suci
abdi seja pasrah diri
mugi Anjeun kersa nampi
amal jeung ibadah abdi*

4. Ménta sapaat ka Rasulullah,

Conto : *Rahmat sareng salam ka Nabi Muhammad
mugi nyalamatkeun pakewuhna pancabaya*

5. Nganaséhatan manusa sangkan ngalakukeun ibadah jeung amal soleh
sarta ngajauhan kamasiatan

Conto : *Éling-éling umat
muslimin muslimat
hayu urang salat
berjamaah di masjid
éstu kawajiban urang keur di dunya
kanggo pibekeleun urang di aherat*

6. Méré pangajaran ngeunaan agama, kayaning kaimanan, rukun Islam, fikih
ahlak, tareh tafsir Qur'an, sorof.

Conto : *Pardu wudu aya genep sadayana
hiji niat kadua ngumbah beungeutna
tilu ngumbah leungeun dua jeung sikuna
opat ngusap saeutik tina sirahna
lima ngumbah suku dua jeung muncangna
genep tartib sing puguh runtuyanana*

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar anu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan
kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna diajar.
2. Baca pedaran materi ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran Materi ajar, tuluy titénan tur bandingkeun
jeung tingkesan materi ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung
kancamitra séjénna.

E. Latihan/ Kasus /Pancén

Baca pupujian ieu di handap!

*Éling-éling umat
muslimin muslimat
hayu urang salat
berjamaah di masjid
éstu kawajiban urang keur di dunya*

kanggo pibekéléun urang di ahérat

1. Cik pék terangkeun kumaha eusi pupujiandi luhur téh?

2. Jieun pupujianméré pangajaran agama!

Panjangna paling saeutik lima pada!

3. Baca pupujian ieu! Naon eusina éta pupujian téh?

*Nun Gusti abdi sadaya
mugi Rahmat salamina
ngocor ka Nabi nu mulya
sareng ka kulawargina*

4. Cik pék terangkeun kumaha eusi ieu pupujian téh?

Hayu geura saradia
Meungpeung keur hirup di dunya
Amal keur sampeureun téa
Diahir moal sulaya

5. Cik pékbéré conto pupujian anu eusinadu'a jeung tobat ka Allah,
-
-
-

F. Tingkesan

Pupujian digunakeun pikeun mangaruhan pikiran, parasaan, jeung kalakuan manusa, di sagigireun pikeun nepikeun ajaran agama. Pupujian mangrupa salah sahiji média atikan, nu eusina ngandung rupa-rupa nasehat jeung pangajaran agama, ku cara diapalkeun. Nu mindeng ngahariringkeun pupujian sacara teu dihaja geus ngapalkeun ajaran agama. Ku kituna, pupujian ogé ngabogaan fungsi atikan. Lian ti éta, pupujian ogé dipaké geusan méré pangajaran ngeunaan bagbagan agama, nyebankeun agama Islam, jeung nepikeun do'a.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap ngawasa Sadérék kana materi ajar.

Rumus:

Jumlah jawaban anu benerna

$$\text{Tahap Ngawasa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap ngawasa materi ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap ngawasa 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun kana Kagiatan Evaluasi. Tapi, lamun tahap ngawasa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres materi dina Kagiatan Diajar IX, pangpangna materi nu can dikawasa.

KONCI JAWABAN LATIHAN/KASUS/TUGAS

Konci Jawaban Latihan/Kasus/Tugas KD 1

1. Tiori b  ehaviorisme mangrupa tiori anu ngagunakeun hubungan stimulus-r  spon jeung nganggap siswa t  h individu anu pasif. Ieu tiori ini ngutamakeun evaluasi, sabab evaluasi mangrupa hiji hal penting pikeun nit  nan lumangsung henteuna parobahan tingkah laku.
2. Prinsip-prinsip Tiori B  ehaviorisme
 - a. Paripolah nyata jeung bisadiukur miboga mana nu tangtu, lain mangrupa wujud tina jiwa atawa m  ental anu abstrak
 - b. Aspek m  ental tina kasadaran anuhenteu mibogawangun fisik kudu disingkahan.
 - c. Pandangan utamana ti Watson : *overt, observable behavior*, mangrupa hiji-hijina suby  ek anu sah tina  lmu psikologi anu bener.
 - d. Dina kamekaranana, pamadegan Watson anu ekstrem ieu dimekarkeun deui ku para b  ehaviorist ku cara ngajembaran ambahan ulikan b  ehaviorisme anu ahirna mah pandangan b  ehaviorisme jadi henteu ekstrem teuing saperti anu di  er  hkeun ku Watson, nya  ta ku ngalibetkeunana faktor-faktor internal, sok sanajan fokus kana *overt behavior* masih angger aya.
 - e. Aliran b  ehaviorisme geus nyumbangkeun metodena anu positivistik dina kamekaran   lmu psikologi.
 - f. Loba ahli anu ngabagi b  ehaviorisme kana dua periode: b  ehaviorisme awal jeung b  ehaviorisme ahir.
3. Tokoh b  ehaviorisme
 - a. Edward Lee Thorndike (1874 - 1949)
 - b. John Watson (1878 - 1958)
 - c. Clark L. Hull (1884 - 1952)
 - d. Edwin Guthrie
 - e. Burrhus Frederic Skinner (1904 - 1990)

4. Kaunggulan b  ehaviorisme

- Cocog pisan pikeun meunangkeun kamampuh anu ngabutuhkan prakt   jeung *pembiasaan* anu miboga unsur-unsur saperti *kecepatan, spontanitas, kelenturan, r  efl  eks*, jeung *daya tahan*.
- Mampu ngabingbing siswa supaya henteu mikir lini  r, konv  erg  n, kr  atif, jeung produktif.
- Ngabingbing siswa pikeunngudag targ  t, anu ahirna ngajadikeun siswa b  ebas ngalakukeun kr  asi jeung imajinasi.

Kah  engk  eran b  ehaviorisme

- Pangajaran museurka guru (*teacher centered learning*), sifatna meanistik, jeung ori  ntasina ngankana hasil anubisa ditit  enanjeung diukur.
- Siswa ngan ngaregepkeun pedaran guru jeung ngapalkeun naon-naon anu diregepkeun jeung dianggap hiji cara diajar anu ef  ektif.
- Siswa (tori skinner) anu meunang hukuman, boh verbal boh fisik saperti kekecapan kasar atawapamoyok justru akibatna gor  engpikeun siswa.
- Henteubisa ngajelaskan situasi diajar kompl  eks, sabab lobavariabel atawa hal-hal anu raket patalinajeung pendidikan/diajar anu lain ngan ukur hubungan stimulus dan r  eson.
- Henteu bisa ngajelaskan alesan-alesan anunyalahkeun hubungan antara stimulus jeung r  eson jeung henteu bisa ngajawab hal-hal anu nyababkan ayana kateusaluyuan antara stimulus anu dibikeun jeung r  esponna.

5. Aplikasi b  ehaviorisme dina pangajaran gumantung kanasababaraha hal saperti: tujuan pangajaran, sifat mat  ri pangajaran, karakteristik siswa, m  dia, jeung fasilitas pangajaran anu nyampak. Tujuan pangajaran nurutkeun tiori b  ehaviorisme museur kana nambahann pangaweruh. Pangajaran anu dirancang dumasar kana tiori b  ehaviorisme nganggap pangaweruh t  eh oby  ektif, pasti, tetep, jeung henteu robah. Dina pros  s diajar, siswa dianggap obj  ek pasif anu salilana butuh motivasi jeung penguatan ti guru. sistem pembelajaranana otomatis-m  ekanis dina ngahubungkeun stimulus jeung r  eson ahirna jika saperti gaw   mesin atawa robot. Implikasi tina tiori b  ehaviorisme nya  ta kurang bisa m  er   kab  ebasan ka siswa pikeun ngalakukeun kr  asi atawa eksperim  ntasi, jeung mekarkeun kamampuanana sorangan.

Konci Jawaban Latihan/ Kasus/ Tugas KD 2

1. Aliran Nativisme mangrupa aliran anu leuwih merhatikeun kamampuh diri siswa. Faktor lingkungan dianggap kurang pangaruhnakanakamekaran siswa.
2. Prinsip-prinsip nativisme di antarana yén kamampuh saurang siswa bisa dipangaruhku (1) faktor gén ti kolotna anu ngarojong ayana hiji bakat anu muncul ti diri manusa. Contona, lamun indung bapana biduan, mangka anakna ogé boga bakat jadi biduan anu perséntase éta bakat nyanyi téh luhur mungguh ieu tiori mah; (2) Faktor kamampuh siswa nyaéta faktor anu ngajadikan hiji siswa mikanyaho poténsi anu aya dina dirina. Faktor ieu leuwih nyata sabab siswa bisa mekarkeun poténsi anu aya dina dirina. Contona, nalika aya kgiatan ékstrakulikulér pidato siswa kata pikeun miluan éta kgiatan guna mekarkeun bakat anu aya dina dirina; jeung (3) Faktor tumuwuhna budak, nyaéta faktor anu ngarojong siswa pikeun mikanyaho bakat jeung minatna dina unggal tumuwuh jeung mekarnaa sacara alami nepi ka tumuwuhna éta budak téh normal. Éta budak bakal boga sikep énérgik, aktif, jeung responsifkana kamampuhna. Sabalikna, lamun tumuwuhnaéta budak henteu normal, mangka éta budak téh moal bisa mikawanoh kana bakat jeung kamampuan.
3. Kaunggulan
 - a) Mampu ngamunculkeun bakat dirina
Ieu tiori miharep manusa bisa ngaoptimalkan bakatna, sabab ku ieu tiori hiji jalma bisa mikawanoh kana bakat dirina anu bisa dimekarkeun ku manéhna. Ku ieu hal bakal ngagampangkeun manusa pikeun mekarkeun hiji bakat anu engkéna bakal nangtukeun kamajuan dina hirupna.
 - b) Ngarojong manusa ngawujudkan dirina anu boga kompeténsi
Jadi, ku ieu tiori dipiharep unggal manusa kudu leuwih kréatif jeung inovatif dina upaya mekarkeun bakat jeung minat sangkan jadi manusa anu kompetén jeung kompetitif dina nyanghareupan tangtangan zaman kiwari anu terus leuwih ngabutuhkeun manusa unggul anu kompetén.
 - c) Ngarojong manusa dina nangtukeun pilihan
Ieu tiori miharep manusa bisa ngabogaan sikep leuwih bijaksana dina nangtukeun pilihanana, jeung lamun manusa geus nangtukeun pilihanana, mangka manéhna bakal komitmen jeung nyekel pageuh kana

pilihanana jeung bakal yakin yén hiji halanu dipilihna mangrupa anu panghadé na pikeun dirina.

- d) Ngarojong manusa pikeun mekarkeun poténsi dirina
Ieu tori nétélakeun yén anu ngajadikan manusa boga peran aktif dina mekarkeun poténsi dirina nyaéta ciri khas atawa ciri khusus jati dirina.
- e) Ngarojong manusa mikawanoh kana bakat minatna
Ku ayana ieu tiori, mangka manusa bakal gampang mikawanoh bakatna. Leuwih awal manusa mikawanoh bakatna, nyaéta manusa bakal leuwih ngamaksimalkeun bakatna supaya mekar leuwih optimal.

4. Kahéngkéran

Ieu tiori nganggap saolah-olah sifat-sifat manusia henteu bisa dirobah sabab geus ditangtuken ku sifat-sifat bawaan. Lamun bawaanana hadé , mangka bakal jadi hadé ; lamun bawanana jahat, mangka bakal jadi jahat. Jadi, sifat manusa mah permanén henteu bisa dirobah. Ieu tiori nganggap atikan jadi hiji hal anu pesimistis.

5. Larapna aliran nativisme dina pangajaran:

- ✓ Tiori nativisme kurang méré kasempétan ka guru pikeun ngarobah kapribadian siswa. Dumasar kana éta hal, pangaruh atikan atawa sakola saeutik pisan pikeun jadi hiji tinimbangan dina ngarobah siswa.
- ✓ Anu nganut aliran nativisme nganggap yén orok anu lahir geus jeung bawaanana, boh bawaan hadé boh goréng. Ku sabab kitu, hasil akhir atikan ditangtuken ku bawaanana mangsa lahir. Dumasar kana éta pamadegan, mangka hasil atikan ditangtuken ku asiswana sorangan. Ditegaskeun yén “anu jahat bakal jadi jahat; jeung anu hadé bakal jadi hadé ”. Atikan anu henteu saluyu jeung bakat katut bawaan siswa moal aya gunana pikeun kamekaranswa éta budak dina prosés diajarna.
- ✓ Pikeun nativismé, lingkungan sabudeureunana moal aya hartina sabab lingkungan atawa atikan moal boga daya jeung kakuatan dina mangaruhankamekaranswa. Anu nganut ieu aliran ngébréhkeun yénlamun budak miboga bawaan jahat, manéhna bakal jahat; jeung lamun hiji budak miboga bawaan hadé , nya bakal jadi hadé . Ieu bakat jahat jeung hadé teu henteu bisa dirobah ku kakuatan ti luar.

Konci Jawaban Latihan/ Kasus/ Tugas KD 3

1. Diajar nyaéta hiji prosés ménthal anu aktif pikeun ngahontal parobahan peripolah.
2. Prinsip- prinsip dasar tiori kognitivisme.
 - a. Pangajaran mangrupa hiji parobahan status pangaweruh.
 - b. Siswamangrupa peserta aktif dina prosés pangajaran.
 - c. Mentingkeun pola pikir peserta didik. Museur kana cara peserta didik dina nginget-nginget, meunangkeun deui jeung nyimpen informasi dina ingetanana.
 - d. Mentingkeun pangalaman diajar, nganggapyén pangajaran mangrupa prosés aktif dina diri siswa.
 - e. Ngalarapkeun *reward jeung punishment*.
 - f. Hasil pangajaran henteu ngan gumantung kana informasi anu ditepikeun ku guru,tapi ogéku cara peserta didik prosés éta informasi.
3. Kauggulan tiori kognitivisme:
 - a. Ngajadikeun siswa leuwih kréatif jeung mandiri.

Ku tiori diajar kognitif siswa ditungtut pikeun leuwih kréatif, sabab siswa henteu ngan ngaréspon jeung narima rangsangan, tapi ogé manéhna mroses informasi anu dihasilkeunana jeung mikir pikeun bisa nimukeun ide-ide jeung mekarkeun pangaweruhna. Conto kagiatan anu bisa nimbulkeun siswa leuwih mandiri nyaéta dina waktu migawé soal dipiharep siswa bisa migawé éta soal ku sorangan; siswa bisa ngagunakeun pikiranana sorangan; siswa bisa ngasah otakna; ngasah daya ingetna bari henteu gumantung kana bantuan nu séjénna.
 - b. Ngagampangkeun siswa dina nyangkem matéri ajar.
 - c. Ningkatkeun kamampuh siswa pikeun ngungkulán masalah (*problem solving*)
 - d. Tiori ieu ogébisaa ningkatkeun motivasi siswa.
4. Kahéngkérán tiori kognitivisme:
 - a. Tiori kognitivisme henteu ngawengku sakabéh tingkat pendidikan.
 - b. Sulit dipraktékkán, hususnya di tingkat lanjut.
 - c. Sawatara prinsip saperti intélégrensi sulit dicangkem jeung pamahamanana can tuntas.

- d. Ieu tiori dianggap leuwih deukeut kana psikologi diajar anak, jadinerapkeunana kana prosés diajar anak henteu babari.
5. Aplikasi tiori diajar nurutkeun kognitivisme saperti kieu.:
- a. Guru kudupaham yén siswa téh lain orang dewasa anu gampang dina prosés mikirna
 - b. Guru nyusun matéri ngagunakan pola atawa logika ti sederhana ka kompléks.
 - c. Guru nyiptakan pangajaran *bermakna*.
 - d. Guru merhatikeun bédana siswa sacara individual pikeun ngahontal hasil diajar siswa.

Konci Jawaban Latihan/ Kasus/ Tugas KD 4

1. Tiori konstruktivisme mangrupa tiori diajar anu nungtut siswa ngorongrong kagiatan diajar jeung transformasikan informasi kompléks pikeun ngawangun pangaweruh sacara mandiri jeung inisiatif.
2. Prinsip diajar nurutkeun konstruktivisme! tiori konstruktivisme nganggap yén diajar mangrupa hiji prosés; henteu museur kana hasil, ngarajong siswa sangkan mampuh ngalakukan panalungtikan, ngarajong mekarna rasa hayang nyaho sacara alami, évaluasi diajar leuwih museur kana kinerja jeung pamahaman siswa, sangat ngarajong pisan lumangsungna diajar kooperatif, loba ngagunakeun istilah nu patali jeung kognitif pikeun ngajelaskan prosés pangajaran, saperti: prédictsi, inférensi, kréasi, analisis, jst.
3. Kaunggulan tiori konstruktivisme nurutkeun Cahyo (2013) nyaéta guru lain hiji-hijina sumber diajar; siswa leuwih aktif jeung kréatif; pangajaran jadi leuwih boga ma'na; siswa mibanda kabébasa;; ngabina sikep produktif jeung percaya diri; prosés évaluasi difokuskeun kana *penilaian prose*;, jeung siswa jadi leuwih gampang paham.
4. Kahéngkéran konstruktivisme! kahéngkéran tiori konstruktivisme nyaéta dina meunangkeun informasi ngan lumangsung saarah; jeung guru henteu transfer pangaweruhna anging ngan mantuan siswa.
5. Larapna konstruktivisme dina pangajaran. Implikasi konstruktivisme dina pangajaran kabagi kana sababaraha fase.

- *Oriéntasi*, mangrupa fase anu méré kasempatan ka siswa pikeun merhatikeun jeung mekarkeun motivasi kana topik matéri pangajaran
- *Elicitasi*, mangrupa fase nu mantuan siswa pikeun ngagali ide-ide anu aya dina dirina ku cara méré lolongkrang ka siswa dina nyawalakeun atawa ngagambarkeun pangaweruh dasar atawa idena.
- *Restruksi* ide, dina ieu fasesiswanganlakukeun klarifikasi ide ku cara ngontraskueun ide-idenajeung ide jalma séjén.
- *Aplikasi* ide, dina ieu fase, ide atawa pangaweruh anugeus diwangun ku siswa perlu diaplikasikeun dina rupa-rupa situasi anu disanghareupan.
- *Reviu*, dina ieu fase siswa ngaplikasikeun pangaweruhna dina situasi anu disanghareupan sapopoéna;ngarévisi gagasanna anu kurangku cara nambahán keterangan atawaku cara ngarobah éta gagasan sina jadi leuwih lengkep.

Konci Jawaban Latihan/ Kasus/ Tugas KD 5

1. Salaku wangun basa, basa Sunda ngajanggelék minangka sistem lambang sora nu arbitrér tur dipaké ku masarakat pikeun gawé bareng, komunikasi, jeung patalimarga. Éta sistem basa téh ngawengku komponén-komponén nu miboga aturan nu tangtu sarta unggal léngkahna miboga fungsi dumasar kaédah nu silih lengkepan sangkan masarakat basa bisa komunikasi.
2. Basa Sunda disebut arbitrér sabab teu logis antara lambang sora jeung acuanna, sakarep panyaturna. Ieu hal némbongkeun yén taya hubungan nu tangtu antara unsur basa jeung nu dilambangkeunana. Najan kitu aya ogé hubungan antara lambang jeung acuan nu teu arbitrér, ilaharna disebut titiron sora (*onomatope*). Upamana kecap *bancét* muncul lantaran aya sato nu sok disada cét-cétan. Kecap *kurupuk* muncul lantaran aya kadaharan lamun didahar kukurukukan.
Sanajan hubungan antara lambang sora jeung nu lambangkeunana arbitrér, tapi éta lambang téh dina konsép nu geus tangtu mah miboga sifat konvénisional. Hartina, masarakat basa sapuk yén lambang dipaké pikeun ngawakilan konsép nu diwakilanana. Umpamana, sato nu cokorna opat nu ilahar sok ditumpakan, dilambangkeun ku sora [kuda], ku kituna

masarakat basa Sunda misalna kudu tuhu kana éta aturan. Saupama éta aturan direumpak mangka prosés komunikasi moal jalan kalayan lancar.

3. Masarakat basa téh nyaéta sakelompok jalma atawa individu anu mibanda sasaruaan atawa ngagunakeun sistem basa anu sarua dumasar kana aturan atawa norma basa.
4. Tarékah pikeun miara basa Sunda, diantarana nyaéta:
 - a. Ngayakeun rupa-rupa latihan, penataran, seminar, lokakarya, sawala, pasanggiri dina perkara ngagunakeun basa Sunda nu hadé tur bener, dimimitian ku para birokrat, para pamingpin, para guru, para dai, ibu-ibu, jeung para tokoh masarakat lianna;
 - b. netepkeun basa Sunda jadi “basa panganteur” atikan boh di sakola, luar sakola boh dimasarakat;
 - c. netepkeun basa Sunda jadi “basa resmi kadua” sajaba ti basa Indonesia dina ngalaksanakeun tugas Pamaréntah Daerah ti mimiti tingkat provinsi, tingkat kabupaten/kota, tingkat kacamatan nepi ka tingkat désa/kelurahan;
 - d. ngabantu medalna buku-buku pelajaran, modul atikan boh keur sakola, luar sakola, boh keur masarakat;
 - e. ngabelejagkeun jeung ngamangpaatkeun média massa basa Sunda, boh citak boh éléktronik;
 - f. ngagunakeun basa Sunda dina rupa-rupa aspék kahirupan masarakat (agama, ekonomi, pulitik, sosial, pendidikan, kaséhatan, lingkungan hirup, kabudayaan, pertahanan, jeung kaamanan) (titénan Bab III, Pasal 5 jeung Bab IV, Pasal 7).
5. Mungguh nu jadi sasaran éta Perda nyaéta ngawujudna:
 - a. Kurikulum pangajaran basa Sunda, boh keur di sakola boh keur di luar sakola;
 - b. kahirupan makéna basa Sunda nu leuwih hadé tur leuwih jembar;
 - c. tingkat aprésiasi para panyatur basa Sunda kana kaéndahan basana leuwih hadé; jeung
 - d. tingkat partisipasi para panyatur basa Sunda dina gerakan miara basa Sunda leuwih puguh (titénan Bab II Pasal 3).

Konci Jawaban Latihan/ Kasus/ Tugas KD 6

1. Maksud fungsi basa nyaéta peran anu dicekel ku basa minangka alat komunikasi. Fungsi basa muncul dumasar kana (1) panyatur, (2) paregep, (3) kontéks, (40 kode, jeung (5) amanat.
2. Basa Sunda miboga pancén atawa fungsi salaku: (1) lambang kareureus daerah; (2) lambang idéntitas daerah; (3) pakakas gaul di lingkungan kulawarga, jeung masarakat daerah; (4) basa panganteur di sakola dasar timimiti kelas 1 nepi ka kelas 3; (5) pangrojong basa nasional; jeung (6) pangrojong jeung pamekar kabudayaan nasional.
3. Basa Sunda téh miboga fungsi salaku pakakas gaul di lingkungan kulawarga jeung masarakat daerah, jadi unsur budaya daerah, jeung jadi wahana pikeun mekarkeun budaya daerah.
4. Pertimbangan éta lumaku kana fungsi pangajaran basa jeung sastra Sunda salaku:
 - sarana pembinaan sosial budaya regional Jawa Barat
 - sarana pikeun ngaronjatkeun pangaweruh , kapariggelan, jeung sikep dina raraga ngamekarkeun jeung ngamumule budaya
 - sarana pikeun ngaronjatkeun pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep pikeun ngahontal jeung ngamekarkeun élmu pangaweruh, téhnologi, jeung seni.
 - sarana pembakuan jeung penyebarluasan, dina makena basa Sunda ikeun rupa-rupa kaperluan
 - sarana ngamekarkeun nalar
 - sarana pikeun maham ragem rineka budaya daerah(Sunda). (Kurikulum Muatan Lokal Basa Sunda, 2004)
5. Dina Pasal 5 ayat 7 Perda No. 5 Tahun 2003 nétélakeun yén Pamaréntah dina ieu hal nyaéta Dinas Pendidikan (Disdik) pikeun ngafasilitasi kalumangsungan basa Sunda salaku basa panganteur di sakola dasar timimiti kelas 1 nepi ka kelas 3 jeung di *Taman Kanak-kanak*. Ieu hal téh mangrupa wujud tina *pengaplikasian* imbauan UNESCO tadi, dina narékahan “ngamumulé jeung mupusti basa-basa indung di dunya”. Sajaba ti éta lantaran murid sakola dasar acan nyangkem kana basa Indonesia salaku basa kaduana. Ku kituna, pangaran basa Sunda di sakola dasar bakal dipaké pakakas gaul ku barudak di lingkungan kulawarga, jeung masarakat daerah. Atikan basa Sunda mangrupa kawajiban moral pikeun masarakat Sunda.

Konci Jawaban Latihan/Kasus/ Tugas KD 7

1. Basa Sunda lulugu nyaéta basa Sunda anu geus ditetepkeun tur dijadikeun standar makéna ku masarakat urang Sunda.
2. Basa Sunda lulugu/basa Sunda baku kudu ditandaan ku: (1) stabilitas anu alus pikeun bisa nyaluyukeun jeung parobahan-parobahan kultural, jeung (2) intéléktualitas nyaéta téndénsi ka arah ungkara anu leuwih taliti, tepat jeung pasti, tatabasana leuwih sistematis jeung kabeungharan kecapna leuwih jelas jeung bener-bener keuna kana tujuan anu dimaksud, dina harti unggal kecap jeung kalimah anu digunakeun teu nimbulkeun tafsiran ganda ka pamiarsa.
3. Fungsi basa Sunda lulugu nyaéta tali mimitran, kapribadian (idéntitas) panyaturna, pananda komara, jeung raraga acuan.
4. Ari sipat nu kadua tina basa baku nyaéta *inteléktualitas*.maksudna nyaéta basa baku kudu miboga kamampuh ilmiah nu bisa ngébréhkeun prosés mikir anu ruwed tina rupining kagiatan paélmuan, téknologi, informatika, jeung patali marga masarakatna. Jaba ti éta, basa baku téh mibanda otonomi atawa wewenang pikeun tumuwuh jeung mekar di wewengkon masarakat nu makéna. Basa baku lain hiji-hijina ragam basa, ngan jadi calecer keur ragam basa séjénna. Basa baku leuwih nyoko kana ngaragemkeun jeung ngalulugukeun kaédah basa, tapi lain hartina ngakurkeun sakumna ragam basa (Sudaryat, spk. 2013).
5. Mathesius jeung B. Havranek nyebutkeun yén basa baku kudu ditandaan ku: (1) stabilitas anu alus pikeun bisa nyaluyukeun jeung parobahan-parobahan kultural, jeung (2) intéléktualitas nyaéta téndénsi ka arah ungkara anu leuwih taliti, tepat jeung pasti, tatabasana leuwih sistematis jeung kabeungharan kecapna leuwih jelas jeung bener-bener keuna kana tujuan anu dimaksud, dina harti unggal kecap jeung kalimah anu digunakeun teu nimbulkeun tafsiran ganda ka pamiarsa.

Konci Jawaban Latihan/ Kasus/ Tugas KD 8

1. Basa wewengkon atawa dialék dipaké ku masarakat di éta daerah, atawa di wewengkonna sewang-sewangan.
2. Ciri utama nu ngabédakeun basa lulugu jeung basa dialék/wewengkon, kitu deui hiji basa dialék/wewengkon jeung basa dialék/wewengkon séjénna, nyaéta lentong (intonasi) jeung kandaga kecapna.

3. Bédana fonologi basa lulugu jeung basa dialék téh dina ngucapkeun sora basa. Béda morfologis diwatesan ku ayana sistem katatabasaan anu bédá, frekuensi maorfem nu bédá, fungsina di wewengkon masarakat pamakéna, wujud fonologisna, jeung kakuatan rasa basana. Ieu téh ngalahirkeun serepan (inovasi) dina basa. Bédana semantik basa lulugu jeung basa dialék téh muncul balukar makéna kecap anyar dumasar kana robahna sora katut wangun kecapna nepi ka harti anu dikandungna robah. Bédana semantic téh ngawengku dua hal, sinonim jeung homonim.
4. Conto kandaga kecap basa Sunda **wewengkon Cirebon**:kacapeu, telengkok, gambun, kalaguding, warang.**Basa wewengkon Ciamis**:amrin, mantang, pane, sered, sanaon, tipagut, nyaneh, balabur. **Basa wewengkon Banten**:abong, alus, aran, kabubun, cawene, gembal, hewa, jamam. **Basa Wewengkon Tasikmalaya**: abi, belenik, botram/mayor, babancik, gendot, endangan, hilang, kumeli, kulinyar, olet, salut. **Basa Wewengkon Kuningan**: api, benten, cawene, ceceting, celem, ceplek, dage, endi, empan, eskan, ending, gegeh, gemet; dage saemet, gili, heheom, hahaha, ujur, ilok, pineuh atawa nare, kendi, tina ka endi, kapiak, kacapeu, kagila-gila keding, karang hulu, ka katarik, kagedé, kagugu, mungkal, meong, menit, meacak, tindi, tina endi, teoh, nembok, temenan, senteng, serewal, jenuk, bapa kolot, mungkal, dengkul, gending, néngkol, minyak keletik, minyak lantung, wangkong, ngawangkong.
5. Ragam basa atawa dialék ditangtukeun ku sababaraha faktor, diantarana faktor waktu, tempat, sosiobudaya, situasi, jeung médiana. Dumasar kana hal éta, sacara garis badag dialék dibagi jadi tilu kelompok, nyaéta (a) dialék 1; (b) dialék 2 ; jeung (c) dialék sosial.

Dialék 1

Dialék 1, nyaéta dialék anu dibalukarkeun ku kaayaan alam sabudeureun dialék éta digunakeun. Dialék 1 dihasilkeun ku dua faktor nyaéta waktu jeung tempat. Contona, basa Sunda nu dipaké di daerah Kuningan, nurutkeun sajarahna éta basa asli Kuningan sarta nurutkeun tempatna basa éta téh digunakeun di Kuningan wungkul.

Dialék 2

Dialék 2, atawa dialék regional, nyaéta basa nu digunakeun di luar daerah nu makéna. Contona basa Sunda nu digunakeun di daerah Cirebon-Sunda disebut dialék regional 1 sedengkeun basa Sunda nu digunakeundi daerah Cirebon-Jawa (Cirebon, Indramayu) disebut dialék regional 2.

Dialék sosial

Dialék sosial atawa sosiolek, nyaéta ragam basa anu digunakeun ku kelompok anu tangtu, anu ngabédakeun jeung kelompok lianna. Anu kaasup kana kelompok ieu nyaéta kelompok umur, pagawean, kagiatan, jenis kelamin, pendidikan, jste. Contona, basa atawa istilah-istilah anu digunakeun ku kaum patani.

Konci Jawaban Latihan/Kasus/Tugas KD 9

1. Sisindiran teh kaasup wangunan ngaran asli Sunda jadi hartina hasil kabinangkitan pituin urang Sunda, malah lain ngan urang Sunda wungkul tapi bangsa Indonesia (dina basa Indonesia sisindiran téh = pantun). Sisindiran nurutkeun tatabasa mah (wangunan kecap) ka asup kecap rajekan dwipurwa, asal kecapna tina sindir.
Sindir: kecap atawa omongan anu henteu langsung ka nu dimaksud (henteu togmol) tapi dibalibirkeun (ngomong malibir). Sindir sampir: ngomong ku sindir (biasana leuwih ti sakali, mindeng) sarta boga tujuan (maksud) anu kurang hade.
2. Nilik iketanana atawa wanguanna, sisindiran téh aya tilu rupa nyaéta: a) wawangsalan (bangbalikeun), b) rarakan, jeung c) paparikan.
Nilik unsur intrinsik sisindiran téh aya tilu rupa nyaéta: a) piwuruk, b) lulucon, jeung c) asmara.
3. a. *Kembang bodas buah bunder*
Ngaheruk nya pipikiran (jeruk)
b. Beulit cinggir simpay réma
Ulah lali ka sim abdi (Ali)
c. Daun tuhur na tangkalna
Ari ras ku milik diri (kararas)
d. Gedong ngambang di sagara
Ulah kapalang aya béla (kapal)
e. Nyiruan genténg cangkengna
Masing mindeng pulang anting (papantingan)

4. Conto wawangsalan bangbalikan lanjaran:
 - a. *Ngadéngébéja kitu teh kuring mah bati ngembang kudu baé, da puguh teu nyaho mimitina*
 - b. *Ih nyarita téh bet teu puguh monyet hideungna, hanas didéngékeun.*
 - c. *Na dagangan téh bet ngembang awi?*

Conto wawangsalan bangbalikan dangding dina pupuh Kinanti

*Di Cikajang aya gunung
Asa paturay jasmani
Kalong leutik saba gunung
Bawaning sumedot pikir
Kembang biru di astana
Abot pisan jeung nu asih*

5. Paparikan asal kecapna parik. Kecap parik sawanda jeung parek, anu hartina deukeut. Sora i sok roba jadi e. Seperti kecap-kecap ieu di handap. Paparikan téh ngandung harti deukeut, maksudna padeukeut sora (Padeukeut sora dina cangkang jeung sora dina eusi). Dina omongan sapopoé urang mindeng ngadéngé: Didu'akeun ku ibu, hidep téh masing parek rejeki jauh balai = deukeut rejeki

Konci Jawaban Latihan/Kasus/Tugas KD 10

1. Pupujian téh diwangun tina kecap *puji* ku jalan dirajek (rajékan dwipurwa) sarta dirarangkenan tukang-an, nu hartina nuduhkeun rupa-rupa puji atawa muji sababaraha kali. Sedengkeun disawang tina kecap barangna pupujian téh hartina rupa-rupa puji.
2. Dumasar kana eusina pupujian téh bisa dipasing-pasing. Nurutkeun Rusyana dina Kartini, Spk. (1986:9), eusi pupujian téh aya genep golongan nyaéta:
 - a. Muji kaagungan Pangeran,
 - b. Salawat ka Rasulullah,
 - c. Du'a jeung tobat ka Allah,
 - d. Ménta sapaat ka Rasulullah,
 - e. Nganasehatan manusa sangkan ngalakukeun ibadah jeung amal soleh sarta ngajauhan kamasiatan
 - f. Méré pangajaran ngeunaan agama, kayaning kaimanan, rukun Islam, fikih ahlak, taréh tafsir Qur'an, sorof.
3. Rusyana dina Kartini, Spk. (1986:9) netelakeun yén sumebarna agama Islam di Pajajaran dina taun 1522, nyaéta kalamangsa palabuhan Banten kajojo ku

sudagar Islam, sabada Malaka ragrag kana kakawasaan Portugis taun 1511, di Pula Jawa ngadeg karajaan Islam.

4. (Dumasar tahapan sakola)
5. (dumasar tahapan sakola)

Konci Jawaban Latihan/Kasus/Tugas KD 11

1. Eusina ngajak éling ka Nu Maha Agung
2. *Pardu wudu aya genep sadayana
hiji niat kadua ngumbah beungeutna
tilu ngumbah leungeun dua jeung sikuna
opat ngusap saeutik tina sirahna
lima ngumbah suku dua jeung muncangna
genep tartib sing puguh runtuyanana*
3. Salawat ka Rasulullah,
4. Eusi éta pupujian nyaeta nganaséhatan manusa sangkan ngalakukeun ibadah jeung amal soleh sarta ngajauhan kamasiatan
5. *Gusti Allah Maha Suci
abdi seja pasrah diri
mugi Anjeun kersa nampi
amal jeung ibadah abdi*

ÉVALUASI

1. Lingkungan sabudeureunana euweuh hartina sabab lingkungan teu boga daya dina mangaruhan kamekaran siswa. Pernyataan éta mangrupa anggapan tiori
 - a. nativisme
 - b. behaviorisme
 - c. kognitivisme
 - d. konstruktivisme
2. Pernyataan anu henteu kaasup kana prinsip nativisme.
 - a. Atikan siswa anu henteu luyu jeung bakatna moal aya gunana pikeun kamekaran siswana sorangan.
 - b. "Inti" pribadi (G.Leibnitz; Monad) anu ngarojong manusa pikeun ngawujudkeun diri, nangtukeun pilihan jeung kahayangna sorangan, jeung nempatkeun manusa jadi makhluk aktif anu miboga kahayang anu bébas.
 - c. Kamekaran siswa ditangtukeun ku lingkungan/atikan jeung bawaan ti mimiti lahir.
 - d. Ieu tiori miharep unggal manusa leuwih kréatif jeung inovatif dina upaya mekarkeun bakat jeung minat sangkan jadi manusa anu kompetén jeung kompetitif.
3. Tokoh anu ngébréhkeun yén anu bawaanana goréng bakal jadi goréng; anu bawaanana hadé jadi hadé, tanpa pangaruh lingkungan nu aya.
 - a. G.Leibnitz
 - b. Arthur Schopenhaur
 - c. Monad
 - d. Noam Chomsky
4. Pernyataan mana anu henteu kasup kana faktor anu mangaruhan kamampuh hiji individu?
 - a. Faktor génétik
 - b. Faktor kamampuh siswa
 - c. Faktor tumuwuhnaividu
 - d. Faktor sosial

5. Pernyataan anu kaasup kana kaunggulan nativisme?
 - a. Henteu mampuh ngamunculkeun bakat dirina
 - b. Ngarojong manusa ngawujudkan dirina anu kompetén
 - c. Mahing manusa nangtukeun pilihan
 - d. Sifat manusa mah permanén henteu bisa dirobah.
6. Tiori diajar anu dimekarkeun dina abad ke-20
 - a. Nativisme
 - b. Kognitivisme
 - c. Behaviorisme
 - d. Konstruktivisme
7. Pernyataan mana salah nurutkeun kognitivisme?
 - a. kgiatan diajar téh saukur stimulus jeung respons anu sifatna mékanistik.
 - b. kgiatan diajar ogé ngalibetkeun kgiatan méntal anu aya dina diri individu anu keur diajar.
 - c. diajar nyaéta hiji prosés méntal anu aktif pikeun ngahontal parobahan peripolah.
 - d. diajar nyaéta ngasosiasikeun aspék-aspék kognitif jeung persépsi pikeun meunangkeun pamahaman.
8. Pernyataan mana anu henteu saluyu jeung pamadegan Piaget?
 - a. kamekaran kognitif mangrupa hiji prosés génétique nyaéta prosés anu dasar pamikiranana tina mékanisme biologis atawa kamekaran sistem saraf.
 - b. Tiori diajar *cognitive-development* nganggap yén prosés mikir téh leuwih mangrupa kgiatan gradual ti batan fungsi intéléktual kongkrit. Nurutkeun ieu tiori,
 - c. diajar ngawengku tilu tahapan nyaéta:*asimilasi*, *akomodasi*, *jeungequilibrası*.
 - d. prosés diajar henteu kudu disaluyukeun jeung tahap kamekaran kognitif anu kaalaman ku siswa.
9. Prosés diajar anu kaalaman ku saurang siswa téh béda dina tahap nu hiji jeung tahap séjénna. Sacara umum, beuki luhur tingkat kognitif hiji siswa mangka beuki sistematis jeung beuki abstrak cara mikirna. Ku sabab kitu, guru kudu maham kana tahap-tahap kamekaran kognitif siswana dina

nepikeun matéri , metode, jeung media pangajaranana. Ieu pernyataan téh mangrupa pamadegan anu diébréhkeun ku

- a. Jerome Bruner
- b. Piaget
- c. David Ausubel,
- d. Jerome Bruner

10. Anu kaasup kaunggulan kaunggulan kognitivisme?

- a. Ngajadikeun siswa henteu kréatif jeung mandiri
- b. Nyulitkeun siswa dina nyangkem matéri ajar.
- c. Ningkatkeun kamampuh siswa pikeun ngungkulan masalah (*problem solving*)
- d. Kurang bisa ningkatkeun motivasi siswa.

11. Salah sahiji filsafat pangaweruh anu inti pamadeganana nganggap yén pangaweruh téh nyaéta jieunan manusa sorangan anu mangrupa hasil konstruksi kognitif ngaliwatan kagiatan individu ku cara nyieun struktur, katégori, konsép, jeung skéma anu diperlukeun pikeun ngawangun éta pangaweruh.

- a. nativisme
- b. bélaviorisme
- c. kognitivisme
- d. konstruktivisme

12. Modél diajar discovery learning pangteu cocogna diaplikasikeun dina tiori diajar nurutkeun

- a. nativisme
- b. bélaviorisme
- c. kognitivisme
- d. konstruktivisme

13. Struktur organisasi kognitif anu salilana mekarjeungrobah disebut

- a. asimilasi
- b. akomodasi.
- c. Skémata
- d. Kasaimbangan

14. Budak bisamikir sacara logis ngeunaankajadian-kajadian konkrét
- Formal operational*
 - Concerete operational*
 - Operational*
 - Sénsorimotor*
15. "... yén prosés diajar bisa lumangsung nalika siswa rancagé atawa diajar migawé pancén-pancén anu can diulik ku manéhna, tapi éta pancén-pancén téh masih aya dina hontalan kamampuh siswa atawa éta pancén-pancén téh masih aya dina *zone of proximal development.*" Ieu pamadegan téh diébréhkeun ku
- Vygotsky
 - Skinner
 - Calr. R. Gogér
 - Bruner
16. Anu henteu kaasup kalungguhan basa Sunda nurutkeun kacindekan Seminar Politik Bahasa Nasional 1975 di Jakarta, nyaéta....
- lambang kareueus daerah
 - lambang jatidiri daerah
 - pakakas atawa alat gaul di kulawarga jeung masarakat daerah
 - pakakas pikeun mekarkeun budaya nasional
17. Beungkeutan unsur-unsur nu silih deudeul jeung silih lengkepan dumasar kana aturan anu tangtu pikeun ngahontal hiji tujuan disebut....
- sistem
 - arbitré
 - simbolis
 - konvénisional
18. Basa miboga unsur-unsur nu dumuk pola-polana tur bisa diramalkeun. Aturan dina sistim basa téh aya sipat patali unsur-unsurna linéar atau horizontal (*sintagmatis*); aya ogé sipatna patali antarunsurna vértikal (*paradigmatik*). Hal éta disebut
- simbolis
 - morfemis
 - unik
 - sistemis

19. Ragam basa nu digunakeun ku masarakat dina tempat jeung waktu nu tangtu, disebut....
- Dialék
 - Idiolék
 - Sosiolék
 - Kronolék
20. Prosés robahna kecap ku cara ngaganti wongun dasar sagemblengna nepi ka hasilna mangrupa wongun anyar anu bédha tina wongun dasarna. Prosés suplisi téh dina basa kosta mah tumerap kana parobahan wongun basa ku ayana gejala waktu. Ari dina basa Sunda mah sigana ku ayana parobahan kasar jadi lemes. Contona:
- baju jadi raksukan
 - huntu jadi waos
 - méré jadi masihan
- Hal samodél kitu téh disebutna prosés....
- parobahan jero
 - parobahan engang panungtung
 - suplisi
 - asimilasi
21. Ciri utama nu ngabédakeun basa lulugu jeung basa dialék/wewengkon, kitu deui hiji basa dialék/wewengkon jeung basa dialék/wewengkon séjénna, nyaéta...
- lentong (intonasi)
 - fonem
 - morfem
 - sémantik
22. Tingali conto di handap.

Basa Lulugu	Basa Wewengkon
Di ditu	Na ditu
Di dieu	Na dieu
Manéh	Nyanéh
Kamar	Kamer
Ganas	Danas
Surabi	Sorabi

- Nu ngabédakeun conto-conto di luhur nyaéta aspék
- Kandaga kecap
 - Intonassi
 - Fonologi
 - Sémantik
23. Anu henteu kaasup conto béda morfologis ...
- lempor sok jadi lelempor
 - ténong sok jadi téténong
 - alem sok jadi aleman
 - lieur = menit
24. Amrin, mantang, pané, séréd, sanaon, tipagut, nyanéh. Éta kaasup conto basa dialék ...
- Banten
 - Tasikmalaya
 - Ciamis
 - Kuningan
25. Anu kaasup basa Sunda dialék Kuningan, nyaéta...
- kacapeu, telengkok, gambun, kalaguding, warang
 - amrin, mantang, pané, séréd, sanaon
 - celem, ceplek, endi, empan, éskan
 - belenik, botram, mayor, babancik, géndot
26. Salah sahiji kaparigelan ngagunakeun basa anu mangrupa hiji kagiatan produktif aktif.
- ngaregepkeun
 - nyarita
 - maca
 - nulis
27. Guna Nulis anu dominan ngébréhkeun prosés kréatif.
- nu nulis bisa nyaho kana kamampuh nulisna sorangan
 - nulis bisa mekarkeun ide-ide/gagasan-gagasanana
 - nu nulis kalatih dina néangan informasi nu saloba-lobana
 - nu nulis bisa ngajéntrékeun masalah-masalah nu can jéntré

28. Tulisan atawa karangan anu eusina ngébréhkeun lumangsungna peristiwa atawa kajadian, boh nyata, boh rékaan.
- narasi
 - déskripsi
 - éksposisi
 - arguméntasi
29. Dongéng, novel, carita pondok, biografi, skétsa, jsté. Kaasup wangu karangan
- wawaran
 - narasi
 - laporan
 - déskripsi
30. Karangan anu eusina ngébréhkeun kagiatan indra (panempo, pangdéngé, pangrasa, panyabak, pangambeu) minangka hasil pangalamanana. Karangan déskripsi ngagambarkeun objék sajéntré-jéntréna.
- dongéng
 - narasi
 - déskripsi
 - éksposisi
31. Tahap nulis téh aya dua. Kahiji, tahap nandeskeun ide. Kadua, tahap nuliskeun ide.
- Tahap anu munggaran dina nandeskeun ide nyaéta
- Nangtukeun topik
 - Nangtukeun bahan karangan
 - Nyieun bagan karangan
 - Nangtukeun tujuan ngarang
32. Salah sahiji nu ngagunakeun variabel hubungan antara stimulus jeung réspon pikeun ngajelaskeun ahli diajar nya éta
- Clark L Hull
 - John Watson
 - Edward Lee Thorndike
 - Edwin Guthrie

33. Ieu di handap aya kaunggulan b héaviorisme, **iwal**

- a. Cocog pisan pikeun meunangkeun kamampuh anu ngabutuhkan prakték jeung *pembiasaan* anu miboga unsur-unsur saperti *kecepatan, spontanitas, kelenturan, réfléks*, jeung *daya tahan*.
- b. Mampu ngabingbing siswa supaya henteu mikir liniér, konvérge, kréatif, jeung produktif.
- c. Ngabingbing siswa pikeunngudag targét, anu ahirna ngajadikeun siswabébasngalukeun kréasi jeung imajinasi.
- d. Pangajaran museurka guru (*teacher centered learning*), sifatnameanistik, jeung oriéntasina ngankana hasil anu bisa di titénanjeung diukur.

34. Kahéngkéran tiori nativisme nya éta

- a. Ngarojong manusa dina nangtukeun pilihan
- b. Ngarojong manusa pikeun mekarkeun poténsi dirina
- c. Ngamunculkeun anggapan yén atikan jadi hiji hal nu pesimistis
- d. Mampu ngamunculkeun bakat dirina

35. *Kacang kandel gégébéngan*

Gararing dina jajaran

Lamun resep nyéngcéléngan

Sok ginding dina lebaran

Di luhur mangrupa conto...

- a. Paparikan
- b. Wawangsalan
- c. Sisindiran
- d. Pantun

36. *Kembang bolas buah bunder*

Ngaheruk nya pipikiran

Wawangsalan di luhur, eusina nyaéta...

- a. ali
- b. simeut
- c. jeruk
- d. kapal

37. Wawangsalan ieu di handap, eusina...

Beulit cinggir simpay réma

Ulah lali ka sim abdi

- a. jeruk
- b. kapal

- c. ali
 - d. simeut
38. *Samping kageutahan dukuh
Dikelab dikacaikeun
Nu matak manéh sing kukuh
Papatah guru imankeun
Paparikan di luhur kaasup....*
- a. Piwulang
 - b. Asmara
 - c. Birahi
 - d. Iulucon
39. *Sabab urang bakal mati,
Nyawa dipundut ku Gusti,
Najan raja nyakrawati,
Teu bisa nyingkahan pati.*
- Eusi pupujian di luhur nyaéta....
- a. Sakabéh raja bakal paéh
 - b. Raja téh jalma nu nyakrawati
 - c. Piwuruk ka urang sangkan eling
 - d. Sakabéh jalma pasti keuna ku pati
40. Nilik kana eusina, pupujian téh bisa mangrupa....
- a. pahlawan
 - b. Taréeh
 - c. Sésébréd
 - d. Sungkeman
41. Pék baca ieu pupujian!
*Gusti urang sarééa,
Kanjeng nabi anu mulya,
Muhammad jenenganana,
Arab Qurés nya bangsana.*
- Eusi pada pupujian di luhur nyaritakeun...
- a. Asal-usul Nabi Muhammad
 - b. Nyaritakeun Gusti Alloh
 - c. Urang Arab
 - d. Masarakat Arab
42. *Eling-éling dulur kabéh,
Ibadah ulah campoléh,
Beurang peuting ulah waléh,*

Bisina kaburu paéh.

Pupujian di luhur mibanda ciri-ciri wangun jeung eusi ieu di handap, iwal:

- a. Sapadana aya opat padalisan
- b. Sapadalisan diwangun ku 8 engang
- c. Ditepikeun ku cara dinadomkeun.
- d. Eusina piwuruk sangkan éling

43. *Éling-éling dulur kabéh,*

Ibadah ulah campoléh,

Beurang peuting ulah waléh,

Bisina kaburu paéh.

Pupujian di luhur mibanda ciri-ciri wangun jeung eusi ieu di handap, iwal:

- a. Sapadana aya opat padalisan
- b. Sapadalisan diwangun ku 8 engang
- c. Ditepikeun ku cara dinadomkeun
- d. Eusina piwuruk sangkan éling

44. "Di Cikajang aya gunung, asa paturay jasmani." Eusi nu merenah éta wawangsalan nya éta...

- a. Cikuray
- b. Paturay
- c. Papandayan
- d. Manglayang

45. Baca pupujian ieu di handap!

Kaduhung kaliwat langkung

Tara nyembah ka Yang Agung

Sakarat nyeri kalangkung

Jasadna teu meunang embung.

Jejer eta pupujian teh nyaritakeun

- a. Perkara kaduhung
- b. Perkara kanyeri
- c. Perkara maot
- d. Perkara ibadah

46. Baca conto wangn ugeran ieu di handap!

Melak bawang henteu jadi

Katindihan tangkal kaso

Mun engkang cinta ka abdi

Pasihan keur meser baso.

Wangun ugeran eta kaasup conto

- a. Wawangsalan
- b. Rarakitan
- c. Bangbalikan lanjaran
- d. Paparikan

47. Baca puisi di handap!

Mugi Gusti ngahampura

Dosa abdi sadayana

Mun ngahampura

Kantenan Gusti ahlina

Naon anu jadi eusi eta pupujian?

- a. Pepeling
- b. Du'a
- c. Pangajaran agama
- d. Tobat ka Gusti

48. Teu beunang ditiwu leuweung

Teu beunang dipikasono.

Wangsalna nyaeta

- a. Kaso
- b. Kawung
- c. Jagong
- d. Manjah

49. Cangkang: ...

Wangsal: (simeut)

Eusina: teu beunang dipikameumeut.

- a. Teu beunang dibebenjokeun
- b. Tu beunang dihirang sawah
- c. Teu beunang disupa dulang
- d. Teu beunang diopak kembung

50. Mana anu salah ngeunaan pupujian?

- a. Wangun pupujian salilana opat jajar.
- b. Sajajarna dalapan engang.
- c. Wangunna lolobana sair.
- d. Langka dibaca digalantangkeun.



PPPPTK TK DAN PLB BANDUNG

© 2016

PANUTUP

Sadérék geus réngsé ngulik sabelas Kagiatan Diajar dina modul Basa Sunda Tahap II. Tina sabelas kagiatan diajar téh, gurat badagna mah ngawengku dua widang, nyaéta widang pédagogik jeung widang profésional. *Kahiji*, widang pédagogik nyoko kana opat matéri utama, nyaéta (1) tiori jeung prinsip-prinsip diajar nurutkeun bέhaviorisme, (2) tiori jeung prinsip-prinsip diajar nurutkeun nativismé, (3) tiori jeung prinsip-prinsip diajar nurutkeun kognitivisme, jeung (4) tiori jeung prinsip-prinsip diajar nurutkeun konstruktivisme. *Kadua*, widang profésional nyoko tujuh matéri utama, nyaéta (5) kalungguhan basa Sunda, (6) fungsi basa Sunda salaku basa daerah, (7) ciri basa Sunda lulugu. (8) ciri basa Sunda wewengkon, (9) wangun jeung struktur sisindiran, (10) wangun jeung struktur pupujian, jeung (11) kaparigelan ngagunakeun basa: maca jeung ngapresiasi pupujian.

Ku cara ngulik modul Basa Sunda Tahap II, Sadérék dipiharep bisa nyangkem widang pédagogik nu patali jeung ammatéri matéri ajar basa jeung sastra Sunda katut cara milih jeung ngolahna; sarta widang profésional nu patali jeung ngaidentifikasi kalungguhan basa Sunda, fungsi basa Sunda salaku basa daerah, ciri basa Sunda lulugu, ciri basa Sunda wewengkon, wangun jeung struktur sisindiran, wangun jeung struktur pupujian, sarta parigel ngagunakeun basa: maca jeung nulis pupujian.

Tangtu waé ieu modul téh lain mangrupa kaweruh nu lengkep lantaran ngan salahiji Tahap tina sapuluh Tahap Modul Basa Sunda pikeun guru Basa jeung Sastra Sunda, boh tahap SD/MI, SMP/MTs., boh SMA/SMK/MA/MAK. Ieu modul Tahap II ngan dipaké pikeun guru anu teu lulus Ujian Kompeténsi Guru (UKG) dina Tahap II atawa anu geus lulus UKG dina Tahap I.

Sadérék dina ngulik ieu modul kudu tahap demi tahap. Lamun geus ngulik Kagiatan Diajar 1, Sadérék kudu migawé latihan, tuluy saruakeun jawabanana jeung konci jawaban nu geus disayagikeun dina tiap tungtung kagiatan. Kitu jeung kitu waé saterusna nepi ka réngsé Kagiatan Diajar 11. Lamun dina hiji Kagiatan Diajar can bisa ngawasa matéri, saméméh pindah kana Kagiatan Diajar satulunya, Sadérék kudu malikan deui jeung ngaderes deui éta matéri. Lamun

geus réngsé sakabéh Kagiatan Diajar 1—11, Sadérék bisa migawé soal ujian pikeun ngukur tahap Sadérék nyangkem matéri ajar.

WILUJENG!



DAPTAR PUSTAKA

- Ayatrohaedi. 1979. *Dialéktologi, Sebuah Pengantar*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Bambang Warsita. 2008. *Teknologi Pembelajaran Landasan & Aplikasinya*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Baharudin, & Esa Nur Wahyuni. 2007. *Teori Belajar dan Pembelajaran*. Yogyakarta: Ar-Ruzz Media.
- Cahyo, Agus N. 2013. *Panduan Aplikasi Tiori-Tiori Belajar Mengajar*. Yogyakarta: Diva Press.
- Dimjati dan Mudjiono. 2009. *Belajar dan Pembelajaran*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Disdik Prov. Jabar. 2013. *Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal*. Bandung: Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat.
- Haerudin, Dingding. (t.t.). "21 Februari Hari Bahasa Ibu Internasional". Artikel @ File Directory UPI.
- Haerudin, Dingding. (t.t.). Menggunakan Bahasa Sunda pada Masa Kini. Artikel @ File Directory UPI.
- Hendrayana, Dian. 2014. *Lagu Ngajadi: Kumpulan Guguritan*. Bandung: KSB Rawayan.
- <http://ismibrebes.blogspot.co.id/2015/02/makalah-tiori-belajar-nativisme.html>.
- Illahi, Moh. Takdir. 2012. *Pembelajaran Discovery Strategy dan Mental Vocational Skill*. Jogjakarta: Diva Press.
- Iskandarwasid. 1992. *Kamus Istilah Sastra*. Bandung: Geger Sunten
- Khotimah, khusnul & Ariyanti Thalib. (2012). "Kedudukan dan Fungsi Bahasa Daerah dan Bahasa Asing". [Online] tersedia di: <http://pendidikanmatematika2011.blogspot.co.id/2012/04/khusnulkhotimah.html?m=1>. Minggu, 18 Oktober 2015
- Kosasih, Dede. (2008). "Basa Sunda pikeun Panganteur Pangajaran di Sakola". Artikel @Repository UPI.
- Kridalaksana, Harimukti. 2007. *Kelas Kata dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: Gramedia.
- Merianupi. (2011). "Sajarah, Kalungguhan, jeung Fungsi Basa Sunda". [Online] tersedia di: <http://merianupi.blogspot.co.id/2011/12/sundanis.html?m=1>. Minggu, 18 Oktober 2015.
- Nurjanah, Nunuy & Yayat Sudaryat. 2010. *Matéri Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda*. Bandung: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.

- Sagala, Syaiful. 2012. *Konsép dan Makna Pembelajaran*. Bandung: Alfabéta
- Santrock, J.W. 2007. *Psikologi Pendidikan (edisi kedua)*. (Penerj. Tri Wibowo B.S). Jakarta: Kencana.
- Sudaryat 2010. *Psikolinguistik*. Bandung: JPBD FPBS UPI.
- Sudaryat, Yayat. 2007. *Tata Basa Sunda Kiwari*. Bandung: Yrama Widya.
- Sudaryat, Yayat. 2013. *Linguistik Umum (Elmuning Basa)*: Ulikan Ilmiah Basa. Bandung: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI.
- Sudaryat, Yayat. 2014. *Wawasan Kasundaan*. Bandung: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI.
- Sulistyaningtiyas, Tri. 2008. "Pemantapan Kétahanan Nsional NKRI Melalui Pendekatan Kebahasaan. (Studi Kasus: Masyarakat Perbatasan di Batam)".. *Jurnal Sosioteknologi* Edisi 13 tahun 7, April 2008.
- Suprijono, Agus. 2011. *Cooperative Learning Tiori dan Aplikasi PAIKEM*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Suyono dan Hariyanto. 2011. *Belajar dan Pembelajaran Tiori dan Konsép Dasar*. Bandung: Rosda.
- Trianto. 2007. *Modél Pembelajaran Terpadu dalam Tiori dan Prakték*. Jakarta: Prestasi Pustaka.
- Wikipedia. 2014. "Rebo Nyunda". [Online] tersedia di:
http://id.m.wikipedia.org/wiki/Rebo_Nyunda.
Minggu, 18 Oktober 2015
- Yudibrata, Karna, dkk. 2006. *Undang-Undang Dasar Negara Republik Indonesia Taun 1945*. Bandung: Kiblat Utama.
- Yulia, Mutmainah. 2008. "Pemilihan Kode dalam Masyarakat Dwi Bahasa: Kajian Sosiolinguistik pada Masyarakat Jawa di Kota Bontang Kalimantan Timur". Tesis Program Pasca Sarjana. Semarang: Universitas Diponegoro.

GLOSARIUM

basa lulugu	= (baku, standar) nyaéta ragam basa atawa dialék anu geus ditetepkeun tur dijadikeun standar maké na ku masarakat basana.
basa Sunda	= mangrupa basa kadua panggedéna salian ti basa Jawa.
basa wewengkon	= basa dialék; basa anu dipaké ku masarakat di éta daerah, atawa di wewengkonna sewang-sewangan.
béhaviorisme	= Tiori Béhaviorisme mimiti diébréhkeun ku Gage jeung Berliner ngeunaan parubahan tingkah laku anu mangrupa hasil tina pangalaman. Saterusna, ieu tiori mekar jadi aliran psikologi diajar anu mangaruhun kamekaran tiori pendidikan jeung pangajaran anu disebut aliran béhaviorisme. Ieu aliran museur kana kawangunna paripolah anu katingali tina hasil diajar. Tiori béhaviorisme anu katedlah ku model hubungan Stimulus-Responna (S-R) nempatkeun siswa dina posisi pasif.
déskripsi	= tulisan atawa karangan anu eusina nga-dadarkeun atawa ngébréhkeun kagiatan indra (panempo, pa-nguping, pangrasa, panyabak, pangambeu) minangka hasil pa-ngalamananana. Karangan déskripsi ngagambarkeun objék sajéntré-jéntréna.
dialék	= ragam basa nu digunakeun ku masarakat dina tempat jeung waktu nu tangtu.
eksposisi	= tulisan atawa karangan anu eusina nga jéntrékeun atawa nerangkeun hiji objék, kumaha prosésna, tujuanana, pikeun ngajembaran pangaweruh hiji jalma.
idiolék	= Ragam basa nu sifatna perorangan.
kognitifvisme	= tiori diajar kognitif nganggap yén “diajar mangrupa prosés mungsikeun unsur-unsur kognisi, utamana unsur pikiran, pikeun mikawanoh jeung nyangkem stimulus anu datang ti luar.” Kagiatan diajar dina diri manusa dipuseurkeun kana prosés internal mikir, nyaéta prosés ngolah informasi.
konstruktivisme	= mangrupa salah sahiji filsafat pangaweruh anu inti pamadeganana nganggap yén pangaweruh téh nyaéta jieunan manusa sorangan anu mangrupa hasil konstruksi kognitif ngaliwatan kagiatan individu ku cara nyieun struktur, katégori, konsép, jeung skéma anu diperlukeun pikeun ngawangun éta pangaweruh.

maca	= mangrupa hiji prosés ngalisankeun jeung ngahartikeun/ngama'naan basa tinulis ku cara nyangkem, napsirkeun, ngajén, sarta méré réaksi kana gagasan-gagasan nu diébréhkeun tina basa tinulis tea.
narasi	= tulisan atawa karangan anu eusina ngébréhkeun lumangsungna peristiwa atawa kajadian, boh nyata, boh rekaan. Contona: dongeng, novel, carita pondok, biografi, sketsa, jste.
nativisme	= asalna tina kecap'natie,hartina 'lahir'. Nurutkeun aliran nativisme, lingkungan sabudeureunanaeuweuhhartina sabab lingkungan teu boga daya dina mangaruhan kamekaran siswa. Ieu aliran ini nganggapyén kamekaran individu ditangtukan ku faktor bawaan waktu lahir. Ku sabab kitu, hasil atikan ditangtukan ku bakat anu dibawa mangsa lahir. Ku kituna, nurutkeun ieu aliran, hasil diajar ditangtukan ku individuna sorangan. Atikan siswa anu henteu luyu jeung bakat anu dibawa moal aya gunana pikeun kamekaran siswana sorangan.
nulis	= mangrupa hiji kagiatan produktif aktif; kagiatan ngébréhkeun eusi hate jeung pikiran ka nu séjén ku basa tinulis pikeun pakakas komunikasi anu henteu langsung.
paparikan	= Sisindiran anu biasana diwangun ku dua jajar cangkangna jeung dua jajar eusina, sora kecap-kecap dina cangkang jeung eusina dareukeut pisan.
pupujian	= karangan ugeran anu eusina ngebrehkeun kaagungan Allah SWT jeung kapunjulan Nabi Muhammad SAW sarta mangrupa salah sahiji média atikan, nu eusina ngandung rupa-rupa nasehat jeung pangajaran agama, ku cara diapalkeun.
ragam basa	= Variasi basa nu digunakeun dina situasi nu tangtu. Upamana ragam baku jeung teu baku.
rarakitan	= Salah sahiji wangun sisindiran, sarimbag jeung paparikan. Nurutkeun M.a. salmun disebut rarakitan teh pedah kecap awal dina padalisan-padalisan cangkang dipake deui atawa dibalikan deui dina padalisan eusi, nepi ka siga masang, ngarakit.
sisindiran	= Basa anu direka, lolobana murwakanti, sarta bisa dikawihkeun, aya cangkangna jeung aya eusina.
wawangsalan	= Salah sahiji wangun ugeran (puisi) buhun. Nilik kana eusina kaasup kana golongan sisindiran. Istilah sejen: bangbalikan. Wawangsalan diwangun ku dua

padalisan: padalisan kahiji mangrupa cangkang, padalisan kadua eusina. Unggal padalisan matok diwangun ku dalapan engang. Pakaitna cangkang jeung eusi ku ayana wangsal anu murwakanti jeung kecap konci anu jadi inti dina padalisan eusi.

LAMPIRAN


TOKOH-TOKOH TEORI BELAJAR BÉHAVIORISTIK



Edward Lee Thorndike
(1874-1949)


Eksperimen Thorndike

- ✓ Kucing lapar dimasukkan dlm sangkar (puzzel box), dan di luar kotak diletakkan sepotong daging.
- ✓ Kucing lapar melakukan berbagai tktk lk utk keluar dari sangkar.
- ✓ Secara tdk sengaja kucing menginjak tombol, dan pintu sangkar terbuka
- ✓ Kucing keluar dan memakan daging.
- ✓ Setelah percobaan dilakukan berkali-kali, tk lk kucing mjd makin efisien
- ✓ Hal ini berarti kucing dapat memilih respon yang berguna dan tidak berguna



Ivan Petrovich Pavlov
(1849 - 1936)


Eksperimen Pavlov



- ✓ **Classical Conditioning** (pengkondisionan atau persyaratan klasik) adalah prosés yang ditemukan Pavlov melalui percobaannya terhadap anjing,
- ✓ Perangsang asli dan netral dipasangkan dengan stimulus bersyarat secara berulang-ulang sehingga memunculkan réaksi yang diinginkan




Burrhus Frederic Skinner (1904 - 1990)



Robert Gagné (1916-2002)

Eksperimen Skinner



- ✓ Operant Conditioning: prosés penguatan perilaku operan (+/-) yg dpt berakibat perilaku berulang kbl / hilang
- ✓ Gaya mengajar guru secara searah dan dikontrol guru melalui pengulangan (drill) dan latihan (exercise).
- ✓ Manajemen kelas berupa usaha untuk memodifikasi perilaku (*béhavior modification*)

Kondisi Instruksional


1. Gaining attention = Mendapatkan perhatian
2. Inform learner of objectives = Menginformasikan siswa mengenai tujuan yang akan dicapai
3. Stimulate recall of prerequisite learning = Stimulasi kemampuan dasar siswa untuk persiapan belajar
4. Present new matéri al = Penyajian matéri baru
5. Provide guidance = Menyediakan pembimbingan
6. Elicit performance = Memunculkan tindakan
7. Provide feedback about correctness = Siap memberikan umpan balik langsung terhadap hasil yang baik
8. Assess performance = Menilai hasil belajar yang ditunjukkan
9. Enhance retention and recall = meningkatkan prosés penyimpanan dan mengingat

TOKOH-TOKOH TEORI KOGNITIF DAN KONSTRUKTIVISME



Wolfgang Kohler (1887-1959)

- ✓ *Insight*: pengamatan atau pemahaman mendadak thd hubungan antar bagian di dlm suatu situasi permasalahan.
- ✓ *Insight* ini sering dihubungkan dgn pernyataan *aha*.
- ✓ Kohler (1925) suggested that problem solving involves mentally combining and recombining various elements of a problem until a structure that solves the problem is achieved.



John Dewey
(1856-1952)
Jean Piaget
(1896-1980)



Jerome Brunner
(1915-)

- ✓ Belajar harus bersifat aktif, langsung terlibat, berpusat pada siswa (SCL = Student-Centered Learning) dalam konteks pengalaman sosial
- ✓ Kesadaran sosial menjadi tujuan dari semua pendidikan
- ✓ Guru bertindak sebagai fasilitator

- ✓ Belajar mendasari pd pengamatan yg melibatkan seluruh indra, menyimpan kesan lebih lama dan menimbulkan sensasi yang membekas pada siswa
- ✓ Prosés belajar terdiri dari 3 tahapan, yaitu *asimilasi, akomodasi, dan equilibrasi* (penyeimbangan)
- ✓ Guru memfasilitasi prosés terjadinya ketidakseimbangan (*disequilibrium*)

- ✓ Tiga tahap perkembangan kognitif anak
 - Enaktif (0 – 3 tahun),
 - Ikonik (3-8 tahun),
 - Simbolik (>8 tahun)
- ✓ Belajar : upaya membéaskan siswa untuk belajar sendiri : *discovery* (belajar dengan cara menemukan)
- ✓ Kurikulum spiral pemberian matéri dari yang sederhana sampai yang kompleks



PPPPTK TK DAN PLB BANDUNG

© 2016